



Liv 2 Sa Ou Dwe Konnen Konsènan Pwogram Sèvis Sosyal yo

Kesyon ak Repons

Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav e ou bezwen yon aplikasyon oswa eksplikasyon sa yo nan yon lòt fòma, ou ka mande yo nan distri sèvis sosyal ou. Lòt fòma ki annapre la yo disponib:

- Gwo karaktè;
- Fòma done (yon fichye elektwonik lektè-ekran ki aksesib);
- Fòma odyo (yon transkripsyon odyo sou eksplikasyon yo oswa kesyon aplikasyon yo); ak
- Braille, si ou deklare okenn nan lòt fòma yo pa bon pou ou menm jan.

Aplikasyon yo ansanm ak eksplikasyon yo disponib tou pou telechaje an gwo karaktè, fòma done ak fòma odyo nan www.otda.ny.gov oswa www.health.ny.gov. Tanpri n ap fè remake ke fòm aplikasyon yo disponib nan fòma odyo ak Braille kòm enfòmasyon sèlman. Pou aplike, ou dwe soumèt yon fòm aplikasyon alekri, ki pa lòt fòma yo. Si ou bezwen yon lòt aranjman, tanpri kontakte distri sèvis sosyal ou.

Al gade tou

LIV 1 (LDSS-4148A-HA)

"Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W ak Responsablite W"

ak

LIV 3 (LDSS-4148C-HA)

"Sa W Dwe Konnen Lè W Gen Yon Ijans"

KENBE LIV SA A POU W KA SÈVI AK LI PITA

KENBE LIV SA A POU W KA SÈVI AK LI PITA

LIS ENFÒMASYON KI NAN LIV LA

Seksyon	Paj
A ASISTANS TANPORÈ.....	2
B ASISTANS MEDIKAL	9
C LAJAN SIPÒ POU TIMOUN	21
D BENEFIS KOUPE POU ACHTE MANJE	23
E ÈD NAN PERYÒD TRANZISYON	26
F SWEN TIMOUN	27
G SÈVIS	31
H LÒT BENEFIS	35
I MOUN KI ENFIM	39
J VAKSINASYON	40
K TRANSFÈ ELEKTWONIK BENEFIS (EBT)	41

REMAKE BYEN:

Liv sa a di w plizyè jan depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ka ede w si oumenm oswa fanmi ou nan bezwen.

Tanpri sonje pwogram ak sèvis sa yo gen règleman Federal ak Leta w dwe swiv.

Se pa sa ki pou anpeche w poze kesyon sou pwogram ak sèvis sa yo lè oumenm oswa fanmi w nou bezwen èd.

SEKSYON A**ASISTANS TANPORÈ****K. Kisa Asistans Tanporè ye?**

R. Asistans Tanporè se yon èd tanporè pou gramoun ak timoun ki nan bezwen. Si w pa ka travay, si w pa ka jwenn yon travay, oswa si travay ou a pa peye w ase, Asistans Tanporè ka ede w peye pou depans ou yo. Pwogram Asistans Tanporè enkli Asistans Fammi ak Asistans Filè Sekirite.

K. Si Mwen Gen Yon Travay Oswa Si Mwen Jwenn Youn, Èske Yo Ka Toujou Ede M?

R. Ou ka jwenn Asistans Tanporè menm lè w ap travay depi kòb w ap touche a pa depase yon sèten kantite.

- Si dosye ou fèmen poutèt kòb w ap touche a depase yon sèten kantite, yo **ka toujou** ede w ak swen pou timoun epi tou ak Asistans Medikal.
- Ou kapab resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje (**Gade nan Seksyon D nan Liv sa a**, « **Benefis Koupon pou Achte Manje** ») ak Sèvis (**Gade nan Seksyon G nan Liv sa a**, « **Sèvis** »).
- Si w jwenn yon travay, ou fèt pou avize sou 10 jou, anplwaye depatman sèvis sosyal lokal k ap travay sou dosye w la.

K. Èske Yo Ka Ede M Jwenn Yon Travay?

R. Lè w jwenn oswa ou aplike pou Asistans Tanporè ak/oswa Benefis Koupon pou Achte Manje, yo ka ede w ak:

- Sèvis chèche travay oswa sèvis plasman nan travay pou ede w jwenn yon travay
- Sèvis preparasyon travay pou ede w obteni aptitud ou bezwen pou jwenn yon travay
- Edikasyon, sitou si w pa fini lekòl segondè oswa si w pagen yon diplòm ekivalans lekòl segondè (G.E.D.)
- Fòmasyon
- Swen timoun, pou w sa travay, patisipe nan aktivite travay oswa edikasyon oswa pwogram fòmasyon ke depatman sèvis sosyal lokal la apwouye
- Transpò ak lòt depans ki gen rapò ak travay ki nesesè pou w patisipe nan aktivite travay yo deziyen ba ou

K. E Si Mwen Gen Yon Ijans Epi Mwen Bezwèn Èd Touswit?

R. Ou ka jwenn èd touswit. Ou fèt pou di travayè sosyal la ou kwè w gen yon ijans.
(Gade nan Liv 3 (LDSS-4148C) « Sa W Dwe Konnen Lè W Gen Yon Ijans ».)

K. Ki Kalite Depans Asistans Tanporè Ap Ede M Peye?

- Depans pou manje ak rad
- Depans pou lwave ak ipotèk kay
- Chofaj, gaz, kouran, dlo ak lòt sèvis publik
- Lòt bezwen espesyal tankou:

- Manje

Ou ka jwenn yon lajan anplis pou manje nan restoran oswa pou manje yo pote lakay ou si w pa ka kwit manje lakay ou.

- Gwosè

Si w ansent, ou ka jwenn yon lajan anplis. Ou ka jwenn kòb sa a apatide lè w gen kat (4) mwa gwosè a jiskaske ou fè pitit la, si w bay **travayè sosyal k ap travay sou dosye w la** yon papye doktè. Papye doktè a dwe fè konnen ou ansent epi li dwe bay dat tibebe a gen pou l fèt la. Ou pa ka jwenn kòb anplis sa a pou okenn mwa si ou pa bay travayè sosyal la papye doktè a.

- Sèvis transpò ak lòt sèvis sipò ki gen rapò ak travay

Li posib ke w ka jwenn èd nan transpò oswa lòt depans ki gen rapò ak travay, ki nesesè pou w patisipe nan aktivite yo ba w fè yo. Pa egzanp, si w ap patisipe nan yon pwogram edikasyon oswa nan yon fòmasyon ke deputman sèvis sosyal lokal la apwouve, ou ka jwenn èd ak sèten depans, tankou swen timoun, transpò, rad travay, ki nesesè pou w patisipe nan aktivite yo apwouve a. (**Gade Kesyon, « Èske Mwen Ka Jwenn Èd Anplis Lè Mwen Patisipe nan Kou Fòmasyon oswa Edikasyon? » ki nan liv sa a.**)

- Lojman ak Atik Menaje

Ou ka jwenn èd pou nenpòt sa ki ekri pi ba a:

- (1) Pou anpeche yo mete w deyò nan kay la oswa pou w peye lwaye, ipotèk oswa taks ou te dwe depi yon bon bout tan anvan ou te aplike pou Asistans Tanporè
- (2) Si w dwe kite kote w rete a, ou ka resevwa èd pou:
 - Mete mèb ou oswa afè pèsonèl ou nan depo
 - Lajan pou peye koutye oswa moun ki jwenn kay la pou ou
 - Lajan pou depoze kòm sekirite pou lwaye oswa yon akò pou sekirite pou lwaye
 - Depans pou demenaje
- (3) Reparasyon bagay ou bezwen nan kay la tankou aparèy chofaj, fou oswa frijidè
- (4) Yo ka ede w achte mèb ak lòt bagay ou bezwen nan kay la si:
 - Yon manm nan fanmi an tounen lakay li lè li fin soti nan yon enstitisyon oswa nan kay ki tap ba li swen.
 - Ou dwe demenaje pou rezon sante oswa sekirite epi ou pa ka jwenn yon apatman oswa yon kay ki tou meble.
 - Ou bezwen bagay sa yo pou ranje kay ou.
- (5) Si w posede pwòp kay pa w, yo ka ede w repare l pou li pèmet ou viv an sante ak an sekirite.
- (6) Si w pèdi mèb ou oswa rad ou nan yon dife, nan yon inondasyon oswa nan lòt katastròf natirèl, yo ka ede w ranplase bagay sa yo oswa rad ou yo.

REMAK: Piò moun ki ka jwenn Asistans Tanporè va resevwa Asistans Medikal ak Benefis Koupon pou Achte Manje tou, si yo mande pou yo.

K. Kisa Pwogram Asistans Tanporè Yo Ye?

- R. 1. **Asistans pou Fanmi** bay Asistans Tanporè ba fanmi ki nan bezwen e ki kalifye yo, ki gen yon timoun minè k ap viv avèk yon paran (sa enkli fanmi kote toude paran yo nan kay la) oswa yon fanmi k ap okipe timoun nan. Yo bay sèvis sa a dapre prensip federal pou Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families: TANF). Nan Asistans pou Fanmi, grammoun ki kalifye yo ka resevwa benefis pou yon limit 60 mwa antou pandan tout lavi yo. Nan limit 60 mwa antou sa a, yo kontwole mwa yo te resevwa lajan asistans TANF nan lòt eta tou. Yo kontwole mwa ou te resevwa lajan kach nan pwogram Asistans Filè Sekirite (#2 pi ba a) nan limit 60 mwa pandan tout lavi a tou. Dèke limit la atenn, grammoun nan ak tout moun ki nan kay la k ap resevwa Asistans pou Fanmi an vin pa kalifye pou resevwa lòt benefis Asistans pou Fanmi ankò. Mwa sa yo pà oblige swiv youn apre lòt, men yo kalkile chak gress mwa nan lavi yon moun kote li te resevwa benefis TANF (oswa lajan kach nan pwogram Asistans Filè Sekirite). Yo komanse konte limit 60 mwa sa a nan mwa desanm 1996.

Chak moun k ap aplike oswa k ap resevwa Asistans pou Fanmi, oblige tou pou l kolabore ak bòn entansyon avèk distrik sèvis sosyal Leta ak lokal la, pou etabli patènité yon timoun ki fèt andeyò maryaj, defason pou lokalize nenpòt paran ki absan oswa moun yo sipoze ki se papa a, lè y ap etabli, modife ak ranfòse lòd tribinal pou sipò; epitou pou yo sa obtensi peman pou sipò oswa nenpòt lòt peman oswa pwopriyete; antanke yon kondisyon anplis pou kalifikasyon Asistans pou Fanmi. Si w pa kolabore san rezon valab, sa a ka fè yo redwi benefis Asistans pou Fanmi ou resevwa.

2. **Asistans Filè Sekirite**

Si ou pa kalifye pou lòt pwogram asistans yo, ou ka toujou kalifye pou Asistans Filè Sekirite.

Asistans Filè Sekirite a se pou:

- grammoun ki pa marye,
- koup ki pagen pitit
- timoun ki p ap viv ansanm ak okenn grammoun ki se fanmi yo
- fanmi moun yo dekouvrir k ap abize dwòg oswa alkòl

- fanmi moun ki refize kontwòl, evaliyasyon, tretman pou dwòg ak alkòl
- moun ki depase limit 60 mwa pou asistans lan
- etranje ki kalifye pou Asistans Tanporè a, men ki pa kalifye pou ranbousman federal.

Anjeneral, ou ka resevwa Asistans Filè Sekirite sou fòm lajan kach pandan dezan (2 an) omaksimòm pandan lavi w. Yo kòmanse konte tan limit sa a an out 1997. Apresa, si w kalifye pou Asistans Filè Sekirite, yo pral ba ou I sou yon lòt fòm ki pa lajan kach, pa egzant yon chèk yo emèt pou de moun oswa yon bon. Anplis, gen Asistans Filè Sekirite ki pa lajan kach pou:

- fanmi moun k ap abize dwòg oswa alkòl
- fanmi moun ki refize kontwòl, evaliyasyon, tretman pou dwòg ak alkòl
- fanmi ki gen yon granmoun ki depase limit 60-mwa a nan asistans pou tout vi yo.

REMAK: Moun k ap aplike pou oswa ki resevwa Asistans Tanporè oblige patisipe leplito ke posib nan aktivite travay depatman sèvis sosyal la deziyen an. Moun yo detèmine ki egzante de obligasyon pou travay akoz kondisyon medikal ka gen pou patisipe nan yon pwogram tretman oswa nan lòt sèvis ki ka re-establi oswa amelyore kapasite pou yo travay. Si w pa swiv obligasyon pou travay yo, volontèman ak san rezon valab, sa ka lakozi yo redwi oswa sispann Benefis Asistans Tanporè ak/oswa Koupon pou Achte Manje yo.

K. Kouman Pou M Aplike Pou Asistans Tanporè?

R. Si w ap viv andeyò Vil Nouyòk, rele oswa ale nan depatman sèvis sosyal lokal la epi mande pou yo ba w yon pakè aplikasyon. Si w rete nan Vil Nouyòk, rele oswa ale nan Sant Sipò pou Revni/Sant Travay ki nan zòn ou an. Ou fèt pou ranpli Aplikasyon an epi remèt li. Sonje byen, ou ka remèt (**anregistre**) Aplikasyon an menm jou ou pran I lan.

K. Kisa Ki Rive Lè M Aplike Pou Asistans Tanporè?

R. Y ap rfè yon entèvyou ak ou pou wè si yo ka ba w Asistans Tanporè a. Yo pral mande w pou bay prèv sou sèten bagay. (**Gade nan Liv 1 (LDSS-4148A) « Sa Ou Dwe Konnen Sou Dwa W ak Responsabilite W. »**)

Yo ka mande w patisipe nan yon entèvyou pou konnen ki kalite travay ou ka fè. Nou ka diskite tou sou aktivite ak sèvis yo, ki enkli edikasyon ak aktivite fòmasyon ki disponib, ki ka ede w jwenn yon travay.

Pandan entèvyou a, y ap poze w kesyon:

- Sou edikasyon ou, fòmasyon ou ak travay ou te konn fè anvan
- Sou kalite travay ou ka fè, ak kalite travay ou pito fè
- Pou nou pale epi mete tèt nou dakò sou yon plan travay ki fèt pou ou
- Sou sèvis swen pou timoun ak lòt sèvis ki gen rapò ak travay, tankou transpò, ke w ka bezwen pou patisipe nan aktivite travay yo, ki enkli anplwa

Amwenske depatman sèvis sosyal lokal la detèmine ou egzante pou patisipe nan obligasyon travay yo, ou fèt pou patisipe nan aktivite travay depatman sèvis sosyal la deziyen pou w fè yo. Moun k ap aplike oswa k ap resevwa Asistans Tanporè e ki ka travay dwe kontinye ap chèche yon travay lè fini pran yon travay lè gen youn ki disponib.

K. Kisa K ap Rive Si Mwen Vle Asistans Tanporè Sèlman pou Timoun K ap Viv Ak Mwen e Ki Pa Pitit Byolojik Mwen Oswa Ki Pa Pitit Mwen Adopte?

R. Gen anpil moun ki gen timoun k ap viv ak yo ki pa pitit yo, pa egzant, yon granparan ki gen pitit pitit li k ap viv ak li, oswa yon vwazen k ap okipe pitit vwazen l yo lè paran yo pa la. Si w gen yon timoun k ap viv ak ou men ki pa pitit ou, ou ka aplike pou Asistans Tanporè (TA) pou timoun sa a. Kalite dosye TA sa a rele moun k ap okipe timoun nan ki pa paran l e li bay sibvansyon lajan kach pou yo itiize pou okipe timoun nan.

Men kèk bagay pou w konsidere si w nan sitiyasyon sa a:

- Lwa federal ak lwa leta egzije pou yo bay sèten enfòmasyon pou nenpòt moun ki nan kay k ap aplike pou TA. Sa vle di ke menmsi gen yon sèl moun nan yon kay k ap aplike, fòk li ranpli tout aplikasyon an nèt. Epitou, tout moun nan kay la ka kalifye pou Koupon pou Achte Manje, Medicaid, Swen pou Timoun oswa Sèvis. Si w ap aplike tou pou lòt pwogram, enfòmasyon w pral bay lè w ap ranpli aplikasyon an pral ede travayè sosyal la detèmine kalifikasyon w pou lòt pwogram sa yo. Sepandan, ou ka chwazi pou aplike pou Medicaid, Swen pou Timoun oswa Benefis Koupon pou Achte Manje sèlman. Epitou, si yo detèmine kay la pa kalifye pou TA pou timoun yo e w ap aplike pou Benefis Koupon pou Achte Manje ak Asistans Medikal, yo pral konsidere kalifikasyon w pou Benefis Koupon pou Achte Manje ak Asistans Medikal apa.
- Yo p ap konsidere kòb w ap touche ak resous ou yo lè y ap detèmine sibvansyon TA pou timoun w ap okipe a. Sèl lè yo pral konsidere kòb w ap touche ak resous ou yo se lè w ap aplike pou TA tou. Menm lè sa a li p ap konte kont

sibvansyon TA pou timoun w ap okipe a. Sibvansyon pou moun k ap okipe timoun ki pa paran I, baze esklizivman sou resous ak kòb timoun k ap aplike yo touche.

- W ap gen pou bay enfòmasyon sou kimoun ki abite ak ou, sou ki kote w rete ak ki depans, kòb ki rantre ak resous timoun nan genyen. Si w se yon fammi ki pa paran timoun pou ki w ap aplike a, yo pral mande w pou deklare kòb ou touche ak resous ou yo, men ou pa oblige bay prèv sou yo amwenske w ap aplike tou. Yo pral mande w enfòmasyon sa a paske se yon egzijans federal pou distrik sèvis sosyal lokal yo pran enfòmasyon sa a.
- Ou dwe kolabore ak egzijans pwogram Ranfòsman Sipò pou Timoun nan pou kèlkeswa aplikasyon w fè pou asistans tanporè pou timoun ou(yo). Se dwa w tou pou deklare w gen yon rezon valab ki fè w pa pou swiv sipò pou timoun nan si demann pou sipò pou timoun nan ka gen yon enpak negatif sou: sante w oswa sante timoun ou(yo), sou sekirite nou oswa sou byennèt nou. Si w pè ke paran w ap eseye obtenu sèvis ranfòsman sipò pou timoun kont li a pral mete oumenm oswa timoun nan andanje, fè travayè sosyal ki okipe dosye asistans tanporè a konn sa touswit. Travayè sosyal la pral fè w konnen sa w dwe fè pou w gen yon egzansyon poutèt vyolans domestik pou w ka pa oblige swiv egzijans pou kolaborasyon nan obtansyon sipò pou timoun.

K. Si Mwen Se Moun K Ap Okipe Yon Timoun Ki Abite Ak Mwen E Timoun Sa a Se Pa Ptit Byolojik Mwen oswa Se Pa yon Timoun Mwen Adopte, E Mwen Bezwèn Èd Oswa Resous Anplis pou Timoun nan, Èske W Ka Di M Ki Kote Pou M Jwenn Yo?

R. Yo kreye pwogram Moun Aparante K ap Okipe Timoun nan Leta Nouyòk (NYS Kinship Caregiver Program) nan pou fòme yon rezo pwogram kominotè ki bay sipò nan tout eta a e ki pwomouwva estabilite nan kay ak pèmanans atravè sèvis pou moun aparante k ap okipe timoun ak fanmi yo. Pwogram nan gen ladan I 13 pwogram kominotè, ki sitiye nan differan kote nan Eta a e ki bay sèvis pou ede moun aparante k ap okipe timoun k ap elve fanmi yo. Fanmi k ap okipe paran yo enfòmèlman, paran ki se gadyan legal oswa responsab legal yon timoun, ansanm ak sa k ap bay swen aparante nan akèy familyal, kalifye pou yo resevwa sèvis nan pwogram sa yo. Pami sèvis yo ofri yo ka gen ladan yo:

- | | |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Konsèy • Enfòmasyon legal • Gwoup sipò • Swen tanporè • Konpetans parantal • Reprezantasyon onivo edikasyon | <ul style="list-style-type: none"> • Enfòmasyon sou Medicaid pou Timoun • Jesyon ka • Preparasyon bidjè ak enfòmasyon sou taks • Lojman • Referans • Enfòmasyon sou peman pou timoun sèlman |
|--|---|

Anplisdesa, gen yon 14^{yèm} pwogram, Pwogram Navigatè Aparante Leta Nouyòk (NYS Kinship Navigator Program), ki bay enfòmasyon ak sèvis referans pou ede moun k ap okipe timoun yo ak timoun y ap okipe yo. Yon moun k ap okipe timoun ki rete nenpòt kote nan Nouyòk ka rele yon nimewo pou apèl gratis oswa ale sou yon sit entènèt pou jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan konte kote I rete a oswa nan yon konte toupre. Gen espesyalis ki gen fòmasyon ki disponib pou evalye bezwen moun k ap okipe timoun nan e pou devlope yon plan aksyon. Rele nan nimewo pou apèl gratis la ki se **1-877-6463 pou Pwogram Navigatè Aparante a.**

(1-877-4KinInfo) Lendi a vandredi de 9è30 am a 4è30 pm, oswa sou entènèt nan « <http://www.nysnavigator.org/>. »

K. Kisa Kap Rive Si Mwen Aplike pou Asistans Tanporè E Mwen Panse Mwen Pa Kapab Travay Oswa Patisipe Nan Aktivite Travay Akoz Yon Kondisyon Medikal?

R. Yon moun ki aplike pou Asistans Tanporè e ki deklare li paka travay oswa patisipe nan aktivite travay paske li gen yon kondisyon medikal ka gen pou I soumèt dokiman doktè. Yo ka mande moun nan pou I patisipe tou nan yon egzamen medikal ke yon lòt doktè fè e ke depatman sèvis sosyal lokal la kowòdone pou evalye kondisyon medikal moun nan, pou idantifye nenpòt limitasyon moun sa a ka genyen e pou idantifye swen medikal, reabilitasyon oswa tretman ki ka ede re-establi oswa amelyore kapasite pou moun nan travay. Depatman sèvis sosyal lokal la pral revwa dokiman medikal ki disponib la e li va fè w konnen alekri ki desizyon li pran asavwa si w oblige patisipe nan aktivite travay (ki pa egzante oswa travay limite) oswa si w egzante de egzijans travay yo. Avi sa a pral enfòme w tou de dwa w genyen pou mande yon odyans san patipri si w pa dakò ak desizyon depatman sèvis sosyal lokal la pran an sou kapasite w pou travay oswa pou patisipe nan aktivite travay ak sou tan limit la pou w sa mande pou yon odyans san patipri.

Èske Gen Kèk Moun Ki Pa Kalifye Pou Asistans Tanporè?

R. Wi, yo pa ka bay moun sa yo Asistans Tanporè:

1. moun ki poké gen dizwit an, ki pa marye, k ap okipe yon timoun, men ki pagen ankenn timoun ki poké gen douz semenn y ap okipe, epitou ki pa fini oswa ki p ap travay pou obtenu yon diplòm lekòl segondè oswa yon diplòm lekòl ki ekivalan ak yon diplòm lekòl segondè, oswa ki p ap patisipe nan yon lòt pwogram travayè sosyal la apwouve.
2. moun tribal federal te mete nan prizon poutèt li te bay manti oswa li te fè fo papye sou adrès kote li rete a pou li te ka resevwa Asistans Tanporè nan 2 eta oswa plis. Lè ou fè sa, fòk ou tann dis ane ankò anvan pou w ka kalifye.
3. moun k ap kache pou yo pa rele yo nan tribal oswa pou yo pa mete yo nan prizon pou yon krim moun nan komèt oswa eseye komèt dapre lwa ki genyen nan lokalite kote moun nan ap eseye sove a, oswa si se nan Eta New Jersey, kote se yon enfraksyon grav dapre lwa eta sa a.

4. moun k ap vyole yon kondisyon libète pwovizwa oswa liberasyon kondisyonèl ke lwa leta oswa federal enpoze.
5. moun yon pwogram sanksyon oswa yon moun pini poutèt moun nan pa respekte kèk lwa sou kalifikasyon.

K. Èske Yo Ka Ban Mwen Asistans Tanporè Si Mwen Pa Yon Sitwayen Ameriken?

- R. Si w pa yon sitwayen ameriken, ou dwe bay dokiman ki pwouve w se yon etranje nan youn nan kategori ki ekri anba la yo pou w ka kalifye pou Asistans Tanporè (gen kèk etranje ki ka jwenn Asistans Filè Sekirite sèlman):
1. yon resòtsan ameriken (Etazini) ki pa yon sitwayen; oswa
 2. yon endyen ameriken ki fèt Kanada e ki gen omwen 50 poustan san ras endyen ameriken dapre seksyon 289 nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (Immigration and Nationality Act: INA); oswa
 3. manm yon tribi endyen jan li defini nan seksyon 4(e) nan Lwa Asistans nan Edikasyon ak Oto-Detèminasyon Endyen (Indian Self-Determination and Education Assistance Act) (25 U.S. C. 450b(e); oswa
 4. yon etranje ki refiye nan Etazini dapre sa ki ekri nan Seksyon 207 nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite; oswa
 5. yon etranje yo bay azil dapre sa ki ekri nan Seksyon 208 Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite; oswa
 6. yon etranje yo sispann depòtasyon I dapre Seksyon 243(h) nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite efektif depi anvan 1ye avril 1997, oswa ke yo te sispann anlèvman I dapre Seksyon 241(b)(3) nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite; oswa
 7. yon etranje ki rantre nan Etazini kòm Kiben oswa Ayisyen; oswa
 8. yon etranje yo aksepte kòm yon imigran Amerazyen; oswa
 9. yon etranje yo aksepte kòm yon Hmong oswa yon Lawosyen Mwayèn Montay, ki enkli mari/madanm ak timoun depandan yo; oswa
 10. yon etranje ki nan sèvis aktif nan fòs lame ameriken, oswa ki se yon veteran yo ranvwaye ak mansyon onorab, mari/madanm oswa timoun depandan yo, oswa mari ki vèf/madanm ki vèv ki pa remarye ki vivan ak timoun ki pa marye e ki sou responsabilite yon manm ki nan sèvis aktif oswa veteran ki mour; oswa
 11. yon etranje yo aksepte kòm rezidan pèmanan legal; oswa
 12. yon etranje ki nan Etazini dapre kèk kondisyon ki ekri nan Seksyon 212 (d)(5) nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite pou omwen yon ane; oswa
 13. yon etranje yo pèmèt antre nan peyi a sou kondisyon dapre Seksyon 203(a)(7) nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite, ki efektif anvan 1ye avril 1980; oswa
 14. yon etranje ki sibi abi fizik oswa gwo mechanste nan men yon manm fanmi I nan peyi Etazini e ki satisfè sèten lòt kondisyon; oswa
 15. yon etranje ki sibi yon fòm grav Trafik Moun dapre Lwa Pwoteksyon Victim Trafik ak Vyolans ane 2000; oswa
 16. yon etranje ke nou pa liste pi wo a ke yo konsidere kòm yon moun k ap rezide anpèmanans nan peyi Etazini dapre Koulè Lalwa (Color of Law: PRUCOL), ki enkli:
 - a. yon etranje ki nan Etazini dapre kèk kondisyon pou mwens pase yon ane;
 - b. yon etranje k ap viv nan peyi Etazini selon yon Lòd Sipèvizon dapre Seksyon 241(a)(3) nan INA;
 - c. yon etranje yo akòde anilasyon anlèvman dapre Seksyon 240A nan INA;
 - d. yon etranje yo akòde yon kondisyon difere, ki retade depa yo;
 - e. yon etranje yon akòde yon viza « K3 » oswa « K4 » etabli anba Lwa Imigrasyon sou Ekite Familyal Legal (Legal Immigration Family Equity Act: LIFE Act);
 - f. yon etranje yo akòde yon viza « V » anba Lwa LIFE;
 - g. yon etranje yo akòde yon viza « S » ;
 - h. yon etranje yo akòde yon kondisyon difere kòm yon soulajman pwovizwa pou yon viza « U »; ak
 - i. yon etranje ki demontre li rantre e li toujou t ap viv nan peyi Etazini depi 1ye janvye 1972 dapre Seksyon 249 nan INA.

K. E Si Yon Etranje Ki Pagen Papye Rete Lakay Mwen?

- R. Etranje ki pagen papye ki pèmèt yo rezide legalman nan peyi Etazini kalifye sèlman pou sèten kalite benefis dijans. Lè sitwayen oswa etranje ki prezan legalman nan peyi a ap viv ansanm ak etranje ki pagen papye, fòk yo make non tout moun k ap viv nan kay la sou aplikasyon an. Kèlkeswa moun ki pa siyen sètifikasyon ki nan aplikasyon an pou deklare li se yon sitwayen oswa yon etranje ki gen kondisyon imigrasyon satisfezan, paka resevwa Asistans Tanporè. Sepandan, si moun nan kalifye otreman, tout lòt moun nan kay la ap gen dwa a benefis. REMAK: Si Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini (USCIS) pran yon desizyon final asavwa yon moun nan kay la prezan ilegalman nan peyi a (pa egzant, si USCIS deja emèt yon lòd final pou depòtasyon) e ke moun sa a aplike pou benefis, nou pral avize USCIS.

K. Èske Mwen Ka Resewwa Èd Anplis Si M Patisipe Nan Yon Kou Fòmasyon oswa Edikasyon?

R. Si w ap resewwa Asistans Tanporè ak/oswa Benefis Koupon pou Achte Manje e ke w ap patisipe nan yon pwogram fòmasyon oswa nan yon pwogram edikasyon depatman sèvis sosyal lokal la apwouve, ou **ka** anmezi pou w resewwa èd anplis pou peye depans ki gen rapò ak patisipasyon nan pwogram fòmasyon oswa edikasyon an, tankou:

- Swen pou timoun
- Rad pou travay
- Ekolaj, liv ak founiti klasik
- Transpò
- Zouti pou travay

K. Kisa K Ap Rive Si M Jwenn Yon Travay?

R. Si w jwenn yon travay, ou ka toujou kapab resewwa Asistans Tanporè ak/oswa Benefis Koupon pou Achte Manje toudepande konbyen kòb ou touche.

Si ou gen yon timoun k ap viv avèk ou, yo ka pa kalkile yon gwo pati nan kòb ou touche a nan Asistans Tanporè yo ba w la.

Si w jwenn yon travay, e ke w fè ase lajan ki pèmèt ke w pa bezwen resewwa Asistans Tanporè ankò, ou ka resewwa bagay sa yo:

- Swen pou Timoun ak/oswa Asistans Medikal pou jiska yon ane (**Gade nan Seksyon E « Èd nan Peryòd Tranzisyon », ki nan liv sa a**)
- Benefis Koupon pou Achte Manje (**Gade nan Seksyon D « Benefis Koupon pou Achte Manje », nan Seksyon D nan liv sa a**)
- Kredi pou kòb ou touche (**Gade nan Seksyon H « Lòt Benefis », ki nan liv sa a**)

K. Èske Mwen Ka Jwenn Èd Pou Yon Depans, Ke Si Mwen Pa Peye, Ka Lakoz Mwen Pèdi Travay Mwen?

R. Ou ka kalifye pou yon "peman pou soti nan yon sitiyasyon jennan". Se yon peman ki pou aplike pou yon sitiyasyon oswa peryòd kritik byen presi kote ke peman sa a ta sipoze pèmèt moun nan oswa yon fanmi evite bezwen pou asistans kontini. Pou w ka kalifye pou yon "peman pou soti nan yon sitiyasyon jennan" ou pa dwe genyen okenn resous finansye ki disponib pou satisfè bezwen w genyen an. *Men kék ekzanp "peman pou soti nan yon sitiyasyon jennan"*: depans pou travay, ansanm ak depans pou transpò pou al nan travay, oswa depans pou demenaje pou al rete yon kote ki pèmèt yon moun oswa yon fammi sipòte tèt li poukont li san li pa depann de moun.

K. Kisa Ki Pral Rive Si M Pa Aksepte Oswa Mwen Pa Patisipe Nan Yon Pwogram Travay Ki Obligatwa?

R. Si w ka travay e ou pa patisipe oswa ou refize patisipe, pa espre e san yon rezon valab, nan yon pwogram travay ki obligatwa, ou ka pèdi Asistans Tanporè a, Benefis Koupon pou Achte Manje yo, ak lòt sèvis. Anvan ou pèdi Asistans Tanporè a, Benefis Koupon pou Achte Manje oswa lòt sèvis yo, yo ka ofri pou yo fè yon reyinyon yo rele Konferans pou Konsilyasyon oswa Konferans Ajans (Conciliation Conference or Agency Conference) avèk ou, pou yo ka diskite poukisa w pat ka patisipe oswa ou te refize patisipe a.

Ou p ap pèdi Asistans Tanporè a, Benefis Koupon pou Achte Manje, oswa lòt sèvis yo si ou bay yon rezon valab ki fè ou pat ka patisipe a oswa ki te fè w refize patisipe a. Yo ka mande w pou bay dokiman pou sipòte deklarasyon rezon valab ou bay la ki fè w pat patisipe nan yon pwogram travay jan depatman sèvis sosyal lokal la te mande a. Ou gen dwa mande yon Odyans san Patipri tou. Pou mande yon Odyans san Patipri, **gade nan Liv 1 (LDSS-4148A) « Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W Ak Responsabilite W Yo »**.

K. Èske Tout Moun Ki Rete Nan Menm Kay Avèk Mwen Oblije Aplike Pou Asistans Tanporè?

R. Lè w aplike pou Asistans Tanporè, tout timoun ou yo ki rete avèk ou (ki gen mwens ke 18 an) fèt pou aplike tou. Si nenpòt lòt moun k ap viv nan menm kay avèk ou se yon paran nan san oswa yon paran adoptif oswa yon frè oswa sè nan san oswa adoptif (ki gen mwens ke 18 an), pitit ou yo, se pou yo aplike tou e se pou yo kalkile kòb yo touche ak resous yo genyen nan Asistans Tanporè pou kay la. Règleman sa a rele Règleman pou Gwoup K ap Fè Aplikasyon an (Filing Unit Rule). Anplisdesa, yon paran pa ka aplike pou Asistans Tanporè san ke l pa aplike pou pitit li k ap abite ak paran an.

K. Kisa Ki Rive Si Pitit Mwen Jwenn Benefis Sekirite Sosyal?

R. Si nenpòt timoun ki nan kay ou gen benefis Sekirite Sosyal oswa dwe aplike pou yo, e w ap aplike pou Asistans Tanporè pou timoun sa yo, ou dwe konnen bagay suivan yo:

Kongrè ak Administrasyon Sekirite Sosyal jije li legal pou w depanse benefis Sekirite Sosyal yon timoun w ap okipe, sou paran ak frè ak sè timoun sa a si yo vle aplike pou oswa si y ap resewwa benefis Asistans Tanporè. Sa vle di benefis Sekirite Sosyal yo ap konte tankou yon revni pou gwoup k ap fè aplikasyon an epi yo ka sèvi ak benefis sa yo pou peye depans kay la, tankou manje ak lwaye, ansanm ak pou pwòp bezwen timoun nan.

K. Si Yo Wè M Kalife, Kouman Pou M Fè Gen Aksè Nan Benefis Asistans Tanporè Mwen an?

- R. Ou pral resevwa yon bwochi ki rele "EBT Kouman pou itilize Kat Benefis ou pou jwenn Benefis Koupon pou Achte Manje ak/oswa Benefis Lajan Kach."
- Pou ka gen aksè a benefis lajan kach ou yo, fòk ou ale nan magazen ki vann an detay epi ki patisipe nan pwogram yo oswa nan Machin Otomatik Labank (Automatic Teller Machines: ATM) ki gen foto QUEST la sou yo. Pou w jwenn ki kote ki gen magazen ki vann an detay ki patisipe e ki pa chaje frè anplis, oswa pou jwenn ATM ki pa chaje frè anplis, rele nan nimewo pou apèl gratis la nan **1-800-289-6739**.
 - W ap itilize Kat Idantifikasiyon Benefis Komen w lan (CBIC) ak Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl ou (PIN).
 - Y ap separe lajan kach w ap resevwa chak mwa an de benefis pa mwa (si l depase \$25.00).
 - Y ap ba ou yon fòm k ap fè w konnen ki dat ou ka jwenn sibvansyon lajan kach y ap ba w la.
 - Ou ka sèvi ak benefis yo pandan tout mwa a. Si w pa sèvi ak benefis ou yo mwa sa a, y ap toujou rete sou kont benefis lajan kach ou a lòt mwa.
 - Si w ap aksede kont lajan kach ou a pandan 90 jou youn dèyè lòt, yo pral retire (siprime) nenpòt benefis lajan kach ki nan kont la e ki gen omwen 90 jou epi yo pral voye lajan sa a tounen nan ajans lan. Ou ka mande travayè sosyal ou a pou l re-emèt nenpòt benefis lajan kach yo siprime e pouki ou kalife.
 - Pa blyye verifye resi w yo apre nenpòt tranzaksyon Transfè Elektronik Benefis (EBT).

K. Èske Gen Yon Limit Sou Konbyen Tan Mwen Ka Resevwa Asistans Tanporè A?

- R. Gen de kantite tan limit sou Asistans Tanporè nan Eta Nouyòk.

- Tan Limit swasant mwa nan Eta a -** Nan Eta Nouyòk, tan limit sa a se pou Pwogram Asistans Tanporè sa yo:
 - Benefis lajan kach ke moun resevwa depi desanm 1996 anba Èd bay Fanmi ki gen Timoun Depandan (Aid to Families with Dependent Children: AFDC), Asistans pou Fanmi (Family Assistance: FA), Asistans Filè Sekirite (Safety Net Assistance: SNA), Pwogram Asistans pou Timoun (Child Assistance Program: CAP), ak pwogram Asistans Lajan Kach pou Refijye (Refugee Cash Assistance: RCA).
 - Benefis Asistans Tanporè nan lòt eta anba Pwogram federal Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families : TANF)
 - Benefis Filè Sekirite ki pa lajan kach (Non-cash Safety Net benefits) fanmi ki gen granmoun ki oblige patisipe nan pwogram tretman pou abi dwòg ak alkòl ap resevwa.
- Tan limit de vennkat mwa pou Filè Sekirite lajan kach –** Tan limit sa a enkli tout peman Asistans Filè Sekirite lajan kach yo resevwa depi out 1997.

REMAK: Yon fwa w atenn limit 24 mwa a, ou kalife pou resevwa benefis men se pa benefis lajan kach.

REMAK: Asistans TANF ki resevwa nan lòt eta ka gen peryòd tan anvan mwa desanm 1996 ladan yo.

REMAK: Si w gen VIH oswa ou gen yon bagay ki anpeche w travay, ou ka pa oblige swiv tan limit sa yo.

REMAK: Tan limit pou Asistans Tanporè pa afekte Benefis Koupon pou Achte Manje ni Asistans Medikal.

K. Mwen Kwè Mwen Se Yon Víktim Vyolans Domestik. Kijan Ajans Sa a Ka Ede M?

- R. Fòk ou satisfè sèten kondisyon pou ou kalife pou resevwa Asistans Tanporè. Men, si w se yon víktim vyolans domestik epi w panse ke si w ranpli youn oswa plizyè nan kondisyon Pwogram Asistans Tanporè a, sa ka mete oumenm oswa pitit ou yo nan plis danje, ou ka mande yon reyinyon ak yon moun ki okipe zafè vyolans domestik pou pale de risk danje ou ka genyen. Yo ka egzante sèten kondisyon si li nesesè. Travayè sosyal k ap travay sou dosye Asistans Tanporè w la ka ba ou plis enfòmasyon pandan entèvyou a.

Anplis, ou ka rele liy asistans ki disponib 24è sou 24 la pou ka jwenn enfòmasyon konsènan refij dijans, gwoup sipò ak konsèy. Sèvis sa yo ap ede oumenm ak pitit ou yo rete an sekirite.

Pou ka pran enfòmasyon ak referans pou ale wè founisè ki bay sèvis nan ka vyolans domestik bò lakay ou, annik rele nimewo telefòn pou apèl gratis ki anba yo e ki disponib 24 è sou 24:

Nan Vil Nouyòk rele: 1-800-621-HOPE (1-800-621-4673)

Si ou nenpòt ki lòt kote nan Leta Nouyòk, rele liy asistans pou Vyolans Domestik nan Leta Nouyòk nan **1-800-942-6906** (**Moun ki pale panyòl** ka rele gratis nan **1-800-942-6908**).

Yon travayè sosyal ki okipe zafè bay moun sèvis ka toujou fè aranjman pou w jwenn enfòmasyon sa yo.

- K. Antanke Yon Etranje K Ap Viv Legalman Nan Etazini, Kouman Revni ak Resous Moun Ki Ban Mwen Parenna La Ap Afekte Kalifikasyon Mwen Ak Sibvansyon Mwen Resevwa A?**
- R.** Apre mwa desanm 1997, yo pral konte revni ak resous yon moun ki bay parenna epi ki siyen yon afidavi sipò kòm yon lajan ki disponib pou ou lè y ap detèminen si w kalifye pou Asistans pou Fanmi. Si w kalifye, se lajan moun ki bay parenna la kontribye a sèlman y ap konsidere kòm revni lè y ap kalkile benefis Asistans Tanporè w la. Sepandan, dapre antant revize sou pwogram parenna federal la, depatman sèvis sosyal lokal la pral reklame epi kolekte lajan ranbousman nan men parenn lan. Yo pral pataje enfòmasyon sou obligasyon moun ki bay parenna la genyen an ak gouvènman federal la.

- K. Kisa K Ap Rive Si Gen Yon Moun Lakay Mwen Ki Gen Resous Lajan Ke Yo Pa Konte Nan Kondisyon Pou Kalifye Pou Asistans Tanporè?**

- R.** Pami resous yo gen byen imobilye, byen pèsonèl, lajan kach, kont bankè, polis asirans, lajan envestisman (*trust funds*), oto, elatriye. Limit resous yo konsidere pou Asistans Tanporè (TA) a se \$2,000.00 pou tout kay la. Si gen yon moun ki enfim oubyen ki gen 60 an oswa plis nan kay la, limit resous la se \$3,000.00.

Gen sèten resous lajan ki egzante tankou peman pou Kredi Taks sou Kòb Moun Touche (Earned Income Tax Credit: EITC), prè ak bous pou etidyan ki poko gradye, kont bankè pou premye machin oswa pou ranplase machin ki pou pèmèt moun nan chèche, jwenn oswa kenbe yon travay ak yon ti ekonomi moun lan fè nan Revni Sekirite Anplis. Ou pa fèt pou kenbe lajan sa yo nan menm kont avèk lòt lajan w genyen; mete yo nan lòt kont separe. Si w pa separe lajan yo, yo ka konte yo pou yo kalkile limit resous pou kay la.

Pa egzanp, si gen yon moun lakay ou ki resevwa Revni Sekirite Anplis (Supplemental Security Income: SSI), yo fèt pou yo gen yon kont separe pou yo depoze lajan SSI a. Konsa, yo p ap konte lajan SSI a nan montan ki etabli limit resous ou.

- K. Kisa K Ap Rive Si Mwen Gen Lajan Revni Ke Mwen Resevwa Regilyèman Men Se Pa Chak Mwa? (Pa Egzanp, Revni Lajan Ki Vini Yon Sèl Fwa Nan Yon Ane)?**

- R.** Si w gen lajan revni travay oswa lajan revni pou sa w pa travay ke w resevwa regilyèman, ou fèt pou itilize lajan revni a defason egal chak mwa, jiskaske w resevwa pwochen peman an.

Pa egzanp, si w resevwa yon peman anyèl (yon peman yon fwa nan ane a) \$1,200.00, ou fèt pou itilize \$100.00 pa mwa pandan 12 mwa. Epitou travayè sosyal ou a ap kalkile nan bidjè w \$100.00 chak mwa nan lajan Asistans Tanporè w resevwa pa mwa a.

SEKSYON B

ASISTANS MEDIKAL

- K. Kisa Asistans Medikal Ye (Yo Rele L Tou Medicaid)?**

- R.** Asistans Medikal se yon èd pou moun ki pa ka peye swen medikal yo.
- Medicaid bay timoun ak granmoun swen sante epi yo fèt pou yo gen lajan revni ak resous lajan ki pi ba ke sèten nivo.
 - Family Health Plus bay moun ki gen laj ant 19 e 64 an asirans medikal, e moun sa yo gen lajan revni ki twò wo pou yo resevwa Medicaid.
 - Pwogram Benefis Planin Familyal (Family Planning Benefit Program) bay moun ki gen laj pou yo fè pitit sèvis planin familyal, sèten pwogram fòmasyon nan domèn sante ak swen medikal nan menm domèn lan, e moun sa yo gen lajan revni ki pi ba ke sèten nivo. (Pita, gade kesyon ak repons « **Èske Asistans Medikal Ka Ede M Jwenn Sèvis Planin Familyal?** » ki nan seksyon sa a sou Asistans Medikal.)
 - Pwogram-dacha Asirans Medicaid pou moun k ap Travay e ki Enfim (Working People with Disabilities: MBI-WPD) ofri moun ki enfim k ap travay e ki fè plis lajan revni pase limit yo etabli pou Medicaid regilye a, opòtinite pou yo kenbe asirans medikal yo atravè Medicaid.

- K. Ki Moun Ki Ka Gen Medicaid?**

- R.** Ou ka jwenn Asistans Medikal si:
- ou reyalize kondisyon pou sèten lajan revni, sèten resous, laj, andikap oswa lòt egzijans.
 - jeneralman ou kalifye pou Asistans Tanporè oswa Revni Sekirite Anplis (SSI).

- K. Kisa Pou M Fè Pou M Aplike Pou Medicaid?**

- R.** Ou fèt pou ranpli yon aplikasyon epi tcheke kaz Medicaid la.
- Yon aplikasyon pou Asistans Tanporè se pa yon aplikasyon pou Medicaid. Yon moun ki jwenn Asistans Tanporè pa

otomatikman jwenn Asistans Medikal. Si w vle gen toulède, Medicaid ak Asistans Tanporè, **ou fèt pou tcheke toulède kaz ki sou aplikasyon an.**

- Lè w ap resevwa Revni Sekirite Anplis (SSI), ou pa oblige aplike separeman pou Medicaid. Si w vle gen Asistans Medikal anvan w resevwa SSI, ou fèt pou w aplike.
- Si w ta renmen aplike pou resevwa sèvis planin familyal sèlman, ou ka aplike kote ki gen founisè ki anrejistre ak Medicaid pou yo bay sèvis planin familyal e founisè yo dwe gen yon akò ak depatman sèvis sosyal lokal la pou aksepte aplikasyon yo. Depatman sèvis sosyal lokal la ap kapab ba w yon lis ki gen adrès kote sa yo, oswa w ka rele nimewo pou apèl gratis la nan **1-800-541-2831**.

Si w vle aplike pou Medicaid, ou fèt pou fè youn nan bagay suivan yo:

- Si w rete nan Vil Nouyòk, rele liy enfòmasyon Biwo Administrasyon Resous Imèn lan nan **(718) 557-1399** oswa **rele gratis nan 1-877-472-8411** pou ka konnen kijan e ki kote pou w al aplike.
- Si w pa rete nan Vil Nouyòk, rele oswa ale nan depatman sèvis sosyal lokal la epi mande yon pakè aplikasyon.
- Si w se yon rezidan ki nan yon sant ki fè pati de Biwo Sante Mantal nan Leta Nouyòk (New York State Office of Mental Health) oswa yon rezidan ki nan yon sant ki fè pati de Biwo pou Retadasyon Mantal ak Andikap onivo Devlòpman (Office of Mental Retardation and Developmental Disabilities), kontakte biwo ki sou lis la apre jan de lokal la:

Lokal Biwo Sante Mantal nan Leta Nouyòk (New York State Office of Mental Health) - Biwo Resous pou Pasyan (Patient Resource Office); oswa

Lokal Biwo pou Retadasyon Mantal ak Andikap onivo Devlòpman (New York State Office of Mental Retardation and Developmental Disabilities) - Lokal Biwo nan Domèn Sipò Revni (Revenue Support Field Office)

- Si w ansent oswa si w ap aplike pou timoun piti, rele gratis nan **1-800-522-5006**.
- Gen enfòmasyon anplis ki disponib konsènan fason pou w aplike pou Medicaid sou entènèt nan: www.nyhealth.gov epi klike sou Medicaid.

Gen moun ki la pou ede moun anrejistre atravè Leta Nouyòk ki ka ede w aplike pou Medicaid. Pou ka jwenn non òganizasyon ki pi pre w la, rele nimewo pou apèl gratis la nan **1-800-698-4543** oswa nimewo pou apèl gratis la nan **1-877-934-7587**.

K. Kijan Medicaid Ka Ede M?

R. Medicaid ka ede w peye pou:

- Lajan ou peye Asirans Sante
- Sèvis pou malad ki entène lopital ak sa ki pa entène
- Swen sante adomisil
- Sèvis Laboratwa ak Radyografi
- Swen lazil pou moun malad
- Tretman ak swen preventif ak swen dantè (doktè ak dantis)
- Sèvis planin familyal
- Tretman nan lopital sifyatrik (pou moun ki poko gen 21 an, oswa ki gen 65 an oswa plis), kote yo bay tretman pou sante mantal, pou retade mantal ak enstitisyon pou moun ki gen andikap onivo devlòpman
- Medikaman ak nesesite medikal
- Sèvis nan klinik
- Transpò dijans pou ale lopital nan anbilans
- Lòt sèvis sante

Epi Medicaid ka ede w peye pou bagay suivan yo, sepandan swa oumenm oswa moun/etablisman k ap bay sèvis la fèt pou gen **otorizasyon davans pou bay sèvis la (otorizasyon davans)**:

- Transpò pou ale nan randevou medikal, tankou tokenn pou otobis ak mileyaj sou machin ou
- Swen pèsonèl
- Enfimyè pèsonèl ki desèvis
- Kèk swen dantè
- Ekipman medikal dirab (chèz-woulant, soulye òtopedik, elatriye)
- Swen sante adomisil alontèm, nan Pwogram Swen Sante Adomisil Alontèm (Long Term Home Health Care Program: LTHHCP). Sa a se yon swen yo administre nan kay ki prèske menm jan ak swen nan azil pou granmoun pou moun ki bezwen swen adomisil pandan plis pase 90 jou epi ki bezwen sèvis gadmalad ak terapi tou. (Pwogram sa a pa disponib nan tout depatman sèvis sosyal lokal yo).
- Pwogram espesyal adomisil ak nan kominate a ki ede w rete lakay ou defason pou w pa oblige ale nan yon azil pou granmoun.

Si w ansent oswa ou gen yon pitit, pwogram ki pi ba yo ka ede w:

- **Pwogram Asistans Pou Swen Prenatal (Prenatal Care Assistance Program: PCAP)** Si w ansent, **Pwogram Asistans Pou Swen Prenatal** la ka ede w jwenn swen pou tibebe w la ka ansante. Malgre w gen lajan revni ki pi wo, ou ka resevwa swen medikal nan Pwogram Asistans Pou Swen Prenatal (Prenatal Care Assistance Program). Pagen

okenn limit nan kantite resous ou ka genyen an. Nan premye vizit ou nan Pwogam Asistans Pou Swen Prenatal la (Prenatal Assistance Program), yon travayè sosyal pral ede w aplike pou Asistans Medikal. Pou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogam sa a, rele Liy Asistans pou Tibebe Ansante a (Healthy Baby Hotline) nan **1-800-522-5006**.

- **WIC** – Ou ka jwenn **WIC** (Pwogram Espesyal pou Manje Anplis pou Fanm, Tibebe ak Timoun) – Pwogram **WIC** ba w enfòmasyon ki itil sou nitrisyon ak sou enpôtans ki genyen pou manje sa ki bon pou lasante. Pwogram **WIC** la ba w chèk ou ka itilize nan boutik ki patisipe nan pwogram nan pou achte lèt anpoud pou tibebe, lèt, ji, ze, fwomaj, sereyal, manba, ak pwa sèk ak pwa vèt.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram WIC la ak kote w ka aplike, rele nan **1-800-522-5006**.

- **Plan Swen Kontwole yo** pral ede w tou pou ka jwenn yon doktè ki ka ba w swen prenatal (anvan akouchman) epi ki pral kontinye suiv ou apre gwozès ou. Epitou, Pwogram Swen Kontwole yo bay timoun ak adolesan asirans medikal atravè Sèvis Plan Asirans Sante pou Timoun/Jènjan.

Plan Asirans Sante pou Timoun/Jènjan

Tout timoun bezwen yon "sant medikal". Yon sant medikal se doktè a, enfimyè a, asistan doktè a oswa ekip swen sante ki pran swen ptit ou pandan l ap grandi epi l ap devlope pou l soti nan faz tibebe pou li vin yon timoun piti, epi pou li vin prèske nan laj timoun ki pou al lekòl, epi pandan tout anfans ak adolesans li. Yon sant medikal se yon kote ou toujou mennen ptit ou pou l fè yon konsiltasyon oswa si l malad. Epi yon sant medikal se kote w ale lè ou gen kesyon oswa enkyetid sou sante ak devlopman ptit ou.

Plan Asirans Sante Timoun/Jènjan – Plan asirans sante Timoun/Jènjan ede w jwenn yon «sant medikal.» Se yon jan pou timoun piti ak jènjan resevwa swen preventif (konsiltasyon), egzamen medikal ak swen siplemantè yo bezwen pou yo ka grandi byen epi ansante.

Plan Asirans Sante pou Timoun/Jènjan se pou timoun apatide nesans yo jiska laj 21 an ki gen Asistans Medikal. Pwogram sa a gratis.

Plan Asirans Sante Timoun/Jènjan bay pítit ou yo:

- Konsiltasyon medikal konplè
- Tès pou wè si pítit ou ap grandi ak devlope epi si lap fè sa l dwe fè pou laj li
- Tès pou detekte nivo plon nan san
- Tès pou tandem, pou je ak tès laboratwa
- Nenpòt ki piki yo ka bezwen
- Swen dantè
- Tretman ki nesesè si yo jwenn yon pwoblèm oswa yon maladi lè yo t ap fè konsiltasyon pou li, tankou opresyon, fibwoz kistik, dyabèt, anemifalsifòm ak pwoblèm pou wè ak pou tandem

Pou ka jwenn plis enfòmason konsènan pwogram sa a, oswa pou yo ka ede w jwenn yon doktè pou pítit ou, mande kowòdinatè **Sèvis Plan Asirans Sante pou Timoun/Jènjan** ki nan depatman sèvis sosyal lokal la.

K. Si Mwen Amenaje Nan Yon Nouvo Konte, Èske Mwen Oblije Reyaplike Pou M Jwenn Medikal/FHPlus?

R. Non. Si w demenaje, ou fèt pou bay depatman sèvis sosyal lokal la nouvo adrès ou. Si pagen okenn lòt chanjman nan sikorans ou ki afekte kalifikasyon w; Yo pral transfere ka Medicaid ou nan nouvo konte kote w rete a.

K Èske Medicaid Ka Ede M Jwenn Sèvis Planin Familyal?

R. Wi. Si w nan laj pou fè pítit epi w kalifye pou resevwa Asistans Medikal oswa Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus), planin familyal fè patide sèvis yo. Si yo refize w oswa yo sispann ba w Asistans Medikal ak/oswa Sante Fanmi Anplis, ou gen dwa kalifye pou Pwogram Benefis pou Planin Familyal paske nivo salè a pi wo epi pagen limit sou resous yo. Epitou ou ka aplike pou Pwogram Benefis Planin Familyal la (Family Planning Benefit Program) sèlman, san w pa aplike pou Asistans Medikal ni Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus).

Pwogram Benefis pou Planin Familyal la (Family Planning Benefit Program: FPBP) bay moun ki gen laj pou fè pítit Asistans Medikal pou sèvis planin, selon kòbò touche. Pwosedi aplikasyon an ak sèvis yo bay, toulede konfidansyèl.

Si w kalifye, w ap ka jwenn sèvis planin familyal tout kote ki bay sèvis planin familyal epi ki enskri nan pwogram planin. Sèvis sa yo gen ladan yo: tout métod kontrasepsyon FDA apwouve yo, aparèy, ak materyèl, revizyon konplè sou antedesan medikal onivo deomèn repwodiktif ak egzamen fizik/jinekolojik, esterilizasyon gason ak fanm, tès gwozès ak konsèy, epi konsèy anvan konsepsyón. Si w kalifye, asirans la ap kòmanse nan 1yè jou mwa w aplike a.

Twaka depatman konte lokal yo sipòte publikman klinik planin familyal, epi founisè Pwogram Asistans Pou Swen Prenatal yo (Founisè sèvis planin familyal ki anrejistre nan pwogram Medicaid yo) ka ede w ranpli aplikasyon an lèfini yo ka ede w jwenn dokiman yo egzije yo. W ap kalifye pou Pwogram Benefis pou Planin Familyal pou 12 mwa amwenske sikorans kalifikasyon

yo chanje. Apre 12 mwa yo, ou pral resevwa yon fòm renouvèlman pa lapòs. Pou ka gen plis enfòmasyon konsènan pwogram sa a, rele oswa pase nan depatman sèvis sosyal lokal la epi mande yon aplikasyon. Ou ka aplike nan yon biwo kote ki gen founisè ki ofri sèvis planin familyal. Si w bezwen konnen ki kote w ka jwenn yon founisè planin familyal ki patisipe nan pwogram lan bò lakay ou, ou ka rele nan **1-800-541-2831**. (Gade deskripsyon sou Sante Fanmi Anplis la (Family Health Plus) nan fen seksyon Asistans Medikal la ki nan tiliv sa a).

K. Kisa MPwogram Dacha Asirans Medicaid Pou Moun Ki Enfim K Ap Travay la ye?

Pwogram Dacha Asirans Medicaid pou Moun Ki Enfim K Ap Travay la (Medicaid Buy-In Program for Working People with Disabilities: MBI-WPD) ofri asirans medikal atravè pwogram Asistans Medikal pou moun ki enfim ki gen revni nèt ki nan nivo oswa ki pi ba ke 250% nivo pòvrete federal la (Federal Poverty Level: FPL) ak resous lajan ki pa egzante a \$10,000 oswa pi ba. Pwogram lan te kreye defason pou l te ka ede moun enfim k ap travay kenbe asirans medikal yo. Yo ka mande w pou w peye yon prim chak mwa, toude pande kòb ou touche a.

K. Kisa Yo Egzije Pou Kalifye Pou Pwogram MBI-WPD?

R. Pou kalifye pou pwogram MBI-WPD, ou fèt pou:

- sètifye antanke moun enfim swa pa Biwo Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) oswa pa Ekip ki Revize Enifmite (Disability Review Team) nan Leta oswa bò lakay ou; epi
- ou fèt pou rete nan Leta Nouyòk; epi
- ou fèt pou se sitwayen Ameriken, yon Ameriken Natifnatal oswa yon imigran ki gen kondisyon imigrasyon ki kòrèk; epi
- ou fèt pou gen omwen laj 16 zan e mwens ke 65 an; epi
- ou fèt pou angaje nan yon aktivite travay kote w peye taks Leta ak taks Federal epi taks pewòl yo peye; epi
- ou dwe satisfè limit yo etabli sou lajan revni ak resous lajan (gade pi ba a); epi
- ou fèt pou peye yon prim, si li nesesè.

K. Kijan Medicaid Fonksyone?

R. Lè yo fin apwouye aplikasyon an, twaka moun toujou jwenn yon kat ki fèt an plastik ki rele Kat Identifikasiyon Pou Benefis Komen (**Common Benefit Identification Card: CBIC**). Lè w ale pran swen medikal, lonje kat la bay doktè, famasyen oswa nenpòt ki lòt moun ou vle ki pou ede w. Doktè w, famasyen w oswa lòt moun nan fèt pou l konsanti faktire Medicaid epi l fèt pou l se yon founisè ki anrejistre nan pwogram Medicaid. Yo pral voye fakti w yo bay pwogram Asistans Medikal Leta Nouyòk (New York State Medical Assistance) pou l peye yo. Moun ki enskri nan Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus) ap resevwa yon kat pou plan asirans sante yo chwazi a. Moun ki kalifye e ki anrejistre nan Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus) oswa nan yon plan swen sante kontwole Medicaid fèt pou ale kay founisè ki nan plan swen medikal yo pou moun sa yo resevwa sèvis plan an kouvari.

Nan twaka konte ki nan Nouyòk yo, w ap gen chwa pou antre nan yon plan swen sante kontwole. Twaka nan konte yo oblige moun antre nan plan swen kontwole. (Gade kesyon ak repons « Kisa Plan Asirans Swen Sante Kontwole Medicaid Ye? »)

K. Èske Fòm Peye Pou Swen Medikal Mwen?

R. Yo ka mande moun k ap resevwa Asistans Medikal epi ki gen 21 an oswa plis pou yo peye yon pati nan depans pou swen/atik medikal. Yo rele sa kopeman. Pwofesyonèl k ap ba w swen sante a gen dwa pou l mande pou w peye kopeman an. Pou chak 12 mwa apatide 1^{ye} avril, gen yon ko-peman \$200 maksimòm pou chak moun ki nan asirans la.

Si w pa ka peye kopeman yo mande a, di moun k ap ba w swen sante a sa, lè li mande w pou w peye lajan an. Ou ka toujou resevwa sèvis ou bezwen yo nan kote ki t ap ba w swen yo. Pwofesyonèl k ap bay swen an pa ka refize ba w sèvis ak benefis poutèt ou di l ou pa ka peye kopeman an. Depi gen yon founisè ki pa vle ba w swen medikal oswa sèvis poutèt ou pa ka peye kopeman an, rele nan nimewo 1-800-541-2831 pou rapòte yo.

- Men kantite lajan ou dwe peye pou kopeman:

Sèvis yo	Kantite lajan an (\$)
Moun ki Entène Lopital	Achak fwa w rete \$ 25.00 lè y ap egzeyate w
Moun ki pa Entène Lopital ak nan Klinik.....	\$ 3.00 pa vizit
Vizit ki pa ijans/Vizit nan Sal Ijans men se pa yon ijans	\$ 3.00 pa vizit
Medikaman sou preskripsyon (mak medikaman dorijin)	\$ 3.00
(jenerik)	\$ 1.00
Medikaman w ka achte san preskripsyon	\$.50
Medikaman pou trete maladi mantal	PAGEN KOPEMAN
Terapi pou Tibèkiloz yo Obsève Dirèkteman.....	PAGEN KOPEMAN
Planin Familyal	\$ 1.00 pa kòmann/pa preskripsiyon
Fòmila Medikal ak Materyèl pou nitrisyon	\$ 1.00 pa kòmann
Atik Medikal/ pou Operasyon	\$.50 pa pwosedji

Sèvis yo	Kantite lajan an (\$)
Laboratwa.....	\$ 1.00 pa pwosedi
Radyografi	\$ 1.00 pa pwosedi

• **Pami moun ki benefisyé yo ki egzante pou yo pa peye kopeman an, n ap site:**

- Moun k ap resevwa swen epi ki poko gen 21 an;
- Fanm ansent (egzansyon sa a kontinye pandan de mwa apre mwa ou fin akouche a);
- Moun k ap resevwa swen ki entène yon etablisman medikal epi ki oblige depanse tout kòb y ap touche a pou swen medikal, eksepte yon ti lajan pou bezwen pèsonèl yo. Sa vle di tout moun ki nan azil pou granmoun malad ak Kote yo bay Swen Entèmedyè pou Moun ki Prezante yon Andikap nan Devlopman yo (Intermediate Care Facilities for the Developmentally Disabled: ICF/DD);
- Moun ki anrejistre nan Plan Swen Sante Kontwole Medicaid, sèl bagay sèke moun sa yo fèt pou yo peye yon kopeman pou chak medikaman jeneric ki sou preskripsiyon y ap resevwa, pou chak medikaman mak dorijin ki sou preskripsiyon y ap resevwa, e pou chak medikaman ki pa nesesite preskripsiyon ke yon pwofesyonèl nan domèn sante kòmande pou yo;
- Moun ki rete nan yon rezidans kominotè sètifye ki sou kont Biwo Sante Mantal nan Leta Nouyòk (New York State Office of Mental Health) oswa ki sou kont Biwo pou Retadasyon Mantal ak Andikap onivo Developman (Office of Mental Retardation and Developmental Disabilities Program) oswa moun ki anrejistre nan yon Pwogram ki Jere Ka Medicaid Konplè (Comprehensive Medical Case Management Program (CMCM) oswa nan yon Pwogram Egzansyon ki bay Sèvis ki Baze nan yon Kay e nan yon Kominote (Home and Community Based Services: HCBS Waiver Program). Moun k ap patisipe nan yon pwogram Swen Sante Adomisil Alontèm **pa** egzante pou yo pa peye kopeman.

• **Pami sèvis ki egzante pou yo pa peye kopeman an, genyen:**

- Sèvis dijans;
- Sèvis planin familyal (pa egzanp; gress kontraseptif oswa kapòt);
- Terapi pou Tibèkiloz yo Obsève Dirèkteman;
- Pwogram Antreyen Tretman Metadòn (Methadone Maintenance Treatment Programs), sèvis nan klinik sante mantal, sèvis klinik pou retadasyon mantal, sèvis pou moun ki pran dwòg oswa bwè alkòl.

REMAK: Doktè k ap pratike ak dantis oswa moun ki bay sèvis sante ak sèvis swen pèsonèl adomisil pa chaje kopeman.

REMAK: Si w ap resevwa Sante Fanmi Anplis (**Family Health Plus**), kopeman w yo differan. (Gade kesyon « Konbyen Kòb Li Koute? » Nan seksyon **SANTE FANMI ANPLIS (FAMILY HEALTH PLUS)** ki anba seksyon **ASISTANS MEDIKAL Ia**, plizyè paj apre nòt sa a.)

K. Ki Kantite Asistans Medikal Mwen Ka Jwenn E An Konbyen Fwa?

R. Asistans Medikal la ka limite kantite fwa l ap peye pou vizit doktè oswa klinik, laboratwa ak famasi. Yo rele limit sa a « **Limit Sèvis Medicaid yo (Medicaid Utilization Thresholds)** ». Travayè sosyal la ap di w si **Limit Sèvis Medicaid (Medicaid Utilization Thresholds)** la afekte w.

K. Kisa Plan Swen Sante Kontwole Medicaid Ye?

R. Twaka nan konte yo gen yon pwogram Swen Kontwole Medicaid atravè youn oswa plizyè plan Swen Sante Kontwole Medicaid. Lè w rantre nan Plan Swen Sante Kontwole Medicaid la, ou sèvi ak kote ki bay swen ak lopital ki nan plan w lan. Ou chwazi doktè oswa enfimyè ou vle ki swiv swen sante w. Yo rele doktè oswa enfimyè sa a Doktè Prensipal (Primary Care Provider: PCP). Doktè Prensipal la ap voye w kote yon espesyalis si w bezwen youn. Lè w nan Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus), tout sèvis ou resevwa yo soti nan plan swen kontwole ou seleksyon a.

K. Poukisa Mwen Dwe Antre Nan Yon Plan Swen Sante Kontwole Medicaid?

R. Nan plizyè konte, ou fèt pou antre nan yon plan swen sante kontwole pou ka resevwa twaka sèvis asirans Medicaid bay. Rele depatman sèvis sosyal lokal la pou w konnen si w ka oswa si w dwe patisipe nan Plan Swen Kontwole Medicaid la. Twaka Plan Swen Sante Kontwole Medicaid yo bay plis chwa nan kote yo bay swen pase Asistans Medikal nòmal. Ou ka chwazi Doktè Prensipal pa w la, ki vle di ou pa bezwen al nan sal dijans pou w ka resevwa swen medikal lè lavi w pa andanje. Doktè Prensipal la ap ba w referans pou yon espesyalis lè w bezwen youn. Si w panse ou bezwen swen medikal rele Doktè Prensipal la oswa yon nimewo telefòn pou plan sante nan yon nimewo telefòn ki fonksyon 24 è sou 24.

Si w ansent, w ap gen yon doktè oswa yon enfimyè k ap ba w tout swen medikal ansanm ak ekzamen ou bezwen yo. Y ap bay tibebe ou fèk fè a vizit siplemantè pou konsiltasyon apre akouchman an. Timoun ou yo ap gen Doktè Prensipal pa yo tou.

Pagenn okenn kopeman ni yo pa itilize okenn ajisteman monetè eksepte pou sèvis famasetik lè w patisipe nan yon plan swen sante kontwole Medicaid. W ap resevwa pwòp kat plan asirans sante pa w epi li diferan de Kat Idantifikasiyon pou Benefis Komen w lan.

Gen plis enfòmasyon ki disponib sou sit Depatman Sante Leta Nouyòk (New York State Department of Health) nan www.nyhealth.gov epi klike sou Pwogram Asirans Sante (Health Insurance Programs), lèfini klike sou Swen Kontwole (Managed Care).

Èske Medicaid Ka Peye Pou Bòdwo Asirans Ki Te La Anvan Yo?

R. Nou ka peye pou kèk bòdwo ou te peye anvan w te mande Asistans Medikal - menmsi doktè a oswa founisè swen sante a pa aksepte Asistans Medikal. Enfòmasyon ki ekri anba la a esplike kilè n ap peye bòdwo sa yo.

Ki bòdwo nou ka peye pou ou? Yo ka peye w pou bòdwo ou te deja peye anvan w te mande pou yo ba w Asistans Medikal e pou bòdwo ou te peye jiskaske w vin gen Kat Idantifikasiyon pou Benefis Komen (Common Benefit Identification: CBIC). Bòdwo w te peye anvan ou te mande Asistans Medikal la fèt pou se bòdwo pou sèvis ou resevwa nan premye jou oswa apre premye jou twazyèm mwa a anvan mwa w te mande Asistans Medikal la. Pa ekzanp: Si w mande pou yo ba w Asistans Medikal le 11 mas, nou ka peye w pou sèvis ou te peye pou resevwa apatide 1^{re} desanm jiskaske w vin gen Kat Idantifikasiyon pou Benefis Komen (CBIC).

Kisa ki rive si doktè oswa moun k ap ba w swen an pa aksepte asistans medikal? Nou gen dwa peye pou kèk nan bòdwo w yo si doktè oswa lòt moun k ap fè tretman pou ou a pa aksepte Asistans Medikal. Si w te peye pou bòdwo yo anvan w mande Asistans Medikal, nou ka peye w pou yo menmsi doktè oswa moun k ap ba w swen an pa aksepte Asistans Medikal. Apre jou w fin mande Asistans Medikal la, nou ka peye w sèlman si doktè oswa lòt moun k ap ba w swen an aksepte Asistans Medikal.

Tankou asirans sante piblik ki patwone, yon fwa yo apwouve aplikasyon w te fè pou Medicaid oswa pou asirans Medicaid ap patwone atravè yon òganizasyon ki kontwole swen, ou fèt pou antre anba yon founisè Medicaid oswa anba yon òganizasyon swen sante ki nan rezo pou yo ka peye w pou sèvis ou resevwa

Toujou mande doktè a oswa lòt founisè si yo aksepte Medicaid. Lè w fin mande pou yo ba w Asistans Medikal, nou pap peye w si doktè a oswa founisè a pa aksepte Medicaid.

Èske gen lòt règleman? Wi. Ou dwe konnen tou:

1. Bòdwo w peye yo dwe pou sèvis pwogram Asistans Medikal la peye. Nan sèvis sa yo genyen, doktè, swen adomisil, lopital ak medikaman, men ka gen lòt tou.
2. Nou ka peye kantite kòb Asistans Medikal la deside peye pou sèvis sa yo sèlman. Kantite kòb sa a ka mwens pase sa ou te peye a.
3. Nou ka peye w lè nou deside w kalifye pou resevwa Asistans Medikal sèlman epi sèlman si ou te kalifye pou Asistans Medikal la lè w peye bòdwo sa yo.
4. Nou ka ba w kòb sèlman si bòdwo w te peye yo se pou sèvis ou te bezwen.
5. Ou fèt pou ban nou bòdwo sa yo epi ou dwe pwouve w te peye yo.

Kisa ki rive si fanmi m oswa zanmi m te peye bòdwo yo pou mwen? Si yon manm nan fanmi w oswa zanmi w te peye bòdwo yo, nou ka peye yo. Mande travayè sosyal la enfòmasyon sa a.

Èske w gen kesyon? Si w gen nenpòt kesyon, tanpri mande travayè sosyal la.

Èske Asistans Medikal Ka Peye Pou Swen Medikal Mwen Resevwa Andeyò Eta Nouyòk?

R. Petèt. Asistans Medikal la ap peye pou swen medikal ou resevwa andeyò eta a si:

- anjeneral, moun ki nan konte w la resevwa swen medikal nan menm eta a epi w ka wè gen yon founisè ki anrejistre e ki aksepte Medicaid Nouyòk; oswa
- depatman sèvis sosyal lokal la te mete w oswa l te ede pou yo mete w nan yon azil pou granmoun oswa nan yon akèy familyal nan yon lòt eta oswa
- doktè w la vin gen otorizasyon pou w sa gen swen medikal andeyò leta a (otorizasyon davans); oswa
- ou bezwen swen medikal dijans etan w ap vwayaje nan yon lòt eta, men se **sèlman** si doktè a oswa moun k ap ba w swen medikal la konsanti pou l voye bòdwo a bay pwogram Medicaid Leta Nouyòk.

Si se manm yon Plan Swen Kontwole Medicaid, rele nimewo sèvis plan asirans sante pou manm ki nan do kat ou a, pou yo ka ba w enfòmasyon sou kouman pou w resevwa sèvis lè w ap kite eta a.

K. Kisa Medicare ye?

R. Medicare pa menm bagay ak Asistans Medikal (Medicaid). Medicare se yon pwogram Administrasyon Sekirite Sosyal

administre ki peye pou bòdwo lopital (Pati A), bòdwo doktè ak kèk lòt sèvis medikal (Pati B), ak medikaman sou preskripsiyan (Pati D). Ou ka aplike pou Medicare nan Biwo Sekirite Sosyal ki bò lakay ou.

K. Èske M Ka Gen Toulede, Medicare ak Medicaid?

R. Wi. Si w kalifye pou toulede pwogram yo, yo pral voye bòdwo a bay Medicare anvan epi Medicaid va peye pou sèvis Medicare pa kouvrí yo men ke pwogram Asistans Medikal la kouvrí.

K. Èske Asistans Medikal Ka Peye Prim Medicare Mwen Yo?

R. Wi, selon sèten kondisyon, Asistans Medikal la ka peye pou Medicare Pati A oswa Pati B, kit se prim asirans, ko-asirans oswa dediktib. Asistans Medikal p ap peye pou prim asirans oswa Ko-peman pou Pati D.

K. Si M Gen Toulede, Medicare ak Asistans Medikal, Èske M Oblije Ranpli Preskripsiyan Medikaman M Yo Atravè Medicare Pati D?

R. Wi, si w gen toulede, Asirans Medicare ak Asistans Medikal, anrejistreman nan Medicare Pati D se yon kondisyon kalifikasyon pou resevwa Asistans Medikal. Sèl eksepsyon ki gen nan règ sa a sèke si oumenm oswa moun ki sou kont ou yo gen lòt asirans sante atravè yon plan asirans retrèt, epi yo fè w konnen si w anrejistre nan Medicare Pati D, ou pral pèdi asirans sante w. Pafwa Asistans Medikal peye pou sèten medikaman sou preskripsiyan ki pa disponib atravè Medicare Pati D.

K. Èske Mwen Dwe Anile Nenpòt Lòt Asirans Sante Mwen Genyen Deja?

R. Non. Rete tann epi poze kesyon sa a nan entèvyou w la.

K. Èske Mwen Ka Kontinye Kenbe Yon Pati Nan Revni Lajan Mwen Si M Nan Yon Azil pou Granmoun Oswa Nan Yon Lòt Etablisman Medikal?

R. Wi. Ou ka sèvi ak yon ti pati nan kòb sa a pou bezwen pèsonèl ou. Ou ka kenbe yon pati nan kòb sa a ak resous ou yo si fanmi w depann de ou.

K. Èske Gen Limit Sou Revni Lajan Ak Lajan Resous Ki Pi Elve Pou Fanm Ansent Ak Timoun?

R. Wi, si w ansent oswa w bezwen èd pou yon timoun ki poko gen 19 an, ou ka gen yon salè ki pi wo epi yo pa menm konsidere resous fanmi w yo.

SANTE TIMOUN ANPLIS

Si w gen timoun epi lajan revni w twò wo pou resevwa Asistans Medikal, ou ka aplike pou Swen Timoun Anplis (**Child Health Plus**) pou pitit ou yo. Ou ka aplike pou Swen Timoun Anplis (**Child Health Plus**), annik rele nan nimewo pou apèl gratis la nan **1-800-698-4543**.

REMAK: Si w ansent oswa w bezwen èd pou yon tibebe ki poko gen yon ane, pagen limit sou kantite resous fanmi w ka genyen an.

K. Kisa Pwogram Egzansyon Pou Sèvis Lakay ak Sèvis Ki Baze Nan Kominote a ye (Home and Community Based Service : HCBS Waiver Programs)?

R. Pwogram Egzansyon pou Sèvis Lakay ak Sèvis ki Baze nan Kominote a pèmèt yon eta pou l founi yon dividal sèvis ki baze nan kay e nan kominote a ki ede moun ki elijib pou resevwa Medicaid pou yo rete nan kominote a epi pou yo evite mete yo nan yon enstitisyon medikal. Sa yo se pwogram Asistans Medikal ki ka bay sèvis espesyal ke Asistans Medikal pa peye pou yo anjeneral. Epitou pwogram sa yo ka gen diferan kondisyon kalifikasyon finansyè ladan yo.

Nouyòk gen Pwogram Egzansyon HCBS pou:

- Timoun ak Grammoun ki enfim onivo devlòpman
- Grammoun ki gen Blesi Grav nan Sèvo
- Moun ki Bezwén Pwogram Swen Medikal Alontèm Lakay yo
- Timoun ki gen Twoub Emosyonèl Grav
- Timoun ki gen enfimite fizik grav

An 2007, yo te apwouye yon nouvo Egzansyon HCBS, «pasrèl pou Lasante (B2H nan lang angle).» Egzansyon B2H la pèmèt pou timoun ki nan akèy familyal e ki gen twoub emosyonèl grav resevwa sèvis, pase yo frajil sou plan medikal, oswa yo gen pwoblèm devlopman mantal.

K. Kisa Ki Rive Si M Gen Bezwén Medikal Dijans?

R. Règleman Eta Nouyòk oblige lopital yo ba w swen dijans, menmsi w pa ka peye pou li. Si w gen yon ijans medikal tankou yon

kriz kadyak oswa yon maladi ki ka mete lavi w andanje, ale nan yon lopital **touswit**, anvan ou konnen si w ka jwenn Asistans Medikal oswa anvan w aplike pou Asistans Medikal. Si w malad epi w bezwen swen medikal touswit, epi w aplike pou asirans men w poko resevwa Kat Idantifikasiyon Pou Benefis Komen (Common Benefit Identification Card) la, travayè sosyal ou ka ede w jwenn yon kat tanporè pou ka resevwa swen medikal ou bezwen an. Ou dwe montre kat la lè w ap resevwa tretman medikal la epi doktè oswa lòt moun k ap fè tretman pou ou a dwe aksepte voye bòdwo yo bay Asistans Medikal la.

Asistans Medikal ka peye bòdwo medikal pou swen ou te resevwa pandan twa mwa anvan ou te aplike pou èd la. Sonje pou w di travayè sosyal la si w gen bòdwo ki peye oswa ki pa peye.

K. Kisa Yo Rele Revizyon Medikaman Yon Moun Ka Pran Nan Lavni (Prospective Drug Utilization Review)?

R. Pwogram Revizyon Medikaman Yon Moun Ka Pran nan Lavni a pèmèt yon famasyen verifye nan yon odinatè si resaman ou te resevwa nenpòt lòt medikaman ou pa dwe pran ansanm ak nouvo preskripsyon w lan, anvan li ba w medikaman ki nan preskripsyon sa a. Si famasyen an wè yon pwoblèm li ka pale ak doktè a pou li wè si li dwe ba w nouvo medikaman an. Yo fè bagay sa yo pou yo ka asire yo w ap pran bon medikaman yo. Lè famasyen an verifye nan òdinatè a, l ap ka reponn kesyon ou ka genyen sou medikaman ou yo pi byen.

K. Si Mwen Vann, Fè Kado Oswa Transfere Nenpòt Lajan Oswa Byen Mwen Genyen, Èske Mwen Ka Toujou Resevwa Asistans Medikal?

R. Seksyon sa a esplike kisa ki ka rive si yo fèmen w nan yon enstitisyon epi oumenm oswa madanm/mari w transfere nenpòt ki byen oswa lajan pou aplike yo pou Asistans Medikal. Yon transfè fèt lè ou fè kado lajan oswa byen ou genyen oswa ou vann yon byen ou genyen a yon pri ki pi ba pase sa l vo a. Ou **ka kenbe** kèk bagay ou genyen oswa lajan pou oumenm ak fanmi w epi ou toujou ka resevwa Asistans Medikal. Si oumenm oswa mari/madanm ou transfere **lòt** lajan oswa lòt byen, Asistans Medikal **ka pa peye** pou swen medikal suivan yo pandan yon peryòd, tou depann de ki kantite lajan oswa byen w transfere:

1. Swen lazil pou gramoun
2. Kèk swen lakay ou, ki menm jan ak swen nan lazil pou gramoun
3. Swen ou resevwa nan lopital, lè w pa bezwen swen lopital ankò epi w ap tann swen lasante adomisil

Men, Asistans Medikal **ap** peye pou **lòt** swen medikal si w kalifye pou resevwa yo.

Nan pifò sikontans, si w vle resevwa Asistans Medikal okonplè, ou pa ka transfere lajan oswa byen ou genyen. Gendelè, ou ka transfere lajan oswa byen ou genyen epi w ap toujou resevwa Asistans Medikal la okonplè si:

- Ou transfere lajan oswa byen ou genyen bay mari w oswa madanm ou.
- Ou transfere lajan oswa byen ou genyen bay yon pitit ou yo rekonèt ki avèg oswa ki enfim. Depatman sèvis sosyal lokal kote wa p aplike a dwe deside si yo sètifye pitit ou a avèg oswa enfim.
- Byen ou te transfere a se kay ou, epi ou te transfere l bay mari w, madanm ou, pitit ou ki poko gen 21 an oswa pitit ou ki gen nenpòt ki laj men yo sètifye ki avèg oswa enfim. Depatman sèvis sosyal lokal kote wa p aplike a dwe deside si yo sètifye pitit ou a avèg oswa enfim.
- Ou transfere kay ou bay sè w oswa frè w ki te deja gen dwa sou yon pati nan kay la epi ki t ap viv nan kay la pandan omwen yon ane touswit anvan ou tal nan yon lazil pou gramoun nan.
- Ou ka transfere kay ou sou non pitit ou si pitit ou te rete nan kay ou omwen 2 zan imedyatman anvan w antre nan yon azil pou gramoun, epi pitit ou te okipe w defason pou te ka rete lakay ou olye w te ale nan azil pou gramoun nan.
- Ou etabli yon fon lajan pou yon moun ki poko gen 65 an yo rekonèt ki enfim. Depatman sèvis sosyal lokal la dwe deside si moun sa a sètifye kòm enfim.

Lè depatman sèvis sosyal lokal la deside w tranfere nenpòt ki sa w genyen oswa lajan epi w panse yo fè yon erè, ou gen dwa pwouve w pat tranfere byen ou te genyen oswa lajan an, lè w fè bagay suivan yo:

- ou pwouve ou te gen entansyon vann byen an pou pri li vo oswa pou resevwa yon lòt bagay ann echanj ki gen menm valè
- ou pwouve ke w te debarase w de lajan an oswa byen an inikman pou kèk lòt rezon apade resevwa swen medikal ki liste pi wo a nan repons 1, 2 oswa 3.
- ou pwouve ke malgre tout sa w eseye fè, ou pa ka reprann lajan an oswa byen an oswa w paka jwenn yon bagay ki gen menm valè, epi w paka resevwa swen medikal ou bezwen san Asistans Medikal. Ou fèt pou mete tèt ansanm ak depatman sèvis sosyal lokal la lè w ap eseye rejwenn lajan oswa byen ou yo.

K. Èske Y ap Fè Yon Reklamasyon sou Kay Mwen Lè M Mour?

R. Si w resevwa sèvis medikal epi Asistans Medikal peye pou sèvis sa yo, jou ou gen **senkantsenk** an oswa apre ou gen **senkantsenk** an, oswa lè w ap viv nan yon enstitisyon medikal pou tout tan, Asistans Medikal **ka** pran kantite lajan depans sa yo sou byen ou yo lè w mouri.

K. Èske M Ka Jwenn Asistans Medikal Si M Pa Yon Sitwayen Peyi Etazini?

- R. Pou ka antre nan Pwogram Asistans Medikal la, ou fèt pou gen dokiman ki pwouve idantite w, sitwayènte w oswa/ak kondisyon imigrasyon ki satisfezan. Si w ansent, ou pa oblige di nou ki nasyonalite w ni kondisyon imigrasyon ou. Si kondisyon imigrasyon w pa satisfezan, ou ka kalifye pou yo ba w Medicaid pou trete yon ijans medikal. Pou objektif kalifikasyon antan sitwayen Ameriken, Etazini enkli 50 eta yo, Distrik Kolonbya, Pòtoriko, Guam, Zile Vyèj Etazini, ak Zile nan Maryana Dinò. Natifnatal ki soti nan Samoa Ameriken oswa Zile Swain yo, yomenm tou yo konsidere yo kòm sitwayen Etazini pou Asistans Medikal. Met sou li, si w se yon Ameriken Natifnatal ki fèt Kanada, epi w gen omwen 50% san Natifnatal Ameriken nan venn ou oswa si w yon Natifnatal Ameriken ki te fèt andeyò Etazini epi w se yon manm yon tribi gouvenman federal la rekonèt, yo konsidere w tou kòm sitwayen Etazini pou Asistans Medikal.

Otreman, si w **pa** yon sitwayen Etazini, si pou ou kalifye pou Asistans Medikal, ou fèt pou soumèt dokiman ki pwouve ou se yon etranje ki koresponn ak youn nan kategorii imigrasyon suivan yo:

- yon etranje yo admèt Ozetazini antanke refijye dapre Seksyon 207 nan Lwa Imigrasyon ak Nasyonalite (INA); oswa
- yon etranje yo bay azil dapre sa ki ekri nan Seksyon 208 nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite; oswa
- yon etranje ke yo retni depòtasyon I oswa ranvwa I dapre Seksyon 241(b)(3) oswa 243(h) nan Lwa Imigrasyon ak Nasyonalite; oswa
- yon etranje yo admèt Ozetazini antanke Kiben/Ayisyen; oswa
- yon etranje yo aksepte kòm yon imigran Amerazyen; oswa
- yon etranje ki aktif nan Fòs Ame Ameriken oswa, yon veteran yo te ranvwaye avèk mansyon onorab oswa madan marye oswa mari, moun ki pèdi mari/madanm yo ki pa remarye oswa timoun imigran sa yo ki pa marye ki sou kont paran yo; oswa
- yon etranje yo te admèt antanke rezidan legal pèmanan; oswa
- yon etranje yo te lage sou libète pwovizwa Ozetazini selon Seksyon 212(d)(5) nan Lwa Imigrasyon ak Nasyonalite pandan yon peryòd ki dire omwen 1 an; oswa
- yon etranje yo kite antre nan peyi a dapre kondisyon sa ki ekri nan Seksyon 203(a)(7) nan Lwa Imigrasyon ak Nasyonalite; oswa
- yon etranje ki te sibi abi fizik oswa gwo mechanste nan men yon mamm fanmi I nan peyi Etazini e ki satisfè sèten lòt kondisyon; oswa
- yon etranje ki te viktim abi grav moun sibi lè yo itilize yo pou trafik selon Lwa 2000 nan Pwoteksyon Vyolans ak Víktim Trafik; oswa
- yon etranje ki satisfè kritè Depatman Lasante etabli pou moun ki rezide an pèmanans dapre Koulè Lalwa (DOH Permanently Residing Under Color of Law: PRUCOL) e ki ka kalifye pou resevwa Asistans Medikal, pami kritè yo gen:
 - a. yon etranje ki an libète pwovizwa depi mwenske 1 an;
 - b. yon etranje k ap viv nan peyi Etazini selon yon Lòd Sipèvizon dapre Seksyon 241(a)(3) nan Lwa Imigrasyon ak Nasyonalite (INA);
 - c. yon etranje ki rezide nan peyi Etazini selon yon lòd yo pase pou pa depòte I; yon lòd yo bay pou yo anile ranvwa I selon Seksyon 240A nan Lwa Imigrasyon ak Nasyonalite (INA);
 - d. yon etranje ki benefisyé lefèt ke yo repòte desizyon li a yon lòt dat, ki fè depa yo vin retade;
 - e. yon etranje yo akòde yon viza « K3 » oswa « K4 » etabli anba Lwa Imigrasyon sou Ekite Familyal Legal (Legal Immigration Family Equity Act: LIFE Act);
 - f. yon etranje ki te soumèt yon demann pou yo ajiste kondisyon imigrasyon I pou I vin gen rezidans pèmanan ke Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (United States Citizenship and Immigration Services : USCIS) te akspete puiske yo te soumèt demann lan kòrèkteman oswa ke yo apwouye I;
 - g. yon etranje yo te bay otorizasyon pou yo pat depòte I;
 - h. yon etranje yo bay chans pou li kite peyi a volontèman;
 - i. yon etranje ki te rantre e ki kontinye rete nan peyi Etazini depi 1ye janvye 1972;
 - j. yon etranje yo te otorize pou yo sispann depòtasyon I; oswa
 - k. yon etranje k ap viv nan peyi Etazini epi ajans imigrasyon federal la (USCIS) konnen li nan peyi a e yo ba I pèmisyon pou I rete epi ajans imigrasyon an pagen entansyon fè I pati. Men kèk egzanp, men se pa sa yo sèlman ki genyen: moun ki viv nan peyi a an pèmanans e ki pa imigran, selon P.L.99-239, (sa aplikab pou sitwayen Eta Federal Mikwonezi ak Zile Marshall yo); moun ki aplike pou chanje kondisyon imigrasyon yo, sa ki fè demann azil, sa yo sispann depòtasyon yo oswa anile ranvwa yo oswa y ap pran desizyon an nan yon lòt dat; moun yo otorize pwolonje tan y ap fè nan peyi a; moun yo ofri pou yo kite peyi a volontèman oswa yo andifere pwosedi pou fè moun yo pati (Deferred Enforced Departure) poutèt kondisyon ki egziste nan peyi dorjin yo; imigran ki rete sou Kondisyon Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protection Status : TPS); ak imigran ki gen viza « K » « V » « S » oswa « U. »

Si w se yon etranje epi w pa nan okenn nan kategori imigrasyon ki sou lis ki pi wo a, ou ka jwenn èd ak swen medikal si w ansent oswa si w bezwen tretman medikal poutèt yon pwoblèm medikal ann ijans.

K. Èske Gen Limit Sou Kantite Fwa Mwen Ka Resevwa Sèten Sèvis Medikal Atravè Pwogram Asistans Medikal La?

R. Wi. Gen limit nan jande sèvis suivan yo:

Kantite Vizit, atik, oswa tès laboratwa w ka fè pandan yon lane.		
Moun k ap resevwa sèvis yo ki:	Twaka Lòt Moun ki gen:	
- pokò gen 21 an oswa ki gen 65 an oswa plis	- ant 21 ak 65 an	
- yo sètifye ki enfim		
- yo sètifye ki avèg		
- Yon moun ki pa marye k ap pran swen yon timoun ki pokò gen 18 an		
Kalite Sèvis		
Doktè ak/oswa Klinik	10 vizit	10 vizit
Laboratwa	18 tès	18 tès
Famasi (medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon.)	40 atik	43 atik
Klinik Sante Mantal	40 vizit	40 vizit
Klinik Dantè	03 vizit	03 vizit

Y ap Kouvri Swen Medikal Ann Ijans Menmsi W Rive Nan Limit Sa yo.

Yo pa mete limits sou sèvis ki ekri piba yo:

- Sèvis planin familyal
- Tretman antretyen Metadòn
- Sèvis Obstetrik (gwosè)
- Swen yo bay anba yon pwogram swen kontwole
(Gade nan Pwogram Swen Kontwole yo nan tiliv sa a)
- Dyaliz pou ren
- Plan Asirans Maladi pou JennTimoun
- Pou lòt sèvis yo, rele nan nimewo **1-800-421-3891**

Ane Benefis

Limit sèvis yo se yon peryòd 12 mwa ki rele yon ane benefis, ki kòmanse nan mwa ou kalifye pou Asistans Medikal. Limit sa yo ap toujou rete menm jan menmsi w resevwa oswa menmsi w pa resevwa Asistans Medikal pandan ane benefis sa a. Apre ane benefis la fini, ap gen yon nouvo ane benefis 12 mwa ki pral kòmanse ak menm kantite sèvis ki limite yo (pa egzanp: 18 tès laboratwa). Yo p ap ajoute sèvis ou pat itilize nan dènye ane benefis la sou nouvo ane benefis la.

Pandan chak ane benefis, n ap kontwole kantite sèvis ou itilize a epi n ap fè w konnen pa lapòs si w ap itilize sèvis yo twò vit epi si w prèske depase limit ou a. N ap fè w konnen pa lapòs si w rive nan limit sèvis ou a tou.

Kat Idantifikasyon Pou Benefis Komen (CBIC)

Lè w al pran yon sèvis medikal, doktè w, klinik oswa famasi a dwe verifye ak Asistans Medikal la anvan, pou yo ka wè si w rive nan limit sèvis medikal ou a. Li enpòtan pou toujou prezante Kat Idantifikasyon Pou Benefis Komen ou (CBIC) achak fwa w ale pran sèvis medikal. Chak manm ki gen yon kat va resevwa yon CBIC pou rezon Asistans Medikal.

Si w anrejistre nan yon plan swen kontwole, ou pral resevwa yon lòt kat swen sante ki pa menm ak CBIC w la. (Gade nan Kesyon ak Repons « Kisa Plan Swen Kontwole Medicaid Ye? »)

Si W Bezwen Plis Sèvis

Doktè w la ka ranpli yon aplikasyon espesyal ki rele « Aplikasyon Pou Depase Limit (Threshold Override Application) » pou mande Asistans Medikal la pou yo ogmante kantite sèvis yo ka ba w yo oswa pou yo pa ba w yon eskiz pou pagen limit sou sèvis yo.

Ou dwe mande doktè w pou li ranpli Aplikasyon Pou Depase Limit la pou w ka jwenn plis sèvis lè:

- Oumenm oswa yon lòt moun lakay ou gen yon maladi grav oswa w malad toutan; oswa
- Ou resevwa yon lèt pwogram Asistans Medikal la k ap fè w konnen w ap itilize sèvis ou yo twò vit ak si w prèske depase limit ou; oswa

- Ou resevwa yon lèt pwogram Asistans Medikal ki di w rive nan limit sèvis ou a.

Si w bezwen sèvis ki depase limit ou, asire w ke w mande doktè w pou I ranpli Aplikasyon Pou yo Depase Limit la (Threshold Override Application). Sonje, si w pa mande pou yo ba w plis sèvis epi w depase limit ou, Asistans Medikal pap peye pou okenn sèvis anplis, sòf si se pou swen medikal ann ijans, jiskaske nouvo ane benefis ou an rekòmanse.

Pwogram Swen Kontwole

Si w enskri nan Pwogram Swen Kontwole Medicaid, Pwogram Pou Depase Limit la pa konsène w, eksepte pou famasi. Pou w konnen si gen yon Pwogram Swen Kontwole Medicaid ou ka jwenn, tanpri rele depatman sèvis sosyal lokal la. Si w gen Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus), Limit Itilizasyon an pa konsène w, men ka gen limit sou kèk sèvis.

Si ou gen nènpòt kesyon

Rele depatman sèvis sosyal lokal la epi mande pale ak Kowòdinatè Swen Kontwole Medicaid la (pati nò Nouyòk). Nan Vil Nouyòk, rele **1-800-505-5678** gratis.

Dwa pou Odyans san Patipri

Ou gen dwa pou w gen yon Odyans san Patipri si yo rejte yon aplikasyon ou te fè pou yon eksepsyon oswa pou w ka gen yon ogmantasyon epi ou rive nan limit sèvis ou yo. Nan odyans sa a, ou ka pale pou di si nou te byen kontwole kantite sèvis ou itilize yo.

Se depatman sèvis sosyal lokal la ki pral deside si w kalifye pou Asistans Medikal. Anjeneral, ou fèt pou kontakte depatman sèvis sosyal lokal la si w ta gen nènpòt kesyon konsènan aplikasyon w pou Asistans Medikal. Si w gen kesyon jeneral konsènan Asistans Medikal nan Leta Nouyòk, ou ka rele nimewo pou apèl gratis la nan **1-800-541-2831**.

K. Èske Gen Sèten Egzijans Nan Pwogram Yo Ki Ka Limite Ki Tip Medikaman Mwen Ka Pran?

- R. Lalwa sou Asistans Medikal egzije moun ki resevwa Asistans Medikal Leta Nouyòk pou yo resevwa medikaman jenerik olye de medikaman ki gen mak dorijin. Lwa a egzije doktè yo pou yo preskri vèsyon medikaman jenerik la, amwenske yo gen yon apwobasyon espesyal pou yon medikaman mak fabrik.

SANTE FANMI ANPLIS (FAMILY HEALTH PLUS: FHPlus)

K. Kisa FHPlus Ye?

- R. FHPlus se yon pwogram asirans sante publik pou granmoun ki gen ant 19 e 64 an daj ki gen lajan revni ki twò wo ki fè yo paka kalifye pou Asistans Medikal. FHPlus disponib pou granmoun ki selibatè, pou koup ki pagèn timoun, ak paran ki gen lajan revni ki limite e ki pa kalifye pou asirans medikal kote y ap travay la patwone atravè plan benefis Federal, Leta, konte, minisipal oswa atravè distrik lekòl la. Gen prim asirans medikal Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus) ki disponib pou moun ki gen asirans sante atravè lòt kote y ap travay. Pou ka kalifye pou FHPlus, ou fèt pou rezidan Nouyòk, epi w fèt pou se sitwayen peyi Etazini, oswa yon etranje ki tonbe nan youn nan kategori imigrasyon nou te dekri pi wo a. Epitou gen dè direktiv sou lajan revni ak lajan resous ou dwe satisfè. Ou fèt pou seleksyon asirans sante w atravè yon plan asirans medikal ki patisce nan pwogram swen kontwole, nan zòn kote w rete a.

K. Kijan Pou M Fè Pou M Kalifye Pou Asistans Prim FHPlus?

- R. Si w gen asirans atravè konpayi pou sa w ap travay la, ou ka kalifye pou resevwa èd pou peye pati prim asirans ou gen pou peye sou bò pa w.

K. Kijan M Ka Aplike?

- R. Lè w aplike pou Asistans Medikal, li te mèt se nan biwo sèvis sosyal lokal la oswa ak yon moun ki fasilité moun aplike, yo konnen touswit si w kalifye pou resevwa Medicaid oswa FHPlus otomatikman. Si w kalifye, yo pral ba w asirans ki koresponn ak sa w kalifye pou li a.

K. Ki Benefis Mwen Ka Jwenn?

- R. FHPlus bay asirans konplè, ikonpri: swen prevansyon, swen sante primè, swen lè w entèn lopital, medikaman sou preskripsyon ak lòt sèvis ankò. Gen kèk sèvis ki limite. Yo ka mande w peye yon kopeman pou sèten sèvis. FHPlus pa kouvi: swen nan azil pou granmoun, swen sante adomisil alontèm, swen pèsonèl ak transpò lè pa gen ijans. Sèten plan asirans FHPlus ofri swen dantè; gen lòt ki pa ofri l.

K. Si Mwen Amenaje Nan Yon Nouvo Konte, Èske Mwen Oblije Reyaplike Pou M Jwenn Medicaid/FHPlus?

- R. Non. Si w demenaje, ou fèt pou bay depatman sèvis sosyal lokal la nouvo adrès la. Si pagèn okenn lòt chanjman nan

sikonstans ou ki afekte kalifikasyon w. Yo pral transfere ka Medicaid ou nan nouvo konte kote w rete a.

K. Kijan Yo Founi Swen Medikal?

- R. Nan pwogram FHPlus la, yo founi swen medikal atravè dè plan asirans medikal ki kontwole. Ou dwe chwazi yon plan sante ki nan pwogram la lè w ap aplike. Lè w chwazi plan sante a, ou dwe ale nan lopital ki patisipe nan plan an oswa kay moun ki fè tretman maladi ki patisipe nan plan an. W ap gen pwòp kat pa w pou plan sante a pou plan an ka ba w sèvis. Epitou, ou pral resevwa yon Kat Identifikasiyon Pou Benefis Komen (Common Benefit Identification Card: CBIC) pou ka itilize benefis famasi kouvri. Si w te konn resevwa benefis anvan epi yo te voye yon kat pou ou, yo pap voye yon nouvo kat pou ou pa lapòs otomatikman. Si posib, ou fèt pou sèvi ak menm kat ou te resevwa anvan an. Tanpri, sere kat ou an yon kote ki an sekirite epi avize travayè sosyal ou a imedyatman si kat ou a pa mache, si li pèdi oswa si yo volè l. Menmsi w pa resevwa benefis ankò, kenbe kat sa a. Si w vin kalifye ankò, se menm kat la w ap gen pou itilize ankò.

K. Kijan Pou M Fè Pou M Chwazi Yon Plan Asirans Sante?

- R. Lè w ap chwazi yon plan sante, ou dwe panse a ki doktè w vle, sèvis oumenm ak fanmi w bezwen, epi plan swen sante yo ofri w la. Chache konnen si doktè ou vle wè a nan plan sante ou chwazi a. Apre w fin rantre nan plan an, ou dwe sèvi ak lopital, klinik oswa doktè ki nan plan sa a.

K. Konbyen Kòb Li Koute?

- R. Ou pagen pou peye anyen pou antre nan yon FHPlus, epi pagen ni frè anyèl e ni dediktib. Yon fwa w antre nan plan an, yo ka mande w pou peye yon pati nan depans pou sèvis/swen medikal yo. Yo rele sa kopeman.

Men lis montan kopeman pou FHPlus:

<u>SÈVIS</u>	<u>MONTAN AN (\$)</u>
• Preskripsyon Medikaman Dorijin	\$6 pou chak preskripsyon epi pou chak nouvo ranplisaj (rifil)
• Preskripsyon Medikaman Jenerik	\$3 pou chak preskripsyon epi pou chak nouvo ranplisaj (rifil)
• Vizit nan klinik	\$5 pa vizit
• Vizit kay Doktè	\$5 pa vizit
• Vizit pou Sèvis kay Dantis	\$5 pa vizit, jiska \$25 ototal chak ane
• Tès Laboratwa	\$0.50 pou chak tès
• Sèvis Radyolojik (tankou dyagnostik radyografi, ultrason, medsin nikleyè, ak sèvis onkoloji	\$1 pou chak sèvis radyoloji
• Pasyan ki entène lopital	\$25 pa sejou (tan w pase nan lopital la)
• Vizit nan sal dijans ki pa ijans	\$3 pa vizit
• Medikaman san preskripsyon yo kouvri (pa egzanp, pwodui pou sispann fimen, ensilin)	\$0.50 pa medikaman
• Materyèl medikal yo kouvri (pa egzanp, ekipman dyabetik tankou sereng, lansèt, bandlèt pou tès, fòmil enteral)	\$1 pa materyèln

Fam ansent oswa moun ki poco gen 21 ane p ap gen pou peye okenn kopeman. Anplis, moun ki enskri yo pagen pou peye okenn kopeman pou sèvis planin familyal, ikonpri gress kontraseptif (pou pa fè pitit), oswa si yo rezide an pèmanans nan yon azil pou grammoun, si yo se rezidan Etablisman ki bay Swen Entèmedyè pou moun ki Mantalman Andikape (Intermediate Care Facility for the Developmentally Disabled), oswa si yo nan yon Biwo Sante Mantal oswa nan yon Rezidans Kominotè ki Sètifye Biwo pou Retadasyon Mantal ak Andikap onivo Developman (Office of MEtal Ratardation and Development Disabilities Certified Community Residence). Si w se yon rezidan nan etablisman ki okipe grammoun e ki gen lisans Depatman Sante Leta a, ou pagen pou peye okenn kopeman pou medikaman sou preskripsyon.

Si w paka peye kopeman an lè w ap resevwa sèvis la, avize founisè a. Malgretou, founisè a fèt pou l ba w sèvis la sepandan li ka voye bòdwo a ba ou apre.

K. Èske FHPlus Ka Ede Ak Bòdwo Medikal Ki Pase Deja?

- R. Non. Se pa menm jan ak Medicaid, FHPlus pa ka peye pou okenn tretman w te resevwa anvan w te anrejistre nan plans asirans FHPlus.

K. Ki Kote M Ka Jwenn Plis Enfòmasyon Sou FHPlus?

- R. Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram FHPlus la, ou ka rele nan liy asistans pou apèl gratis la ki se **1-877-9FHPlus (1-877-934-7587)** oswa ale nan sit entènèt FHPlus la nan <http://www.health.state.ny.us/nysdoh/whatisfhp.htm>.

- K.** **Si W Gen Yon Enfimite Epi W Ap Travay Epi W Gen Plis Lajan Revni Ak Lajan Resous Pase Sa Medicaid Otorize, Èske Gen Yon Fason Kèlkonk Pou W Ka Jwenn Oswa Pou W Ka Kenbe Asirans Sante Medicaid?**
- R.** Wi, si w gen ant 16 e 64 an, epi w gen yon enfimite jan Administrasyon Sekirite Sosyal defini I, epi w ap travay, ou ka gen lajan revni jiska 250% anplis ke montan Nivo SPòvrete Federal la etabli (Federal Poverty Level: FPL) ak lajan resous ki rive jiska \$10,000, annik patisipe nan Pwogram Dacha Asirans Medicaid pou Moun Ki Enfim K Ap Travay(Medicaid Buy-In program for Working People with Disabilities: MBI-WPD). Yo ka fè w peye yon prim chak mwa pou patisipe nan pwogram sa si w gen lajan revni ant 150% ak 250% anplis de FPL la.
- K.** **Kisa K Ap Rive Si W Pa Kalifye Pou Medicaid Oswa pou FHPlus? Èske Gen Lòt Tip Èd?**
- R.** Pwogram Sèvis Sante pou Moun ki gen Kansè ki fè patide Depatman Sante Leta Nouyòk (New York State Department of Health Cancer Services Program) fè depistaj nan tete (sen), depistaj sèvikal, ak kolorektal, epi moun ki kalifye ki pagen asirans sante pap gen anyen pou yo peye. Si yo dekouvi w gen kansè nan tete, kansè sèvikal oswa kansè kolorektal, ou ka petèt jwenn asirans sante Medicaid. Epitou, si yon dòktè nan pwogram nan dekouvi w gen kansè nan pwostat, ou ka petèt jwenn asirans sante Medicaid. Pou ka gen plis enfòmasyon, rele nan nimewo **1-800-422-2262** gratis.

SEKSYON C**LAJAN SIPÒ POU TIMOUN****K. Kisa Sèvis Ranfòsman Lajan Sipò Pou Timoun Ye (Child Support Enforcement Services)?**

- R.** Sèvis Ranfòsman lajan sipò pou timoun se yon seri sèvis Divizyon pou Ranfòsman Lajan Sipò Pou Timoun (Child Support Enforcement Unit: CSEU) bay atravè chak distrik sèvis sosyal. Men sa CSEU pral fè pou ou, lè li nesesè:
- y ap fè rechèch sou òdinatè pou lokalize yon paran ki pagen gad legal timoun;
 - y ap etabli patènité legal yon timoun, pou sa fèt, y ap swa ede toulede paran yo siyen yon rekonesans patènité volontèman oswa y ap refere ka a nan tribinal;
 - yo ka soumèt yon petisyon nan tribal pou fanmi kòmkwa pou fè tribal la pase paran an yon lòd pou l peye lajan sipò pou timoun, ikonpri dispozisyon pou paran an bay asirans medikal ak sipò lajan kach pou depans medikal dapre rekòmandasyon leta a etabli konsènan lajan sipò pou timoun.
 - yo ka soumèt yon petisyon nan tribal la pou yo modifye yon lòd pou peye sipò pou timoun kote ki ta gen yon chanjman enpòtan ki fèt nan sitiyasyon moun nan;
 - y ap kolekte epi y ap debouse lajan sipò pou timoun nan nan men paran ki pagen gad legal la, pou l peye sipò pou timoun nan, oswa pou l sipòte timoun ak madanm/mari l;
 - y ap fè ranfòse lajan sipò pou timoun nan, oswa lajan sipò pou timoun ak madanm/mari l, ak posibilite pou yon tribal pran aksyon legal, met sou li: yo ka fè prelèvman lajan an dirèkteman nan salè paran an, yo ka fè pran lajan ranbousman konpansasyon taks leta ak taks federal paran an, yo ka sezi kont li gen labank, lajan li genyen nan lotri epi yo ka revoke lisans oswa yo ka fè tribal la pran aksyon legal pou ranfòse desizyon yo te pran an, met sou li: yo ka fè sispann lisans travay oswa lisans pwofesyonèl leta bay paran an, yo ka fè sispann lisans pou aktivite rekreyatif li, ak nenpòt ki lòt desizyon nan tribal, depi lalwa bay otorizasyon pou sa;
 - yo ka fè revize lòd lajan sipò pou timoun nan epi, si posib, yo ka fè aplike ajisteman lajan sipò a poutèt pri lavi a k ap ogmante.

Si paran ki pagen gad legal timoun nan rete nan yon lòt eta, swa biwo CSEU bò lakay ou oswa ajans pou sipòte timoun ki nan lòt eta a ka ede w etabli patènité a, epi biwo a ka ede w etabli, modifye ak/oswa ranfòse yon lòd pou resevwa lajan sipò pou timoun nan, pouvi li nesesè e awopriye.

K. Kimoun Ki Ka Resevwa Sèvis Ranfòsman Lajan Pou Sipò Timoun?

- R.** Nenpòt ki paran, kit li gen gad legal kit li pagen gad legal timoun nan, oswa yon moun k ap okipe timoun nan antanke responsab legal yon timoun ki bezwen lajan sipò; se moun sa yo ki ka resevwa sèvis pou fè ranfòse lajan sipò pou timoun nan.

Sèvis sa yo disponib pou publik la anjeneral, yo disponib tou pou moun k ap aplike/k ap resevwa Asistans Tanporè, Asistans Filè Sekirite (Safety Net Assistance), Asistans Medikal (Medical Assistance), moun ki gen timoun leta plase lakay yo selon Atik IV-E (Title IV-E) oswa san Atik IV-E (Title IV-E), moun k ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje ak moun k ap resevwa oswa k ap aplike pou sèvis Swen pou Timoun.

K. Kijan Pou M Fè Pou M Aplike?

- R.** Pou aplike, kontakte CSEU ki nan depatman sèvis sosyal lokal la oswa, si w rete nan Vil Nouyòk, annik kontakte Divizyon Ranfòsman Lajan Sipò pou Timoun ki nan Biwo Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration Office of Child Support Enforcement : HRA OCSE) pou ka pran e ranpli yon aplikasyon pou sèvis lajan sipò pou timoun. Si w ap aplike

pou Asistans Tanporè (Temporary Assistance) pou yon timoun epi yo bezwen etabli patènité legal timoun nan; oubyen kote yo ta wè gen yon paran ki pagen gad legal la, yo pral refere w otomatikman bay CSEU.

K. Kisa K ap Rive Si Mwen Aplike Oswa Yo Refere M Pou Ranfòsman Lajan Sipò pou Timoun?

R. CSEU pral fè yon entèvyou avèk ou pou detèmine ki sèvis ki nesesè pou garanti sipò pou timoun(yo). Pandan entèvyou a yo pral mande w pou w bay enfòmasyon ak soumèt dokiman, tankou:

- non paran ki pa gen gad legal la, nimewo Sekrite Sosyal, dat nesans ak adrès postal ak rezidansyèl;
- non ak adrès patwon paran ki pa gen gad legal la;
- kopi enfòmasyon sou revni pou oumenm ak paran ki pa gen gad legal la (pa egzanp, dokiman taks, souch chèk pewòl, papye labank ak papye biznis);
- enfòmasyon sou asirans sante ki disponib;
- ak nesans timoun nan oswa yon sètifikasi maryaj;
- kopi lòd tribal pou sipò, akò separasyon, dekrè divòs oswa rekonesans patènité; ak
- enfòmasyon sou depans pou pitit ou (pa egzanp, depans pou gadri, pou swen sante ak pou depans pou lekòl).

Enfòmasyon sa a enpòtan anpil pou pèmèt pwogram ranfòsman sipò pou timoun nan akselere pwosesis la pou w ka jwenn sipò pou timoun. Travayè sosyal k ap travay nan dosye sipò pou timoun ou an pral ede w avèk pwochen etab nan pwosesis la.

K. Si M Aplike Pou Asistans Tanporè, Èske Mwen Oblije Kolabore Ak Pwogram Ranfòsman Lajan Sipò pou Timoun nan ?

R. Wi, pou w kalifye, ou dwe:

- kolabore ak ajans la pou w ka etabli patènité legal nenpòt timoun ki fèt andeyò maryaj; epi
- kolabore ak ajans la pou w etabli, modife ak ranfòse lajan sipò pou nenpòt ki timoun ki ta bezwen asistans.

K. Kisa K Ap Rive Si M Pa Kolabore Ak Pwogram Pou Ranfòse Lajan Sipò Pou Timoun Lan?

R. Lè yon moun, san rezon valab, pa kolabore ak pwogram ranfòsman lajan sipò pou timoun nan, yo diminye de 25 poustan benefis Asistans Tanporè (Temporary Assistance) ki disponib pou kay la.

K. E Si Mwen Pa Vle Kolabore Poutèt Mwen Gen Enkyetid Pou Sekirite Timoun Nan Oswa Pou Sekirite M?

R. Ou dwe fè travayè sosyal ou konnen ki enkyetid ou genyen. Alèkile, travayè sosyal la pral gide w pou ka pran mezi ki nesesè pou konnen si w gen yon rezon valab oswa si w bezwen pou yo ba w yon egzansyon poutèt vyolans domestik dapre egzijans yo etabli pou lajan sipò pou timoun.

K. Lè Mwen Aplike Pou Asistans Tanporè, Èske Se Pou Mwen Transfere Dwa Mwen Pou M Resevwa Peman Lajan Sipò pou Timoun?

R. Wi. Apatide 1ye oktòb 2009, nouvo aplikan/moun k ap resevwa Asistans Tanporè dwe transfere nenpòt dwa pou sipò ki akimile pandan peryòd asistans ke aplikan/benefisyè a ka genyen nan non I oswa onon nenpòt lòt moun nan fanmi I pouki aplikan an/benefisyè a ap aplike oswa ap resevwa asistans. Moun ki se aplikan/benefisyè Asistans Tanporè anvan 1ye oktòb 2009, kontinye transfere tout dwa pou sipò ki onon yo oswa ki onon nenpòt lòt moun nan fanmi yo pouki aplikan an/benefisyè a ap aplike oswa ap resevwa asistans, Kit dwa sa yo akimile pandan peryòd asistans lan, kit yo pa akimile.

Dwa sipò pou Asistans Tanporè aplikan yo/benefisyè yo te transfere bay Leta a anvan 1ye oktòb 2009 pral kontinye transfere si moun sa yo re-aplike pou Asistans Tanporè le 1ye oktòb 2009 oswa anvan sa. Sepandan, pou nouvo aplikan/benefisyè se sèlman dwa pou sipò ki akimile pandan y ap resevwa asistans lan k ap afekte pa nouvo transfè ki fèt le 1ye oktòb 2009 la oswa anvan sa.

K. Si M ap Resevwa Asistans Tanporè, Èske Mwen Pral Resevwa Peman Lajan Sipò pou Timoun Tou?

R. Lè ou transfere dwa w pou sipò, peman lajan sipò pou timoun ou kolekte pandan w ap resevwa Asistans Tanporè a, distribye toudabò bay ajans la pou ranbouse benefis yo te bay oumenm ak manm fanmi w ki nan dosye Asistans Tanporè w la. Sepandan, pou chak mwa yo kolete sipò aktyèl la, ou pral resevwa yon kat EBT "yon peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo [pass-through payment]" ke yo pral pran nan lajan yo distribye bay ajans lan. Yon fwa yo fin ranbouse tout benefis yo te peye w yo, dapre pwovizyon ki nan nenpòt transfè dwa pou sipò, yo pral peye w nenpòt montan amplis de sipò yo kolekte a, sou kat EBT w la kòm yon "peman sipò amplis."

K. Kisa yon Pòsyon Nan Lajan Sipò yo Bay Moun K Ap Resevwa Asistans yo [Pass-Through Payment] ye?

A. Yon pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo [pass-through payment] se yon pòsyon nan koleksyon sipò aktyèl yo deziyen an, ke lè yo peye I alè, leta a pase I bay fanmi k ap resevwa Asitans Tanporè aktyèlman an. Pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo se montan ki pi piti pase montan jiska premye \$100 sipò aktyèl yo kolekte chak mwa a oswa pase montan obligasyon sipò aktyèl la. Efektif 1ye janvye 2010, peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun

k ap resevwa asistans yo ki se \$100, pral kontinye fèt si gen yon moun ki gen mwenske 21 lane e ki aktif nan ka Asistans Tanporè a. Si gen de oswa plizyè moun ki gen mwenske 21 lane ki aktif nan menm dosye Asistans Tanporè a, peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo pral ogmante pou l pa depase yon montan jiska premye \$200 sipò aktyèl yo kolekte chak mwa a oswa montan lajan sipò aktyèl yo kolekte pou obligasyon chak mwa a. Yo pa konsidere pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo nan bidjè a lè y ap detèmine montan Asistans Tanporè ke fanmi an pral resevwa men ki ka diminye sou Benefis Koupon pou Achte Manje yo.

K. Kisa K ap Rive Peman Lajan Sipò Pou Timoun Mwen Yo ki Anreta Lè Lajan Sipò Yo Kolekte a Repeye Tout Benefis Asistans Tanporè M Yo?

- A. Pandan w ap resevwa Asistans Tanporè, si yo repeye tout benefis yo ba w yo ki te sipoze aplike pou transfè lajan sipò pou timoun yo, se dwa w pou resevwa peman sipò yo kolekte pou nenpòt peman sipò ki anreta/oswa peman ki pa peye ke yo dwe w. Apatide 1ye oktòb 2009, peman anreta sa yo, Divizyon Koleksyon Sipò a (Support Collection Unit) ap peye w yo dirèkteman kòm "peman familyal anreta." Anplisdesa, tout moun nan kay la ka resevwa yon pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo, si gen yon koleksyon sipò aktyèl.

K. Kouman Peman Familyal Anreta a Pral Afekte Benefis Mwen Yo?

- A. Yo pral rapòte bay depatman sèvis sosyal lokal ou a montan peman familyal anreta a epi yo pral revwa l pou detèmine si li afekte elijibilite w pou resevwa Asistans Tanporè, benefis Koupon pou Achte Manje ak/oswa Medicaid.

K. Lè Mwen P Ap Resevwa Asistans Tanporè Ankò, Èske Sèvis Ak Koleksyon Lajan Sipò Pou Timoun yo Pral Kontinye?

- A. Sèvis Ranfòsman Sipò Pou Timoun otomatikman kontinye apre ka Asistans Tanporè w la fèmen amwenske ou mande CSEU pou l fèmen ka w la. Si w kontinye Sèvis Ranfòsman Lajan Sipò Pou Timoun yo, ou pral resevwa tout lajan sipò pou timoun yo kolekte, esepte lajan yo kolekte pou lajan sipò ki te anreta/aryere yo te dwe Ajans la selon yon transfè pou n te vin gen dwa sou ka a lè w te aplike pou Asistans Tanporè.

K. Konbyen Tan Yon Paran Genyen Pou L Peye Lajan Sipò Pou Timoun Yo?

- R. Yon paran pa gen yon obligasyon pou l peye lajan sipò pou timoun

pou yon timoun jiskaske timoun nan gen 21 an. Lè timoun nan vin gen laj 21 an, paran an kontinye gen obligasyon pou l peye sèlman lajan sipò timoun ki anreta/aryere yo.

SEKSYON D BENEFIS KOUPEPOU ACHTE MANJE

K. Kisa Benefis Koupon pou Achte Manje Ye?

- R. Yo itilize benefis koupon pou achte manje pou pèmèt ou achte pwodui alimantè epi yo pèmèt ou itilize Kat Idantifikasyon pou Benefis Komen (CBIC) a pou peye pou pwodui alimantè yo. Twaka nan magazen ki vann pwodui alimantè aksepte kat CBI/EBT. Gade sou pòt oswa sou fenèt magazen an pou wè si l gen yon siy ki make Quest.

K. Kiyès Ki Ka Jwenn Benefis Koupon pou Achte Manje?

- R. Yo ka ba w Benefis Koupon pou Achte Manje si w:

- Ap travay epi w touche yon ti kras kòb
- Gen yon ti salè ba oswa ou pagen salè ditou
- Se yon Granmoun aje oswa w enfim
- Ou Resevwa Lajan Revni Sekirite Anplis (Supplemental Security Income: SSI) oswa Asistans Tanporè
- Sanzabri (menmsi w rete ak yon moun pou yon bout tan oswa ou rete nan yon abri publik pou yon bout tan)

REMAK: Menmsi w posede yon kay ak yon machin, ou ka toujou jwenn Benefis Koupon pou Achte Manje.

K. Èske M Ka Aplike Pou Benefis Koupon Pou Achte Manje Si M Rive Nan Limit Tan Asistans Tanporè a?

- R. Wi. Limit pou pwogram asistans lajan kach pa aplike pou Pwogram Benefis Koupon pou Achte Manje.

K. Kouman Pou M Aplike Pou Benefis Koupon Pou Achte Manje?

- R. Pou ka aplike, ou fèt pou w ranpli yon aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje. Ou ka reklame yon aplikasyon nan depatman sèvis sosyal lokal la. Anplis, ou ka teledeschaje epi enprime yon aplikasyon koupon pou achte manje nan <http://www.otda.state.ny.us/main/apps/4826.pdf>. Depatman sèvis sosyal lokal fèt pou l aksepte aplikasyon Koupon pou Achte Manje, oswa nan sant koupon pou achte manje ki bò lakay ou nan Vil Nouyòk, si w ranpli omwen non w, adrès ou (si w gen youn) ak siyati w. Se yon bagay ki enpòtan paske yo kòmanse kalkile kantite Benefis Koupon pou Achte Manje y ap ba w la apatide premye jou ou bay (**ranpli**) Aplikasyon w lan pou Benefis Koupon pou Achte Manje. Ou ka jwenn plis Benefis

Koupon pou Achte Manje si ou bay aplikasyon w lan menm jou ou jwenn li an. Men, tanpri remake, w ap oblige ranpli rès aplikasyon an pou w wè si w ka resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje.

REMAK: Si tout moun ki rete lakay ou aplike pou Asistans Tanporè, anpil fwa sa vle di w p ap oblige aplike pou Benefis Koupon pou Achte Manje apa. Epitou, ou pa bezwen aplike pou Asistans Tanporè pou w jwenn Benefis Koupon pou Achte Manje.

K. Kouman Pou M Aplike?

R. Ou ka ale aplike an pèsòn, ou ka voye l pa lapòs, oswa pa faks nan depatman sèvis sosyal lokal la. Si w rete andeyò Vil Nouyòk, rele nan nimewo pou apèl gratis la nan **1-800-342-3009** pou ka jwenn adres ak nimewo telefòn depatman sèvis sosyal lokal la. Si w rete nan Vil Nouyòk, ou ka jwenn adres ak nimewo telefòn sant ki pi pre w la, annik rele nan nimewo pou apèl gratis la nan **1-877-472-8411** oswa nan **1-800-342-3009**, oswa 311. Si w gen koneksyon entènèt, sit entènèt suivan yo pral ba w enfomasyon pou ka konnen ki ajans oswa ki sant ki pi pre w:
<http://www.otda.state.ny.us/main/workingfamilies/dss.asp>.

K. Èske Yon Lòt Moun Ka Aplike Pou Benefis Koupon pou Achte Manje Pou Mwen?

R. Ou ka chwazi yon moun nan fanmi w oswa yon zanmi pou aplike pou tout moun k ap viv lakay ou. Yo rele moun sa a « Reprezantan Otorize ». Ou fèt pou ekri ak lèt majiskil non yo, adres yo ak nimewo telefòn yo kote yo montre w pou ekri yo nan tiliv enstriksyon an. Anjeneral, espas la dèyè oswa nan fen aplikasyon an. Ni oumenm ni reprezantan otorize a fèt pou n siyen aplikasyon an, amwenske w rezide nan yon enstisyon. Si w vle, ou ka otorize moun ou chwazi a oswa yon lòt moun achte manje pou ou ak Benefis Koupon pou Achte Manje a. Pou l ka fè sa, yon Reprezantan Otorize ka pran pwòp kat EBT li (CBIC).

K. Èske M Oblige Aplike Pou Benefis Koupon Pou Achte Manje An Pèsòn?

R. Non. Ou ka aplike pa lapòs oswa yon lòt moun ka aplike pou ou.

REMAK: Si w gen koneksyon entènèt, annik ale nan sit www.myBenefits.ny.gov. chèche konnen si w kalifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje ak lòt sipò pou travay. Si tout moun ki nan kay ou ap aplike pou resevwa Revni Sekirite Anplis (SSI), oumenm tou w ka aplike nan Biwo Administrasyon Sekirite Sosyal ki bò lakay ou.

K. Kisa Ki Rive Lè M Remèt Aplikasyon Mwen An?

R. Lè w fin soumèt aplikasyon w lan, ou pral gen yon entèvyou konfidansyèl ak yon travayè sosyal. Dabitid, se oumenm ki pou parèt nan entèvyou sa a, sòfsi:

- ou gen yon Reprezantan Otorize ki ka ale avèk ou.
- sòfsi w gen 60 an osnon plis, oswa w andikape, epi w pagen yon Reprezantan Otorize ki ka ale pou ou.
- ou gen difikilte poutèt ou pagen mwayen transpò oswa w gen difikilte tankou ou rete nan yon zòn riral oswa yon kote byen lwen, ou malad, w ap okipe yon moun ki lakay ou, te gen move tan pandan ki te dire, oswa w travay nan lè ki fè lipa fasil pou ale nan biwo a, ka gen lòt difikilte ankò.
- ou rete poukонт ou epi w resevwa Revni Sekirite Anplis (SSI), oswa w rete ak madanm/mari w ki resevwa SSI sou bò pa l tou.
- ou pa ka kite kay ou.
- Asistans Benefis Koupon pou Achte Manje ki Pa Tanporè (Non-Temporary Assistance Food Stamp Benefits : NTA-FS) yo ba w pou moun lakay ou satisfè kritè Inisyativ Benefis Koupon pou Achte Manje pou Fanmi k ap Travay (Working Families Food Stamp Benefits Initiative) sétadi:
 - nenpòt ki adilt ki rete lakay ou ki resevwa koupon pou achte manje, se swa li (adilt la) travay an mwayèn 30 èdtan pa semèn **oswa** li reyalize anmwayèn chak semèn yon revni ki egal oswa ki plis pase montan revni minimòm gouvènman federal la fikse pou 30 èdtan travay pa semèn; oswa
 - si gen de (2) adilt ki rete lakay ou ki resevwa koupon pou achte manje, se swa yo chak travay 20 èdtan pa semèn **oswa yo reyalize** anmwayèn chak semèn yon revni ki egal oswa ki plis pase montan minimòm gouvènman federal la fikse pou 20 èdtan travay pa semèn; oswa.

Amwenske depatman sèvis sosyal lokal la deside egzante w pou pa resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje poutèt ou pa satisfè egzijans travay yo, yo ka mande w tou pou w patisiye nan aktivite travay ki antre nan kad Benefis Koupon pou Achte Manje.

REMAK: Si w pa ka ale nan entèvyou a epi w pagen moun ki pou ale pou ou, yo ka ba w yon entèvyou nan telefòn oswa travayè sosyal la ka mande pou li vin lakay ou.

K. Konbyen Tan L Ap Pran Pou M Resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje?

R. Li ka pran jiska 30 jou apatide premye dat ou aplike a.

K. Èske Mwen Ka Resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje Touswit?

R. Wi, ou ka resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje anvan senk jou kalandriye. Yo rele sa **Sèvis Akselere**.

Dabitid, ou ka resevwa **Sèvis Akselere** a si w kalifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje epi:

- moun lakay ou yo gen mwenske \$100 kach ak lòt resous lajan ki disponib **epi** y ap resevwa oswa yo pral resevwa mwenske \$150 revni anvan taks nan mwa w aplike a; **oswa**
- revni w ak resous lajan w genyen pi piti pase lajan w gen pou w peye lwave w oswa ipotèk/mògedj, san konte lajan chofaj, lajan pou sèvispublik (kouran, gaz, dlo) ak lajan telefòn ou genyen pou w peye anplis, **oswa**
- ou se yon travayè k ap pase nan yon lòt (travayè imigran) oswa ki travay pandan sezon nan fèm.

REMAK: Li pa nesesè pou w pagen manje pou w jwenn Sèvis Akselere pou Benefis Koupon pou Achte Manje.

K. Si Yo Jwenn Mwen Kalifye, Kouman Pou M Jwenn Benefis Koupon pou Achte Manje Yo?

R. Tanpri gade nan **Seksyon K: « Kouman pou Jwenn Benefis Pa Mwayen Transfè Elektwonik Benefis »** ki nan Liv sa a.

K. Kilè Mwen Ka Pran Benefis Koupon pou Achte Manje Mwen Yo?

R. **Si w pa rete nan Vil Nouyòk:**

Dènye nimewo sou dosye w la, depi 1 jiska 9, ap fè w konnen ki lè nan mwa a ou ka pran Benefis Koupon pou Achte Manje w yo. Tankou, si dènye nimewo sou dosye w se chif 2, ou ka pran Benefis Koupon pou Achte Manje w yo depi 2^{yém} jou nan mwa a. Si dènye nimewo sou dosye w la se chif 0, ou ka pran Benefis Koupon pou Achte Manje w yo depi 1^{ye} jou nan mwa a.

Si w rete nan Vil Nouyòk:

Ou pral resevwa yon fòm Biwo Benefis Koupon pou Achte Manje ap voye ba w ki pou fè w konnen nan ki dat nan mwa a w ap kapab itilize Benefis Koupon pou Achte Manje. Pa egzamp, si yo di w nan fòm nan ke premye jou w ka aksede Benefis Koupon pou Achte Manje se le 3, ou ka itilize Kat Idantifikasyon Pou Benefis Komen (CBIC) w lan nan dat 3 nan chak mwa apre.

REMAK: Si w pa itilize kont Benefis Koupon pou Achte Manje pandan yon peryòd 365 jou konsekutif (youn dèyè lòt), y ap retire (**siprime**) Benefis Koupon pou Achte Manje ki sou kont la depi omwen 365 jou) epi yo pap ranplase l.

K. Èske Yo Ka Itilize Benefis Koupon Pou Achte Manje Nan Yon Etablisman Ki Okipe Gramoun Aje Epi Pou Delivre Manje Kay Moun?

R. Ou ka siyen yon bon pou chaje sèvis sa yo sou kont Benefis Koupon pou Achte Manje w la.

K. Kisa Ki Ka Rive Si Yon Moun Ki Rete Lakay Mwen Pa Suiv Egzijans Travay Pwogram Koupon Pou Achte Manje Yo Oswa L Kite Travay Li??

R. Si yon moun pa konfòme l ak egzijans Benefis Koupon pou Achte Manje yo, oswa si l kite oswa l diminye kantite èdtan l travay volontèman, san l pagé yon rezon valab, y ap pran sanksyon kont li (moun sa a p ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje), anjeneral se pou yon tan.

K. Èske M Ka Resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje Si M Pa Yon Sitwayen Peyi Etazini?

R. Anpil moun ki pa sitwayen se etranje ki kalifye pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje. Menmsi w pa kalifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje, ou ka resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje pou timoun ou yo si yomenm yo kalifye. Benefis Koupon pou Achte Manje pa dwe afekte kondisyon imigrasyon w parapò a nenpòt desizyon Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènta Peyi Etazini (USCIS) ta gen pou l pran konsènan ka imigrasyon w.

Ou ka kalifye pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje si w se yon sitwayen peyi Etazini (U.S.), yon natifnatale Etazini (U.S) ki pa sitwayen peyi Etazini (Moun ki fèt nan Zile Samoa oswa Swain), oswa yon etranje ki kalifye. Yon etranje ki kalifye pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje se:

- yon endyen ameriken ki fèt Kanada e ki gen omwen 50 pousan san ras endyen ameriken dapre seksyon 289 nan Lwa Imigrasyon ak Nasionalite (Immigration and Nationality Act: INA); oswa
- yon manm tribi endyen ke gouvènman federal la rekondit antanke tribi endyen (25 U.S.C. 450b(e)); oswa

3. yon etranje yo aksepte kòm yon Hmong oswa yon Lawosyen Mwayèn Montay, ki enkli mari/madanm ak timoun depandan yo; oswa
4. yon refijye yo admèt selon seksyon 207 nan INA; oswa
5. yon etranje yo akòde azil selon seksyon 208 nan INA; oswa
6. yon etranje yo sispann depòtasyon I selon seksyon 243(h) nan INA ki efektif apatide 1^{ye} avril 1997; oswa yo retni I pou I pa ale selon seksyon 241(b)(3) nan INA; oswa
7. yon etranje yo admèt pou I antre antanke Kiben oswa Ayisyen; oswa
8. yon etranje ki viktim aktivite trafik selon seksyon 103(8) nan Lwa pou Pwoteje Viktim Trafik (Trafficking Victims Protection Act); oswa
9. yon etranje ki nan sèvis aktif nan fòs lame ameriken, oswa ki se yon veteran yo ranvwaye ak mansyon onorab, mari/madanm ak timoun ki depandan yo, ak mari vèf/madanm vèv ki pa remarye ak timoun ki pa marye e ki sou responsabilite yon manm ki nan sèvis aktif oswa veteran ki mouri; oswa
10. yon etranje yo admèt antanke Amerizyen; oswa
11. yon etranje ki an libète pwovizwa selon seksyon 212(d)(5) nan INA pandan omwen 1 ane e ki gen pou I pase 5 ane ak konsdisyon sa a; oswa
12. yon etranje oswa yon paran oswa you pitit yon etranje yo te bat oswa ki te sibi anpil maspinay nan men fanmi I nan peyi Etazini epi I te rantre nan peyi Etazini anvan 22 out 1996 oswa I te pase 5 an nan kondisyon sa yo; oswa
13. yon etranje yo admèt legalman pou I resevwa rezidans pèmanan selon INA epi ki satisfè youn nan kondisyon suivan yo:
 - li gen 5 an depi I satisfè kondisyon kalifikasyon yo, oswa
 - li akimile oswa yo ka ba I kredi pou 40 trimès travay ki kalifye I, oswa
 - li nan yon kondisyon ki kalifye I epi I ap resevwa sèten benefis pou moun enfim, oswa
 - li nan yon kondisyon ki kalifye I epi I gen mwens ke dizuit (18) ane.

Dwa pou Odyans san Patipri

Ou gen dwa pou reklame yon Odyans San Patipri (Fair Hearing Rights) si yo te refize ba w benefis koupon pou achte manje, si yo te vin entewonp, sispann oswa diminye benefis yo, oswa si w pa dakò ak desizyon depatman sèvis sosyal lokal la te pran. Pou ka gen plis enfòmasyon sou Odyans san Patipri a, tanpri gade nan Liv 1 (LDSS-4148A) « Sa W Dwe Konnen Konsènan Dwa W Ak Responsablite W ».

Èske w gen kesyon?

Pou ka gen plis enfòmasyon konsènan Benefis Koupon pou Achte Manje, ou ka ale nan sit entènèt suivan an:
<http://www.otda.state.ny.us/main/foodstamps/>.

SEKSYON E

ED NAN PERYÒD TRANZISYON

- K. **Èske Mwen Ka Toujou Resevwa Asistans Swen pou Timoun Lè Asistans Tanporè a Fini?**
- R. Moun ki resevwa asistans ki fèmen ka asistans yo volontèman, oswa ki pa kalifye pou asistans, yo ka kalifye pou asistans swen pou timoun. Si w bezwen swen pou timoun poutèt w ap travay, epi lajan revni w tonbe nan limit ki otorize a, travayè sosyal ou a ta dwe detèmine kalifikasyon w pou asistans swen pou timoun nan anvan Asistans Tanporè w la sispann. Ou pral gen pou peye yon pati nan depans pou swen timoun nan. Yo rele swen pou timoun sa a swen pou timoun nan peryòd tranzisyon epi I disponib jiska 12 mwa apre w pa kalifye pou resevwa Asistans Tanporè ankò.
- K. **Kisa K Ap Rive Si Ka Asistans Medikal Mwen Fèmen?**
- R. Asistans Medikal Pwovizwa – Si ka Asistans Medikal pou Fanmi ki gen Lajan Revni ki Ba fèmen poutèt ou fè plis lajan, oswa kombinezon lajan salè w reyalize ak lajan revni ou genyen andeyò travay epi poutèt sa ou pa kalifye, ou ka toujou resevwa Asistans Medikal nan peryòd tranzisyon. Asistans Medikal pou Fanmi ki pa Touche Anpil Lajan se pwogram Asistans Medikal pou fanmi ki kalifye pou Asistans Tanporè, men ou pa oblige gen Asistans Tanporè pou jwenn Asistans Medikal pou Fanmi ki pa Touche Anpil Lajan.

Ou ka resevwa èd anplis sa a pandan jiska sis (6) mwa si:

- ou ap resevwa Asistans Medikal pou Fanmi ki gen Lajan Revni ki Ba pandan 3 mwa nan 6 dènye mwa yo.
- ou gen yon timoun ki gen mwenske 21 an ki rete avèk ou.

Lè sis (6) mwa yo fin pase, ou ka resevwa **Asistans** Medikal nan Peryòd Tranzisyon pou **sis (6) mwa anplis** si:

- lajan revni w, mwens depans pou swen pou timoun ki nesesè pou travay, mwenske 185% nivo federal pòvrete a(federal poverty level).
- ou ranpli rapò depatman sèvis sosyal lokal la te voye ba w defason pou yo ka wè si w ka kontinye resevwa èd sa a toujou.
- ou gen yon timoun ki gen mwenske 21 an ki rete avèk ou.

Yon fanm ki kalifye pou Asistans Medikal pandan nenpòt ki mwa gwo sès li ap kontinye kalifye pou Asistans Medikal jiska 60 jou apre l fin akouche. Pou yon fanm ka resevwa ekstansyon 60 jou apre akouchman an, li fèt pou l aplike pou Asistans Medikal anvan l fini ak gwo sès la.

Yon tibebe ki fèt epi manman an kalifye epi l ap resevwa Asistans Medikal pandan gwo sès la, tibebe sa a kalifye pou l resevwa Asistans Medikal jiskaske timoun nan rive nan fen mwa k ap fè l 1 ane a. Asistans Medikal gen ladann Medicaid, Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus), Pwogram Benefis Planin Familyal ak fanm ki sipoze kalifye sou 3 mwa apre akouchman. Si yon fanm aplike pou Medicaid sou 3 mwa apre akouchman l epi l kalifye pou peryòd retwoaktif lè l te akouche, timoun nan kalifye pou l gen asirans medikal pandan 1 ane.

Timoun ki gen jiska 19 ane ki **konplètman** kalifye pou Asistans Medikal, y ap ba yo Asistans Medikal apatide 12 mwa, apatide dat yo te detèmine kalifikasyon yo oswa apatide dat yo te redetèmnine kalifikasyon yo, oswa jiska jou k ap fè yo 19 an daj, kèlkeswa sa ki tonbe pi bonè a, san yo pa konsidere salè ni sikonstans.

Yon moun ki anrejjistre nan yon Òganizasyon Swen Kontwole (Managed Care Organization :MCO) gen garanti ke l ap gen sis (6) mwa Asistans Medikal pou benefis kapitasyon (montan fiks) yo ofri atravè MCO, menmsi l pèdi kalifikasyon l pou Asistans Medikal.

K. Èske M Ka Toujou Jwenn Èd Pou Resevwa Lajan Sipò Pou Timoun Apre Asistans Tanporè M Lan Fini?

R. Wi, etandone w te konn resevwa Asistans Tanporè, sèvis ranfòsman sipò pou timoun nan ap kontinye otomatikman, amwenske w voye yon lèt pou w mande pou yo sispann sèvis yo. Ou ta dwe resevwa yon avi, nan epòk y ap fèmen ka w la, pou fè w konnen sèvis yo ap kontinye.

K. Èske Mwen Ka Toujou Resevwa Benefis Koupon Pou Achte Manje Lè Asistans Tanporè Mwen Fini?

R. Si w ap travay epi ou p ap touche anpil kòb, si w gen lòt revni ki pa anpil, oswa ou paka travay, ou ka toujou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje (**gade nan Seksyon D « Benefis Koupon pou Achte Manje », ki nan liv sa a**).

SEKSYON F

SWEN POU TIMOUN

K. Kisa Asistans Swen Pou Timoun Ye?

R. Asistans swen pou timoun ede paran an(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) ki bezwen swen ak sipèvizon pou pitit yo lè paran an(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) pa disponib pou okipe pitit yo. Asistans swen pou timoun nan ede paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) peye yon pati oswa tout depans pou sèvis swen pou timoun.

K. Kimoun Ki Ka Resevwa Asistans Swen Pou Timoun?

R. Gen sèten fanmi ki gen garanti y ap jwenn swen pou timoun, gen kèk fanmi ki kalifye si depatman sèvis sosyal lokal la gen fon ki disponib pou sa, ak lòt fanmi ki kalifye si distrik la gen fon ki disponib pou sa epi l deside peye pou swen pou timoun pou kategori fanmi sa yo.

Fanmi suivan yo gen garanti y ap resevwa swen pou timoun, lè sèvis sa a nesesè pou yon timoun ki gen mwenske 13 ane:

- Fanmi k ap aplike oswa k ap resevwa Asistans Tanporè k ap patisipe jan yo egzije l nan aktivite travay oswa ki patisipe nan lòt aktivite depatman sèvis sosyal lokal la egzije tankou oryantasyon oswa evalyasyon.
- Fanmi k ap resevwa Asistans Tanporè k ap patisipe jan yo egzije l nan aktivite travay.
- Fanmi ki aplike pou Asistans Tanporè e ki ta nòmalman kalifye pou resevwa l oswa ki t ap resevwa Asistans Tanporè epi ki te fèmen ka yo volontèman byenke yo te toujou kalifye. Paran(yo)/fanmi k ap okipe timoun nan(yo) fèt pou yo gen nesesite pou swen pou timoun defason pou paran(yo)/fanmi k ap okipe timoun nan (yo) ka travay, jan yo egzije la.
- Fanmi k ap fè transizyon pou yo soti nan Asistans Tanporè, lè swen pou timoun nan nesesè pou paran(yo) travay.

Fanmi suivan yo kalifye pou asistans swen pou timoun lè depatman sèvis sosyal lokal la gen fon ki disponib epi fanmi an aplike oswa ap resevwa Asistans Tanporè pou yon timoun ki kalifye ki gen 13 ane oswa ki pi gran, e ki gen swa yon bezwen espesyal oswa ki sou sipèvizon tribunal la, epi yo bezwen swen pou timoun. Konsa, yon paran/yon moun k ap okipe timoun

nan/yon fanmi ka patisipe nan aktivite depatman sèvis sosyal lokal la ki obligatwa, ikonpri oryantasyon, evalyasyon, oswa aktivite travay yo.

Fanmi suivan yo kalifye pou resevwa asistans swen timoun lè depatman sèvis sosyal lokal la gen fon ki disponib pou sa epi, si fanmi an ap resevwa Asistans Tanporè epi l bezwen swen pou timoun:

- pou yon timoun ki gen 13 ane oswa ki pi gran ki gen bezwen espesyal oswa ki sou sipèvizon tribunal, konsa paran(yo)/fanmi k ap okipe timoun nan(yo) ka travay.
- pou fasilité paran an/fanmi k ap okipe timoun nan parapò ak angajman travay li, oswa pou patisipe nan aktivite travay ki obligatwa, epi
- timoun nan gen bezwen espesyal oswa timoun nan anba sipèvizon tribunal.

Fanmi suivan yo kalifye pou resevwa asistans swen pou timoun lè depatman sèvis sosyal lokal la gen fon ki disponib pou sa:

- Fanmi an aplike oswa l ap resevwa Asistans Tanporè pou yon timoun ki gen 13 an oswa ki pi aje,
- Swen pou timoun nesesè pou fasilité paran an/fanmi k ap okipe timoun nan parapò ak angajman travay li, oswa pou patisipe nan aktivite travay ki obligatwa, epi
- Timoun nan gen bezwen espesyal oswa timoun nan sou sipèvizon tribunal.

Sèvis swen pou timoun disponib pou fanmi nan sikontans suivan yo si depatman sèvis sosyal lokal la deside asiste fanmi sa yo, fanmi an ap resevwa Asistans Tanporè, epi depatman sèvis sosyal lokal la gen fon ki disponib. Mande travayè sosyal ou si depatman sèvis sosyal lokal la peye pou asistans swen pou timoun pou youn oswa plizyè nan kategori sa yo:

- paran(yo)/fanmi k ap okipe timoun nan(yo) k ap patisipe nan yon aktivite ki apwouye anplisde aktivite yo fè ki obligatwa
- yo sanksyone paran(yo)/fanmi k ap okipe timoun nan(yo) men paran an/fanmi k ap okipe timoun nan ap patisipe nan travay ki pa sibvansyone epi yo resevwa lajan salè nan yon nivo ki egal oswa ki plis pase nivo revni minimòm selon egzijans lalwa Federal ak lalwa Leta sou travay.

Sèvis swen pou timoun disponib pou fanmi nan sikontans suivan yo si depatman sèvis sosyal lokal la deside asiste fanmi sa yo, fanmi an gen lajan revni ki nan limit yo otorize a, epi depatman sèvis sosyal lokal la gen fon ki disponib pou sa, epi yo vin detémine ke aktivite a se yon pati nan plan an ki nesesè pou fanmi a sipòte tèt li. Mande travayè sosyal ou si depatman sèvis sosyal lokal la peye pou asistans swen pou timoun pou kategori sa a:

- paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) k ap chèche yon travay pandan yon peryòd k ap dire jiska 6 mwa epi paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) anrejistre ak Divizyon Travayè nan Biwo Sèvis Travay ki nan Depatman Travay Leta Nouyòk (New York State Department of Labor's Division of Employment Services Office).
- paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) angaje nan sèten aktivite edikatif oswa pwofesyonèl.

Sèvis swen pou timoun disponib pou fanmi nan sikontans suivan yo si depatman sèvis sosyal lokal la deside asiste fanmi sa yo, swa fanmi an ap resevwa Asistans Tanporè oswa l gen lajan revni ki nan limit yo otorize a, epi depatman sèvis sosyal lokal la gen fon ki disponib pou sa. Mande travayè sosyal ou si depatman sèvis sosyal lokal la peye pou asistans swen pou timoun pou youn oswa plizyè nan sikontans sa yo:

- paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) ap patisipe nan yon pwogram tretman pou moun k ap abize sibstans chimik, oswa nan yon depistaj pou yo evalye si gen nesesite pou yon tretman poutèt moun nan ap abize sibstans chimik,
- paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) sanzabri oswa l ap resevwa sèvis pou viktim vyalans domestik e lap patisipe nan yon aktivite yo apwouye oswa l ap fè depistaj pou yon evalyasyon pou konnen si gen nesesite pou l resevwa sèvis pou viktim vyalans domestik,
- paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) nan sitiyasyon dijans pandan yon ti tan kout tankou nan ka kote paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) pa nan kay la pandan tout jounen an poutèt yon seri bagay tankou ensandi, l ap chèche kay oswa l ap fè travay/menaj pou moun aje oswa pou yon fanmi l ki andikape,
- paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) andikape fizikman oswa mantalman oswa l gen obligasyon familyal andeyò kay la,
- paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) ap patisipe nan sèten aktivite edikatif oswa pwofesyonèl. Pou kèk nan pwogram sa yo, paran(yo)/moun k ap okipe timoun nan(yo) fèt pou ap travay pandan omwen 17 èdtan $\frac{1}{2}$ pa semenn , epi yo fèt pou yo resevwa lajan salè nan nivo ki egal oswa ki pi plis pase nivo revni minimòm lalwa Federal sou travay ak lalwa Leta sou travay. Depatman sèvis sosyal lokal la fèt pou l deside si pwogram nan sipoze amelyore kapasite w pou fè plis lajan. Depatman sèvis sosyal lokal la èt pou l deside tou si gen chans ke w ap konplete pwogram nan konplètman.

Swen pou timoun disponib pou timoun nan sikontans suivan yo si depatman sèvis sosyal lokal la deside pou l asiste fanmi sa yo, fanmi an gen lajan revni ki nan limit otorize a epi yo vin detèmine aktivite a se yon pati nan yon plan ki nesesè pou fanmi an sipòtè tèt li. Mande travayè sosyal ou si depatman sèvis sosyal lokal la peye pou asistans swen pou timoun pou sikontans suivan an:

- kèlkeswa lajan revni an, lè gen yon sèvis pwoteksyon timoun ki louvri oswa yon ka sèvis prevantif epi yo detèmine yo bezwen swen pou timoun nan pou pwoteje timoun(yo) oswa pou pa kite yo mete timoun(yo) nan yon akèy familyal.

K. Kisa Swen pou Timoun Garanti Vle Di?

R. Swen pou timoun garanti vle di si w satisfè egzijans pou kalifye yo, depatman sèvis sosyal lokal la pral asire sibvansyon swen pou timoun bay yon founisè swen pou timoun pou swen pou timoun ou. Ou pral gen pou w peye pou yon pòsyon nan depans swen pou timoun nan si w p ap resevwa Asistans Tanporè. Epitou, si founisè swen pou timoun nan chaje plis lajan pase montan depatman sèvis sosyal lokal la gen dwa peye, ou pral gen pou w peye diferans ki genyen ant montan depatman sèvis sosyal lokal la otorize pou l peye ak montan founisè a chaje.

Èske Gen Yon Tan Limit Nan Garanti Swen pou Timoun Nan?

R. Fanmi k ap resevwa Asistans Tanporè ki kalifye pou swen pou timoun garanti pral resevwa asistans swen pou timoun toutotan y ap resevwa Asistans Tanporè e pouvi fanmi sa yo ap patisipe nan yon aktivite depatman sèvis sosyal lokal la egzije. Fanmi ki tonbe nan kategori swen pou timoun garanti nan peryòd tranzisyon, yo gen yon limit douz mwa pou yo resevwa asistans swen pou timoun nan peryòd tranzisyon. Pagen okenn tan limit pou Swen pou Timoun Alaplas de Asistans Tanporè toutotan revni ou touche a nan menm nivo oswa pi ba pase montan ki pou pèmèt ou kontinye kalifye pou Asistans Tanporè.

K. Kisa ki Kategori Laj Akseptab pou yon Timoun Resevwa Asistans Swen pou Timoun?

R. Anjeneral, yon timoun kalifye pou swen pou timoun si li gen mwenske 13 zan. Sepandan, yo fè eksepsyon pou timoun ki gen mwenske 18 an ki swa anba sipèvizon tribunal oswa ki gen bezwen espesyal. Timoun ki gen bezwen espesyal oswa ki anba sipèvizon tribunal la e ki gen mwenske 19 an, kalifye depi elèv la se yon elèv ki nan yon pwogram pwofesonèl oswa yon pwogram edikatif apwouve a tan plen.

K. Kouman Pou M Aplike Pou Asistans Swen Pou Timoun?

R. Si w ap viv andeyò Vil Nouyòk, rele oswa ale nan depatman sèvis sosyal lokal la epi mande pou yo ba w yon pakè aplikasyon. Si w abite nan Vil Nouyòk e w ap resevwa Asistans Tanporè oswa w ap aplike pou Asistans Tanporè, rele oswa ale nan Sant Travay Lokal ou a. Si w ap aplike pou asistans swen pou timoun sèlman, rele liy asistans Vil Nouyòk la nan 311 pou enfòmasyon e yo va dirije w sou ki kote pou rele. Ou dwe ranpli pakè aplikasyon an e se pou w remèt li swa pèsònèlman oswa pa lapòs. Pa blyie, ou ka remèt aplikasyon an menm jou ou pran l nan.

K. Kisa Ki Rive Lè M Aplike Pou Asistans Swen Pou Timoun?

R. Yo pral mande w pou bay prèv sou sèten bagay sou 30 jou apatide dat depatman sèvis sosyal lokal la resevwa aplikasyon w lan. Gade nan Liv 1 (LDSS-4148A) « Sa Ou Dwe Konnen Sou Dwa W ak Responsabilite W. » Depatman sèvis sosyal lokal la pral, sou 30 jou apatide lè l resevwa aplikasyon w lan, detèmine si w kalifye pou asistans swen pou timoun, e li va avize w alekri sou desizyon kalifikasyon yo sou 15 jou apatide dat yo pran desizyon an.

K. Èske Mwen Ka jwenn Asistans Swen Pou Timoun Si Mwen Pa Yon Sitwayen Ameriken?

R. Wi, sepandan, timoun ki bezwen sèvis swen timoun nan fèt pou l Ozetazini legalman.

K. Si M Aplike Pou Asistans Swen Pou Timoun Èske Mwen Oblije Aplike Pou Sipò Pou Timoun nan Men yon Paran ki Absan?

R. Non, yo pa egzije pou aplike pou sipò pou timoun defason pou w sa resevwa asistans swen pou timoun. Sepandan, etabli patènité epi mete responsabilite sipò pou timoun yo sou paran ki gen resous finansyè yo pèmèt ou atenn endependans familyal ak sekirite finansyè. Sipò pou timoun se yon sous entegal de revni pou kay ki gen paran selibatè yo e k ap viv nan Leta Nouyòk. Apade lajan paran ki gen gad legal yo touche, sipò pou timoun se pi gwo dezyèm sous revni pou fanmi ki pa touche anpil lajan yo. Li enpòtan pou w jwenn revni sipò pou timoun ak benefis asirans sante pou pitit ou ki soti nan men paran ki absan an pou byennèt fanmi w.

Chak distrik sèvis sosyal gen yon Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun (Child Support Enforcement Unit CSEU) ki pral ede etabli patènité pitit ou. CSEU pral ede w anrejistre yon petisyon nan tribunal ki okipe zafè fanmi a pou w sa jwenn yon lòd pou sipò ki baze sou direktiv pou sipò pou timoun yo. Sipò pou timoun ka kouvri kèk nan depans pou swen timoun yo. Epitou, CSEU pral asire l ke w resevwa sipò pou timoun ke w gen dwa pou resevwa e li pral ede w tou anrejistre yon petisyon nan tribunal ki okipe zafè fanmi a pou w sa kolekte lajan sipò yo pa peye w la. Lè w mande sa, CSEU pral revva lòd sipò w la e si w elijib, li pral aplike yon ajisteman nan montan sipò pou timoun w ap resevwa a defason pou l ajiste l ak pri lavi a.

Dapre lalwa, pitit ou gen dwa a asirans sante, si li disponib apatide oumenm oswa apatide paran ki pa gen gad legal la. CSEU pral ede w anrejistre yon petisyon nan tribunal ki okipe zafè fanmi a pou w sa jwenn asirans sa a si li disponib atravè anplwayè paran ki pa gen gad legal la.

Sèvis sa yo disponib pou w jwenn yo kit paran ki pa gen gad legal la abite nan Leta Nouyòk oswa kit li abite andeyò Leta Nouyòk. Yo pral chaje w yon frè anyèl de \$25 dola lè w resevwa sèvis sipò pou timoun pandan nenpòt ane si w pa janm resevwa Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwèn e ke sipò pou timoun kolekte omwen \$500 pou ou pandan yon peryòd 12 mwa apatide 1ye oktòb chak ane.

K. Ki Kantite Èd Mwen Ka Resevwa pou M Peye Pou Swen Pou Timoun?

R. Si w ap resevwa Asistans Tanporè ou pa oblige pou peye yon kontribisyón familyal pou pri asistans swen pou timoun nan. Si w ap resevwa Asistans Tanporè ou oblige peye yon kontribisyón pou pri li koute pou swen pou timoun nan. Montan an depann de kantite moun ki gen nan fanmi w lan ak sou kantite lajan w touche. Si founisè swen pou timoun nan chaje plis lajan pase montan depatman sèvis sosyal lokal la gen dwa peye, ou pral gen pou w peye diferans ki genyen ant montan depatman sèvis sosyal lokal la otorize pou l peye ak montan founisè a chaje.

K. Kouman Èske Mwen Ka Jwenn Èd pou M Jwenn Yon Founisè Swen Pou Timoun?

R. Ajans Referans Resous Swen Pou Timoun (Child Care Resource Referral Agency) ki nan zòn kote w rete a ka ede w lokalize yon founisè swen pou timoun. Si w abite andeyò Vil Nouyòk ou ka kontakte Konsèy Kowòdinasyon Swen Pou Timoun nan Leta Nouyòk (New York State Child Care Coordinating Council) nan nimewo **(518) 690-4217** pou jwenn yon Ajans Resous ak Referans pou Swen Pou Timoun ki bay sèvis nan zòn kote w rete a. Si w abite nan Vil Nouyòk ou ka rele nimewo pou apèl gratis la nan **888-469-5999** pou w jwenn èd pou lokalize yon founisè swen pou timoun. Oswa ou ka vizite sit entènèt Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Leta Nouyòk (New York State Office of Children and Family Services) ki nan <http://www.ocfs.state.ny.us>, apresa ale nan « Pwogram ak Sèvis (Programs and Services) », lèfini ale nan « gadri pou timoun (child day care) », epi apresa ale nan « swen pou timoun (child care) » pou w jwenn èd nan chwazi anviwònan pou swen pou timoun ki apwopriye pou fanmi w. Ou ka fè rechèch sou tout pwogram ki nan zòn kote w rete a epi ou ka jwenn enfòmasyon sou istorik yo ki detaye jan yo konfòmè ak estanda Leta Nouyòk pou founisè swen gadri timoun.

K. Kilès Ki Ka Bay Pitit Mwen Swen?

R. Se dwa w pou chwazi nenpòt gadri ki akseptab selon lalwa. Yo enkli:

- Sant gadri ki anrejistre oswa ki gen lisans
- Gadri fanmi angwooup ki gen lisans
- Gadri pou fanmi ki nan kay e ki anrejistre
- Pwogram gadri pou timoun ki gen laj pou ale lekòl e ki anrejistre
- Zanmi, vwazen ak fanmi ki anrejistre nan yon ajans enskripsyon ki egzante legalman kòm founisè swen ki apwopriye
- Founisè swen pou gwooup swen pou timoun ki egzante legalman, tankou kan dete jounalye ki enskri avèk ajans enskripsyon ki egzante legalman kòm founisè swen ki apwopriye

K. Kisa Swen Pou Timoun Nan Peryòd Tranzisyon Ye?

R. Swen pou Timoun Nan Peryòd Tranzisyon se pou fanmi ki t ap resevwa Asistans Tanporè, men ki vin pa kalifye lè lajan yo touche a vin ogmante poutèt yo jwenn travay oswa poutèt yo touche sipò pou timoun. Ou ka kalifye pou resevwa asistans swen pou timoun nan peryòd tranzisyon pou jiska 12 mwa apre w vin pa kalifye pou Asistans Tanporè.

Travayè sosyal k ap travay sou dosye w la dwe detèmine kalifikasyon w pou swen pou timoun nan peryòd tranzisyon anvan yo fèmen dosye Asistans Tanporè w la oswa dosye swen pou timoun garanti a. Depi w fè travayè sosyal la konnen anvan oswa touswit apre ke dosye Asistans Tanporè w la fèmen, travayè sosyal la paka mande w pou ranpli yon nouvo aplikasyon. Sepandan, yo ka mande w enfòmasyon anplis pou yo sa detèmine si w kalifye. Mande travayè sosyal la si w kalifye pou swen pou timoun nan peryòd tranzisyon.

Men kondisyon ki genyen yo pou swen pou timoun nan peryòd tranzisyon:

- Lajan fanmi w lan touche a paka depase yon sèten limit;
- Ou fèt pou t ap resevwa Asistans Tanporè pandan twa nan sis dènye mwa ki sot pase yo, oswa ou te resevwa Swen Pou Timoun Alaplas de Asistans Tanporè pandan twa nan sis dènye mwa ki sot pase yo;
- Se pou pitit ou a gen mwenske 13 zan e se pou l bezwen swen pou timoun pou pèmèt ou travay.

W ap responsab pou peye yon pati nan pri li koute pou swen pou timoun nan chak mwa. Montan w peye a depann de kantite moun ki gen nan fanmi w lan ak sou kantite lajan w touche. Si founisè swen pou timoun nan chaje plis lajan pase montan depatman sèvis sosyal lokal la gen dwa peye, ou pral gen pou w peye diferans ki genyen ant montan depatman sèvis sosyal lokal la otorize pou l peye ak montan founisè a chaje.

Yo pral sispann asistans swen pou timoun nan peryòd tranzisyon w lan si:

- Ou p ap respekte responsabilite ki make pi wo yo; oswa
- Ou rive nan fen peryòd kalifikasyon douz mwa a; oswa
- Ou kite travay ou san w pagen yon rezon valab; oswa
- Ou pa bezwen swen pou timoun toujou pou w sa travay; oswa
- Lajan w touche a depase montan maksimòm yo otorize pou fanmi w lan; oswa
- Pitit ou vin gen 13 zan. Sepandan, si pitit ou a gen bezwen espesyal oswa si l sou sipèvizon yon tribunal, travayè sosyal k ap travay sou dosye w la ka fè w konnen si gen lòt pwogram swen pou timoun ki ka ede w.

K. Isa Swen Pou Timoun Alaplas de Asistans Tanporè Ye?

R. Swen Pou Timoun Alaplas de Asistans Tanporè se pou fanmi k ap aplike pou oswa k ap resevwa Asistans Tanporè e ki bezwen swen pou timoun pou yo sa travay; e ki chwazi swen pou timoun olyede Asistans Tanporè.

Men kondisyon ki genyen pou Swen Pou Timoun Alaplas de Asistans Tanporè:

- Tout moun nan kay la kalifye pou Asistans Tanporè;
- W ap travay pou kantite nonm dè yo egzije a oswa w ap touche apwentman brit (oswa si w ap travay nan yon djòb kote ou konbinnen revni brit ak poubwa w rantre a pou rive reyalize apwentman minimòm nan, oswa si ou se yon anplwaye endepandan ki genyen revni brit ki mwens pase dediksyon yo otorize yo) ki ekivalan a oswa plis pase nivo minimòm yo egzije anba Iwa Travay onivo Federal ak Leta, miltikiye pa nonm dè ki obligatwa yo;
- Ou bezwen swen pou yon timoun ki poko gen 13 zan defason pou w ka travay;
- W ap itilize yon founisè swen pou timoun ki kalifye.

Si w kalifye pou Asistans Tanporè e w deside ke tout sa w vreman bezwen se swen pou timoun, travayè sosyal ou a ka di w kouman pou aplike pou garanti swen pou timoun nan. Si w deja ap resevwa Asistans Tanporè e ou kalifye otremant pou Swen Pou Timoun Alaplas de Asistans Tanporè, w ap gen pou fèmen dosye Asistans Tanporè w la pou w sa resevwa Swen Pou Timoun Alaplas de Asistans Tanporè. Si w chanje lide e w deside ke w bezwen Asistans Tanporè, ansanm avèk swen pou timoun, ou ka toujou aplike pou Asistans Tanporè nenpòt ki lè. Si yo detèmine ke w kalifye pou Asistans Tanporè ou ka toujou kalifye pou swen pou timoun.

Si w chwazi pou resevwa asistans swen pou timoun olye pou w resevwa Asistans Tanporè ak swen pou timoun, w ap gen pou w peye yon pati nan depans pou swen pou timoun yo. Yo rele sa kontribusyon fanmi w. Si w abite andeyò de Vil Nouyòk la, montan minimòm w ap gen pou peye a pral \$1 pa semenn. Si w ap viv nan Vil Nouyòk, kontribusyon minimòm fanmi an pou swen a tan plen se \$3 pa semenn, epi kontribusyon minimòm fanmi an pou swen a tan pasyèl se \$2 pa semenn. Anplisdesa, si founisè swen pou timoun nan chaje plis pase montan depatman sèvis sosyal lokal la otorize pou peye a, w ap gen pou peye montan founisè swen pou timoun nan chaje a ki depase montan depatman sèvis sosyal lokal la otorize pou peye a.

Dwa pou Odyans san Patipri

Ou gen dwa pou reklame yon Odyans san Patipri si yo te refize ba w benefis swen pou timoun, si yo te vin entewonp, sispann oswa diminye benefis yo, oswa si w pa dakò ak desizyon depatman sèvis sosyal lokal la te pran. Pou ka gen plis enfòmasyon sou Odyans san Patipri a, tanpri gade nan Liv 1 (LDSS-4148A) « Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W Ak Responsabilite W ».

SEKSYON G

SÈVIS

K. Kouman Sèvis Yo Ka Ede M?

R. Pwogram Sèvis yo ka ede oumenm ak/oswa fanmi w ak:

- Kouman pou jwenn swen pou timoun
- Mete yon timoun nan yon akèy familyal oswa
Mete yon timoun nan adopsyon
- Pwoblèm ak bidjè
- Pwoblèm ak abi nan fanmi an (abi timoun ak vyolans domestik)
- Konpòtman timoun
- Kenbe fanmi ini san danje
- Anpeche yo retire yon timoun nan kay mwen

Apade jan sa yo, gen lòt jan Sèvis yo ka ede oumenm ak/oswa fanmi w. Yo dekri yo nan rès seksyon **Sèvis** sa a.

K. Kouman Pou M Aplike Pou Sèvis Yo?

- R. Si w ap viv **andeyò** Vil Nouyòk, rele oswa ale nan depatman sèvis sosyal lokal la epi mande pou yo ba w yon pakè aplikasyon.

Si w rete **nan** Vil Nouyòk, rele oswa ale nan Sant Revni pou Sipò/Travay (Income Support/Job) nan zòn ou a oswa chèche Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration: HRA), Administrasyon pou Sèvis pou Timoun (Administration for Children's Services: ACS) , nan paj ki gen nimewo telefòn biwo gouvènman nan anyè telefòn nan zòn kote w rete a. Rele nimewo ki ekri pou kalite èd ou bezwen an.

K. Ki Sèvis Mwen Ka Jwenn?

- R. Ou ka jwenn oswa aplike pou sèvis suivan yo:

1. **Swen pou Timoun** – Se sèvis pou fanmi ki bezwen swen ak siveyans pou timoun yo. Yo ka bay timoun yo swen si paran k ap viv poukонт li a oswa si toulède paran k ap viv nan menm kay la:

- Malad oswa enfim
- Ap chèche yon travay
- Ap patisipe nan yon pwogram edikasyon, fòmasyon pou travay oswa yon pwogram travay ke depatman sèvis sosyal lokal la apwouve
- Ap patisipe nan yon pwogram tretman pou abi sibstans chimik
- Ap resevwa sèvis pou vyolans domestik
- Ap travay
- Oblje fè jounen deyò kay la poutèt sitiayson ki pa nòmal
- Sanzabri
- Nan yon sitiayson dijans

Timoun yo ka resevwa swen pou timoun tou ansanm avèk sèvis pwoteksyon pou kenbe yo an sekirite, oswa kòm yon pati nan sèvis prevansyon pou anpeche yo antre nan yon akèy familyal.

Pou yon deskripsiyon pi detaye de sèvis ak kondisyon pou swen pou timoun yo, gade nan **Seksyon F Swen pou Timoun** nan liv sa a.

2. **Sèvis Prevansyon pou Timoun ak Fanmi** – Sèvis yo bay timoun ak fanmi pou kenbe fanmi an ansanm e pou anpeche plasman nan akèy familyal, oswa pou retounen timoun yo, leplivit ke posib, san okenn ensidan lè yo soti nan akèy familyal I.a Nan sèvis sa yo, ou ka jwenn:

- Swen pou timoun
- Fòmasyon pou paran ak konsèy
- Sèvis lojman (pou fasilité yo soti nan akèy familyal)
- Sèvis menajè oswa sèvis moun ki fè travay nan kay, èd pou paran
- Lajan kach pou ka dijans, machandiz, lojman oswa lòt atik esansyèl
- Sèvis klinik, ki enkli tretman pou abi dwòg ak alkòl
- Swen tanporè pou sitiayson kritik, ki enkli SIDA/VIH
- Transpò

Ka gen lòt sèvis ki disponib.

W ap jwenn sèvis sa yo kèlkeswa limit kòb ou touche a. Li posib yo ka chaje frè pou sèten nan sèvis sa yo, byenke sa pa fèt anjeneral.

3. Plasman nan akèy familyal

Plasman Volontè – Plasman volontè yon timoun nan yon akèy familyal disponib pou bay swen ak sèvis andeyò de kay la lè gen sikonstans oswa kondisyon ki egziste e ki afekte sante ak sekirite timoun nan, pou ede satisfè sèten bezwen paran ak sèvis timoun, oswa si paran an(yo) bay timoun nan pou adopsyon.

Fanmi Byolojik/Gadyen Legal – Sèvis yo bay paran byolojik oswa gadyen legal yon timoun ki plase nan yon akèy familyal, ka gen ladan l:

- Konsèy
- Fè aranjman pou vizt ant timoun nan ak para(yo)/gadyen legal(yo)
- Sèvis pou ede timoun nan retounen lakay li san okenn ensidan e leplito ke posib
- Swen apre ke timoun nan fin soti nan yon akèy familyal

Paran ki gen timoun ki plase lakay yo - Fanmi ki vle ofri swen plasman pou yon timoun, dwe aplike e se pou yo

sètifye (ke yo pa yon fanmi timoun nan) oswa apwouye (kòm fanmi timoun nan). Paran ki gen timoun ki plase lakay yo oblige sibi yon envestigasyon kriminèl nasyonal ke Leta Nouyòk mennen e fòk yo satisfè yon kantite kondisyon pou obteni lisans leta a, e yo dwe patisipe nan yon pwogram fòmasyon anvan yo resevwa sètifikasyon oswa apwobasyon. Yon fwa yo sètifye oswa apwouye, depi yo plase yon timoun nan swen yo, paran ki gen akèy familyal la pral resevwa:

- Peman chak mwa pou pri l ap koute pou okipe timoun nan, peman sa a ap enkli alokasyon pou rad
- Asistans medikal pou timoun nan akèy familyal la enkli sèvis egzansyon apwopriye, pou timoun ki nan akèy familyal ki kalifye

Paran ki gen akèy familyal yo ka resevwa, si li apwopriye:

- Swen pou timoun ki nan akèy familyal la, si paran ki gen akèy familyal la gen yon travay oswa ap patisipe nan lòt aktivite ke departman sèvis sosyal lokal la apwouye
- Sèvis tanporè, si li apwopriye

4. Adopsyon –

A. Sèvis yo bay paran byolojik(yo) oswa gadyen legal(yo) timoun y ap adopte a ka enkli:

- | | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Asistans nan fè planifikasyon pou timoun nan • Fè aranjman pou remèt gad ak gad legal timoun nan bay ajans lan | <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis medikal, sosyal, konsèy ak travay sou dosye • Asistans ki konsène dwa ak enterè papa byolojik timoun natirèl (ki fèt andeyò maryaj) yo |
|---|---|

B. Sèvis yo bay fanmi ki vle adopte yo timoun gen ladan yo:

- | | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Èd pou jwenn yon timoun pou adopte • Fòmasyon ki gen rapò ak edikasyon parantal yon timoun adoptif | <ul style="list-style-type: none"> • Etid milye familyal la • Sèvis pou apre adopsyon |
|---|---|

Fanmi ki vle adopte yon timoun dwe aplike e yo pral aksepte yo pou yon etid sou adopsyon. Priyorite y ap bay aplikasyon fanmi an pou yon etid sou adopsyon pral baze sou karakteristik timoun k ap tann adopsyon an e sou enterè ke paran adoptif pwobab lan(yo) eksprime nan adopte timoun ki gen karakteristik sa yo.

Anplisdesa, yon fwa yon timoun plase pou adospyon avèk ou, yo ka ofri asistans adopsyon sou fòm lajan anplis (sibvansyon adopsyon) ak asistans medikal pou sipòte timoun ki enfim oswa ke yo konsidere ki « difisil pou plase ». Epitou, ou ka gen pou peye yon peman yon fwa pou depans adopsyon ki p ap prezante alavni.

5. Pwogram pou Tinedjè ki Ansent ak Sèvis pou Paran ki pa Marye – Sèvis sosyal pou ede tinedjè ki ansent ak paran ki pa marye ka gen ladan yo:

- | | |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Edikasyon ak fòmasyon pou paran • Èd medikal ak èd legal • Konsèy • Èd pou jwenn travay • Planin Familyal | <ul style="list-style-type: none"> • Transpò • Lojman • Swen sante ak nitrisyon • Plasman nan akèy familyal (Yon manman ki minè e ki gen mwenske 18 an ak tibebe l ka plase nan yon akèy familyal ansanm, e manman ki minè a ka kenbe gad legal tibebe l la.) • Swen pou timoun |
|---|--|

6. Vyolans Domestik (Abi Fizik oswa Emosyonèl oswa Menas pou Komèt Abi) – Sèvis yo bay fanmi oswa moun ki nan kay la, avèk oswa san timoun, pou ede yo ak abi fizik oswa emosyonèl, oswa ak menas pou komèt abi fizik oswa emosyonèl. Nan sèvis sa yo, ou ka jwenn:

- | | |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Yon kote pou rete an sekirite • Lojman pwovizwa • Swen medikal • Asistans avèk pwoblèm legal • Konsèy | <ul style="list-style-type: none"> • Jwenn yon travay • Swen pou timoun • Transpò • Sèvis defans |
|---|--|

W ap jwenn sèvis sa yo kèlkeswa limit kòb ou touche a.

7. **Sèvis Prevansyon pou Adilt** – Sèvis yo bay adilt selibatè ki gen 18 an oswa ki pi gran oswa sèvis yo bay fanmi ki pagen timoun ki gen mwenske 18 an. Pami sèvis sa yo, genyen:
- Konsèy
 - Sèvis sipò ak referans pou anpeche oswa retade swen alontèm andeyò de kay la
8. **Sèvis Pwoteksyon pou Adilt** – Sèvis yo bay moun ki gen 18 an oswa ki pi gran e ki gen andikap fizik oswa mantal, moun ki te sibi domaj oswa ki ekspoze a risk pou yo gen domaj, moun ki pa ka pwoteje tèt yo, e ki pagen pèsòn ki kapab oswa ki vle pran responsabilite pou ede yo. Nan sèvis sa yo, ou ka jwenn:
- | | |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Bay repons rapid ak mennen envestigasyon sou ka abi, neglijans oswa eksplwatasyon ke yo refere • Evalye sitiyasyon chak moun e evalye sèvis yo bezwen • Fè aranjman pou akomodasyon lojman altènatif apwopriye nan kominote kote ki apwopriye a • Èd nan jwenn asistans legal | <ul style="list-style-type: none"> • Èd pou jwenn swen medikal • Sèvis moun ki fè travay menajè oswa ki okipe kay pou yon tan limite • Èd nan jesyon lajan • Èd pou jwenn lòt benefis oswa sèvis • Responsabilite legal • Konsèy |
|--|--|

W ap jwenn sèvis sa yo kèlkeswa limit kòb ou touche a.

9. **Sèvis Plasman Rezidansyèl pou Adilt** – Sèvis yo bay moun ki gen 18 an oswa ki pi gran ki gen andikap mantal oswa fizik e ki bezwen sipèvizon pou yo viv andeyò de kay yo.
- Sèvis sa yo gen ladan yo:
- Chèche mezon dakèy ki tankou kay familyal nan kominote a ki ka pran swen adilt sa yo.
 - Ede granmoun sa yo jwenn yon kay selon bezwen yo genyen yo.
 - Bay granmoun ki nan kay sa yo sèvis pou sipò.
10. **Sèvis Pou Jwenn Pi Bon Lojman** – Sèvis ki ede ak:
- Reparasyon ak antretyen kay
 - Rezoud pwoblèm ak mèt kay oswa ak vwazen
 - Jwenn èd nan men ajans lojman lokal oswa ajans èd legal
 - Chèche yon kote pou rete, si li nesesè
11. **Sèvis pou Administrasyon Kay** – Sèvis ki ede w aprann jere bidjè, fè bon manje, pran swen timoun, swen sante, ak okipe kay ou.
12. **Sèvis Menajè/Travay** - Sèvis pou ede avèk ti travay tankou fè makèt, fè ti travay nan kay, fè reparasyon senp ak ti komisyon lè oumenm oswa yon moun k ap okipe yon timoun oswa yon granmoun, malad, enfim oswa absan.
13. **Sèvis Moun ki Fè Travay Menajè** – Sèvis pou ede w ak swen pèsònèl, antretyen kay ak lòt bagay ki pou fèt nan kay la, nan men yon moun ki gen fòmasyon pou fè travay menajè lè oumenm oswa yon moun k ap okipe yon timoun oswa yon granmoun, enfim oswa absan.
14. **Pwogram Moun Aparante K ap Okipe Timoun oswa Navigatè Aparante** – Gen yon rezo nan tout eta a ki konpoze de pwogram sipò kominotè, ak yon liy asistans telefonik, ki bay sèvis bay moun aparante k ap okipe timoun ak bay fanmi yo, kit timoun yo nan akèy familyal kit yo pa nan akèy familyal. Gade Keson ak Repons ki nan mitan **Seksyon A, Asistans Tanporè « Si Mwen se Moun K Ap Okipe yon Timoun Ki Abite Ak Mwen E Timoun Sa A Se Pa Pitit Byologik Mwen Oswa Se Pa Yon Timoun Mwen Adopte, E Mwen Bezwèn Èd Oswa Resous Pou Timoun Nan, Èske W Ka Di M Ki Kote Mwen Ka Jwenn Yo? »** ki nan liv sa a.
15. **Lòt Sèvis** ou ka jwenn:
- Sèvis edikasyon
 - Sèvis pou ede w jwenn travay
 - Sèvis planin familyal
 - Sèvis ki gen rapò ak sante
 - Sèvis gwooup sosyal pou granmoun ki gen 65 an oswa plis

- Sèvis enfòmasyon ak referans
- Sèvis Transpò

K. E Si Gen Nesesite pou Sèvis Dijans Pou Pwoteje Granmoun, Timoun oswa Lòt Manm nan Fanmi an?

R. Men kék nan sèvis ou ka jwenn pou ede w ak yon ijans.

Si w rete **andeyò Vil Nouyòk** la, depatman sèvis sosyal lokal la ka ede w, anplisde èd ou ka jwenn lè w rele nan nimewo ki make pi ba yo.

Si w rete nan Vil Nouyòk, rele oswa ale nan Sant Travay Lokal la oswa chèche enfòmasyon kontak sou Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration : HRA) oswa Administrasyon Sèvis Pou Timoun (Administration for Children's Services : ACS) nan paj Gouvènman yo ki nan anyè telefonik pou minisipalite w la. Rele nimewo ki ekri pou kalite èd ou bezwen an. Ou ka jwenn èd tou si w rele nan nimewo telefòn ki make pi ba yo. W ap jwenn sèvis sa yo kèlkeswa limit kòb ou touche a.

- **Pwoteksyon pou Timoun** - Se sèvis yo bay timoun ki poko gen 18 an, yo fè abi oswa yo maltrete. Epi fanmi timoun sa yo jwenn sèvis sa yo tou.

Si w gen yon rezon valab pou ki fè w sisplèk ke yon timoun sibi abi oswa ke yo maltrete l, rele Rejis Santral pou Abi ak Move Tretman Timoun nan tout Eta a (Statewide Central Register of Child Abuse and Maltreatment) nan nimewo pou apèl gratis la ki se **1-800-342-3720**.

Si yo anrejistre yon rapò, y ap mennen yon envestigasyon e, selon leka, yo va ofri fanmi an sèvis pou pwoteje timoun nan(yo).

Li awopriye tou pou rele Rejis Santral pou Abi oswa Move Tretman Timoun nan tout Eta a si w gen enkyetid sou abi oswa neglijans posib ki te ka rive nan yon anviwònman swen timoun rezidansyèl. Ou ka rele nan nimewo pou apèl gratis la nan **1-800-342-3720** pou diskite sou enkyetid ou yo. Si yo anrejistre yon rapò, yo va mennen yon envestigasyon nan pwogram rezidansyèl pou swen timoun nan.

Si w nan Konte Monroe (Rochester ak nan zòn toupre I yo) oswa nan Konte Onondaga (Syracuse ak nan zòn toupre I yo) gen yon nimewo lokal ou ka rele olye de nimewo sa a, si w gen enkyetid sou abi oswa move tretman timoun nan swa yon anviwònman familyal oswa yon anviwònman rezidansyèl. Nimewo a se **461-5690** nan Konte Monroe ak **422-9701** nan Konte Onondaga.

- **Pwoteksyon pou Adilt** – Sèvis yo bay moun ki gen 18 an oswa ki pi gran e ki gen andikap fizik oswa mantal, moun ki te sibi domaj oswa ki ekspoze a risk pou yo gen domaj, moun ki pa ka pwoteje tèt yo, e ki pagen pèsòn ki kapab oswa ki vle pran responsabilite pou ede yo.

Pou bay yon referans oswa pou rapòte abi, neglijans oswa eksplwatasyon kont adilt, tanpri, rele divizyon Sèvis Pwoteksyon pou Adilt lokal la (local Protective Services for Adults: PSA) dirèkteman ki nan depatman sèvis sosyal lokal ou a. Ou ka rele nan nimewo pou apèl gratis la nan **1-800-342-3009** (prese opsyon 6) pou w gen nimewo telefòn pou pran kontak ak divizyon PSA lokal ou a.

- **Vyolans Domestik (Abi Fizik oswa Emosyonèl oswa Menas pou Komèt Abi)** – Sèvis yo bay fanmi ak lòt moun ki nan kay la, ki genyen oswa ki pa gen timoun, pou ede yo ak pwoblèm abi fizik oswa emosyonèl, oswa ak menas pou komèt abi fizik oswa emosyonèl.

Pou ka pran enfòmasyon ak referans pou ale wè founisè ki bay sèvis nan ka vyolans domestik bò lakay ou, annik rele nimewo telefòn ki anba yo 24 è sou 24:

Nan Vil Nouyòk rele: 1-800-621-HOPE (1-800-621-4673)

Nan nenpòt zòn apade Leta Nouyòk rele Liy Asistans pou Vyolans Domestik nan Leta Nouyòk la (NYS Domestic Violence Hotline) nan **1-800-942-6906** (moun ki pale panyòl yo dwe rele nimewo **1-800-942-6908**)

Yon travayè sosyal ki okipe zafè bay moun sèvis ka toujou fè aranjman pou w jwenn enfòmasyon sa yo.

SEKSYON H

LÒT BENEFIS

1. **Revni Sekirite Anplis (SSI)** Si yo sètifye ke w avèg, si yo sètifye ke w enfim oswa si w gen 65 an oswa w pi gran e lajan w touche ak resous ou yo pi ba ke sèten limit yo, ou ka jwenn lajan nan Pwogram Revni Sekirite Anplis (Supplemental Security Income Program) lan. Ou ka aplike pou Revni Sekirite Anplis nan **Biwo Sekirite Sosyal** ki pi pre w la. Twaka moun ki resevwa Revni Sekirite Anplis, resevwa Asistans Medikal tou.
2. **Asistans Pwovizwa** – Ou ka jwenn lajan yo rele Asistans Pwovizwa atravè Pwogram Asistans Filè Sekirite si:

- Ou aplike pou SSI men aplikasyon w lan pa apwouve oswa si yo refize l.

- Ou fè yon demann pou ale ann apèl poutèt yo sispann SSI w la.
- Yo sispann SSI w la.

Yap kanpe Asistans Pwovizwa a lè w kòmanse resevwa oswa lè yo rekòmanse ba w SSI la. Y ap voye premye chèk SSI ou yo nan depatman sèvis sosyal lokal la pou remèt lajan Asistans Pwovizwa a yo te ba w la. Si w pa rete **nan** Vil Nouyòk, ou ka aplike pou Asistans Pwovizwa nan depatman sèvis sosyal lokal la. Si w rete nan Vil Nouyòk, rele oswa ale nan Sant Revni pou Sipò/Travay ki nan zòn ou a.

K. Kisa Asistans Pwovizwa ye?

- R. Asistans Pwovizwa se peman w resevwa ki soti nan fon Asistans Filè Sekirite (Safety net Assistance: SNA) pou depans debaz tankou sèvis piblik pou lojman ak gaz, lè:
- W aplike pou Revni Sekirite Anplis (Supplemental Security Income: SSI) men Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration: SSA) a pokò pran yon desizyon sou aplikasyon w lan ki annatant.
 - Ou te konn ap resevwa peman SSI men yo te sispann peman sa yo pa erè epi apresa y ap peye w yo retwoaktif. Yo rele sa asistans pwovizwa apre kalifikasyon.

K. Èske Se Pou M Repeye Asistans Pwovizwa a?

- R. Wi, se pou w repeye asistans pwovizwa a. Lalwa egzije repeman pou anpeche moun resevwa toude, benefis Asistans Tanporè (TA) ak benefis SSI pou menm peryòd la.

K. Pou Ki Mwa Pou M Repeye Asistans Pwovizwa Mwen Te Resevwa a?

- R. Si w ap resevwa benefis SNA pandan aplikasyon pou SSI w la annatant, se pou w repeye pou mwa yo apatide premye mwa w te kalifye pou resevwa peman SSI e jiska mwa peman SSI w yo te kòmanse, oswa mwa apre a si depatman sèvis sosyal lokal la paka sispann dènye peman TA w la.

Si w te resevwa asistans pwovizwa apre kalifikasyon, ou dwe repeye apatide premye jou nan mwa ke yo te peye peman SSI retwoaktif yo e jiska mwa peman SSI w yo te kòmanse, oswa mwa apre a si depatman sèvis sosyal lokal la paka sispann dènye peman TA w la.

K. Kouman Èske yo Repeye Asistans Pwovizwa Bay Depatman Sèvis Sosyal Lokal la?

- R. Administrasyon Sekirite Sosyal la (Social Security Administration: SSA) pral peye asistans pwovizwa a dirèkteman bay depatman sèvis sosyal lokal la nan nenpòt benefis SSI retwoaktif ke w kalifye pou w resevwa. Gen de fason diferan ke SSA ka ranbouse depatman sèvis sosyal lokal la pou asistans pwovizwa w resevwa pandan aplikasyon pou SSI w la oswa peman apre kalifikasyon w lan annatant.
1. Si lalwa pa mande pou SSA voye premye peman SSI w la ba ou pa vèsman, SSA va voye tout peman SSI w la bay depatman sèvis sosyal lokal la. Depatman sèvis sosyal lokal la pral dedwi montan asistans pwovizwa w resevwa a pandan aplikasyon pou SSI w la te annatant pou yon desizyon, oswa pandan tan peman SSI w yo te sispann e te kòmanse ankò (apre kalifikasyon) nan peman yo resevwa de SSA a. Si gen yon balans ki rete alèkile depatman sèvis sosyal lokal la fèt pou I poste I ba ou sou 10 jou ouvrab apatide lè I resevwa peman SSI w la.
 2. Si lalwa egzije pou SSA voye premye peman SSI w la ba ou pa vèsman, SSA pral toudabò voye bay depatman sèvis sosyal lokal la yon montan ki rive jiska asistans pwovizwa total ke w resevwa a pandan aplikasyon pou SSI w la te annatant oswa pandan peryòd peman SSI w yo te sispann e te kòmanse ankò (apre kalifikasyon). Nenpòt montan ki rete kòm balans, SSA pral peye w li pa vèsman.

K. Kouman Èske SSA Pral Obteni Pèmisyon Mwen Pou L Ranbouse Depatman Sèvis Sosyal Lokal La Pou Asistans Pwovizwa a?

- R. Ou bay SSA pèmisyon w lè w siyen aplikasyon pou Asistans Tanporè a oswa fòmilè resètifikasyon an, oswa lè w siyen Kesyonè sou Resètifikasyon/Kalifikasyon ke w voye pa lapòs la.

K. Kijan SSA Detèmine kantite Lajan SSI Mwen Pou Peye Depatman Distri Sèvis Sosyal Zòn nan?

- R. SSA egzamine kantite lajan eta a reklame, epitou li egzamine kantite lajan SSI retwo-aktif ou yo kapab itilize pou ranbouse eta a. SSA konpare mwa ou te resevwa asistans pwovizwa a ak mwa ou te resevwa peman SSI yo. Apre

konparezon sa a, SSA ap peye kantite lajan pou chak mwa depatman distri sèvis sosyal zòn nan reklame.

K. Kijan M ap Resevwa Nenpòt Balans nan Peman SSI Retwo-Aktif Mwen?

- R. Apre SSA ranbouse depatman sèvis sosyal zòn nan pou asistans pwovizwa ou dwe a, SSA ap voye ba ou yon avi pou eksplike kijan yo pral peye ou nenpòt rès lajan SSI. Si ou gen kesyon konsènan peman SSI ou, oswa si ou gen nenpòt lòt kesyon, ou kapab kontakte biwo SSA ou zòn ou, oswa rele 1-800-772-1213.
- K. Kisa k ap Pase Si Kantite Lajan Premye Peman SSI Retwo-Aktif mwen Pa Ase pou Ranbouse Tout Asistans Pwovizwa Mwen Te Resevwa a?**
- R. Depatman sèvis sosyal zòn nan p ap fè rekouvreman okenn lajan anplis nan Peman SSI ou yo. Depatman sèvis sosyal zòn nan kapab jwenn ranbousman nan SSA sèlman pou asistans pwovizwa nan Peman SSI retwo-aktif ou. Yo pa kapab fè rekouvreman okenn lòt Peman SSI.
- K. Konbyen Tan Otorizasyon Asistans Rambousman Pwovizwa A Dire?**
- R. Otorizasyon an anvigè pou nenpòt aplikasyon SSI oswa pou nenpòt kontestasyon ou genyen ki annatant nan moman ou aplike pou TA. Otorizasyon an ap anvigè pandan 12 mwa k ap kòmanse avèk dat depatman sèvis sosyal zòn nan notifye SSA kòrèkteman avèk yon sistèm elektwonik pou fè konnen yo resevwa otorizasyon an. Men, si ou fè yon kontestasyon nan SSI nan limit tan yo aksepte dapre règleman SSA, otorizasyon an ap rete anvigè, menm apre peryòd 12 mwa a. Otorizasyon an ap fini lè yo pran desizyon nèt pou demann SSI ou; SSA ap peye ou anvan; oswa oumenm ak eta a dakò pou mete yon pwen final nan otorizasyon an. Ou dwe siyen yon novo otorizasyon ki konfòm avèk règ NYS si ou re-aplike pou SSI apre otorizasyon sa a fini, oswa si ou fè yon nouvo demann SSI pandan ou gen yon Aplikasyon SSI oswa yon kontestasyon ki annatant.
- K. Pandan konbyen Tan Otorizasyon Rambousman Asistans Pwovizwa A Anvigè Pou Yon Peman Retwoaktif Apre Kalifikasyon?**
- R. Otorizasyon an ap anvigè pandan 12 mwa k ap kòmanse avèk dat depatman sèvis sosyal zòn nan notifye SSA avèk yon sistèm elektwonik pou fè konnen depatman distri sèvis sosyal zòn nan te resevwa otorizasyon an. Men, si ou mande pou gen yon revizyon administratif oswa yon revizyon jidisyè nan SSI nan limit tan yo aksepte dapre règleman SSA, otorizasyon an ap rete anvigè, menm apre peryòd 12 mwa a. SSA ap fè premye peman SSI apre kalifikasyon an apre yon sispanson oswa yon pwen final nan avantaj SSI ou; oswa SSA ap pran yon desizyon final sou kontestasyon ou; oswa oumenm ak depatman sèvis sosyal zòn nan alafwa dakò pou mete yon final nan otorizasyon an. Ou dwe siyen yon novo otorizasyon ki konfòm avèk règ NYS si ou re-aplike pou SSI apre otorizasyon sa a fini, oswa si ou fè yon nouvo demann SSI pandan ou gen yon Aplikasyon SSI oswa yon kontestasyon ki annatant.
- K. Ki Kote pou Mwen Jwenn Otorizasyon pou Rambousman pou Asistans Pwovizwa?**
- R. Nan depatman sèvis sosyal zòn ou
- K. Kisa K Ap Rive Si Montan Premye Peman Retwoaktif SSI M yo Pa ase Pou Repeye Tout Asistans Pwovizwa Mwen Resevwa a?**
- R. Depatman sèvis sosyal lokal la p ap kolekte okenn lòt lajan anplis nan peman SSI w la. Depatman sèvis sosyal lokal la ka resevwa rambousman asistans pwovizwa sèlman nan men SSA e apatide peman retwoaktif SSI w la. Yo pa ka kolekte apatide okenn lòt peman SSI.
- K. Kisa Mwen Ka Fè Si M Panse Depatman Sèvis Sosyal Lokal la Fè Yon Erè Nan Montan Asistans Pwovizwa Mwen Resevwa a, Oswa Si L Fè Yon Erè Nan Montan Asistans Pwovizwa yo Remèt Mwen An?**
- R. Ou ka mande pou yon odyans san patipri. Se pou w swiv enstriksyon sou odyans san patipri yo ki make nan Liv 1 « Sa Ou Dwe Konnen Sou Dwa W Ak Responsablité W (LDSS-4148A).
- K. Kisa Ki yon Dat Pwoteksyon Pou Anrejistre Pou Benefis SSI?**
- R. Moun k ap aplike ak moun k ap resevwa asistans tanporè (TA) ki aplike pou SSI sou swasant jou apatide lè yo siyen yon aplikasyon TA oswa lè yo siyen yon fòmilè resètifikasyon ka gen dwa a yon « dat pwoteksyon pou anrejistre » ke SSA akòde. SSA ka considere aplikasyon TA a oswa dat resètifikasyon an kòm dat aplikasyon pou SSI a anba règ sou « dat pwoteksyon pou anrejistre » a. Si SSA etabli yon dat pwoteksyon pou anrejistre, sa ka bay yon aplikan SSI jiska de mwa anplis pou SSI.
- 3. Sipò travay – Pwogram ak benefis yo dekri nan seksyon A (Asistans Tanporè), B (Asistans Medikal), C (Lajan Sipò pou Timoun), D (Benefis Koupon pou Achte Manje), E (Éd nan Peryòd Tranzisyon), F (Swen Timoun) ak seksyon H sa a (Lòt Benefis) ka itil anpli si w ap fè gwo jefò finansyèman pou peye pou depans nòmal ou yo, sitou si w ap travay. Epitou, si lajan w ap touche a**

mwenske \$41,646 pa an, (nouvo limit EITC a pou de (2) timoun, marye ap ranpli taks ansam) ou ka vin gen plis lajan pou sipòtè tèt ou/fanmi w, si w ranpli deklarasyon taks sou revni e si w obtensi kredi taks ou kalifye pou yo a.

- Kredi pou kòb ou touche** – Si w ap travay oswa si w te travay ane pase, ou ka jwenn lajan anplis nan men Leta e ou ka jwenn Kredi pou kòb ou touche onivo Federal (EITC). Pou w ka jwenn kredi sa yo, ou dwe ranpli fòm deklarasyon taks sou revni ou epi voye li tounen menmsi ou w pa dwe okenn taks. Pou w obtensi Kredi pou kòb ou touche (EITC) onivo federal (EITC), ou fèt pou ranpli yon deklarasyon federal pou taks sou revni swa lè w itilize fòm 1040 oswa 1040A ak fòm Anèks (EITC) a. (Se sèlman anplwaye ki p ap elve timoun ki ka itilize fòm 1040EZ a pou reklame EIC Federal la.) Pou w obtensi (EITC) Leta a, se pou w ranpli yon deklarasyon taks sou revni onivo Leta ak fòm IT-215 Leta a.

Si w te gen kòb ou touche epi w ranpli deklarasyon taks sou revni onivo Leta ak onivo Federal, ou ka toujou kalifye pou Kredi pou kòb ou touche (EIC) nan men toude, gouvènman leta ak federal. Si w dwe taks sou revni, EIC pral diminye montan taks ou dwe a. Si EIC depase montan taks ke w dwe a, ou pral resevwa diferans lan kòm yon rambousman. Menmsi w pa dwe taks, ou ka resevwa EIC.

Si w kalifye pou EIC e w ta renmen pou yo ba w lajan an ofiramezi pandan tout ane a (peman davans) e w ta renmen resevwa yon montan EIC redwi nan fen ane a, mande pou patwon w lan pou yo yon "W-5" (Sètifikasyon Peman EIC Davans), ranpli l epi remèt li bay patwon w lan.

- Kredi Taks pou Timoun** – Kredi Taks pou Timoun onivo federal ka vo jiska \$1,000 pou chak timoun ki gen mwenske 17 an e ki kalifye.

Leta Nouyòk gen pwòp vèsyon pa l pou Kredi taks pou timoun ki rele Empire State Child Credit. Moun k ap travay yo ka reklame yon kredi ki egal a montan ki pi wo a, swa \$100 miltikiye pa kantite timoun ki kalifye pou Kredi taks pou timoun onivo federal la oswa 33% de Kredi taks pou timoun onivo federal la.

Yon fanmi k ap travay ka reklame toude kredi sa yo anplisde EITC yo.

- EITC pou Paran ki pa gen gad legal timoun yo (NCP) nan Leta Nouyòk** – Kredi pou timoun Leta Nouyòk sa a disponib pou paran ki pagen gad legal timoun si yo satisfè kalifikasyon suivan yo:

- Yo se yon kontribyab ki rezidan nan Leta Nouyòk;
- Yo gen ant 18 an ak 65 an daj;
- Se pou yo paran ki pagen gad legal epi se pou yo gen yon timoun oswa plizyè timoun ki pa abite ak yo;
- Se pou yo gen yon lòd pou peye lajan pou sipò timoun atravè Seksyon Koleksyon pou Sipò nan Leta Nouyòk (New York State Support Collection Unit: SCU) pandan omwen mwatye yon ane; e
- Yo deja peye 100% nan montan aktyèl lajan pou sipò timoun nan ki te dwe peye pandan nenpòt nan ane fiskal kote yo reklame EITC NCP a.

- Kredi pou Timoun ak Swen Depandan** - Kredi pou timoun ak swen depandan onivo federal la se yon benefis fiskal ki ede fanmi yo peye pou swen timoun pou omwen yon timoun ki gen mwenske 13 zan. Epitou, li ka ede fanmi yo peye pou swen yon epou oswa yon adilt depandan ki pa ka okipe tèt li. Kredi a ka vo jiska \$1,050 pou fanmi ki gen yon timoun oswa depandan l ap okipe e jiska \$2,100 pou fanmi ki gen pliske yon timoun oswa depandan l ap okipe.

Kredi pou Timoun ak Swen Depandan Leta Nouyòk la se yon minimòm de 20% ak jiska 110% de kredi federal la, toudepann de montan revni brit ajiste Eta Nouyòk la. Pwogram Asistans pou Enèji pou Kay (Home Energy Assistance Program : HEAP), famm, tibebe ak timoun (WIC), ak Tidejene Lekòl ak Repa Lennch.

- Kredi pou Edikasyon** – Gen de kredi pou edikasyon ke chak elèv ki kalifye ka reklame:

- Kredi *Hope*: Kredi sa a aplike a de premye ane taksab pou edikasyon apre lekòl segondè. \$1,800 se kredi maksimòm pou chak elèv ke yo ka reklame.
- Kredi pou aprantisaj avi (Lifetime Learning Credit): Kredi sa a disponib pou elèv a nenpòt ki moman nan peryòd edikasyon apre lekòl segondè yo. Kredi maksimòm lan se \$2,000 pou chak kay, kèlkeswa kantite elèv ki kalifye nan fanmi an.

- Konekte....nan Benefis mwen yo!**

Nenpòt moun nan Nouyòk ka vizite nouvo sit entènèt la nan, www.myBenefits.ny.gov, pou chèche konnen si yo ka kalifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje, Kredi pou kòb ou touche, kredi pou timoun ak swen depandan, ak pou lòt pwogram ki fèt pou ede moun nan kay k ap travay e ki pa touche anpil lajan, defason pou yo ka gen mwayen pou peye pou depans toulèjou yo. L ap bay enfòmasyon tou sou ki kote ak kouman pou aplike. Yo pral ajoute plis bagay sou sit la regilyèman pou pèmèt yon pwosesis seleksyon pou lòt pwogram.

- Pwogram Asistans pou Enèji pou Kay [Home Energy Assistance Program (HEAP)]** – Pwogram Asistans pou Enèji pou Kay ka ede w ak depans pou chofaj ak lòt sèvis publik epi ak reparasyon ki nesesè pou kèk aparèy chofaj. Ou ka jwenn Asistans pou

Enèji pou Kay si:

- Ou resevwa Asistans Tanporè
- Ou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje
- Salè w ap touche a nan limit ki gen koulye a oswa pi ba limit la
- Ou resevwa Revni Sekirite Anplis (SSI)

OU PA BEZWEN GEN YON IJANS POU CHOFAJ OSWA LÒT SÈVIS POU W JWENN HEAP.

5. **Asistans sou Fòm Sibvansyon pou Chen ki Sèvi Kòm Gid** – Si w ka jwenn (SSI) e w sèvi ak yon chen ki sèvi kòm gid, ou ka jwenn lajan pou ahkte manje pou chen w lan. Si w pa rete **nan Vil Nouyòk**, ou ka aplike pou kòb sa a nan depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou a. Si w rete **nan Vil Nouyòk**, rele oswa vizite Sant Travay ki nan zòn ou a.
6. **LifeLine** – Si salè w ap touche a ba, ou ka jwenn yon sèvis ki bay rabè sou sèvis telefòn ou. Yo rele sèvis sa a LifeLine epi li koute yon tikras anplis pase yon (\$1.00) dola pa mwa. Ou ka jwenn LifeLine si w ap resevwa:
 - Asistans Tanporè
 - Asistans Medikal
 - Benefis Koupon pou Achte Manje
 - Asistans pou Enèji pou Kay
 - Revni Sekirite Anplis (SSI)

Si w bezwen enfòmasyon sou LifeLine, rele konpayi ki ba w sèvis telefòn nan.

7. **WIC** - Pwogram Espesyal pou Manje Anplis pou Fanm, Tibebe ak Timoun (The Special Supplemental Program For Women, Infants and Children) – Si salè w ap touche a ba oswa ou p ap touche anyen, ou assent, w ap bay tibebe tete oswa ou gen timoun ki gen jiska 5 an, epi yon nan danje poutèt move nitrisyon, **Pwogram WIC** la ka ede w. Pwogram WIC ba w enfòmasyon ki itil sou nitrisyon ak sou enpòtans ki genyen pou manje sa ki bon pou lasante. Pwogram WIC la ba w chèk ou ka itilize nan boutik ki patisipe nan pwogram nan pou achte lèt pou tibebe, ji, ze, fwomaj, sereyal, manba, ak pwa sèk ak pwa vèt.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou **Pwogram WIC** la ak kote w ka aplike, rele **1-800-522-5006**.

8. **Antèman** – Depatman sèvis sosyal lokal la bay sèvis antèman lè yon moun k ap resevwa Asistans Tanporè oswa yon lòt moun mouri e moun sa a pa kite okenn lajan oswa pa kite ase lajan asirans ki pou kouvari depans pou antèman, e pagen okenn fanmi, zanmi oswa lòt moun ki responsab oswa ki dispoze pran responsabilite okipe depans pou antèman an. Sikorans sa a aplike sèlmann si limit pou depans antèman an ke depatman sèvis sosyal lokal la tabli a pa depase.

Gendelè, fanmi ak zanmi konn fè aranjman antèman pou yon moun. Moun sa yo ka kalifye pou yo resevwa kék ranbousman, depi yo pa depase limit pou depans antèman ke depatman sèvis sosyal lokal la tabli a.

Yon moun ka fè aplikasyon pou antèman oswa pou ranbousman pou antèman nan divizyon antèman oswa nan divizyon resous ki nan depatman sèvis sosyal lokal la. Kontakte ajans sa a pou w ka konnen kote pou w aplike epi ki kantite tan limit ou genyen pou w aplike.

Piga fè okenn aranjman ak direktè ponp finèb la toutotan ou pa chèche konnen limit konte a tabli sou konbyen kòb pou depanse pou antèman yon moun ki endijan.

9. **Enskripsyón elektè** - Se dwa w pou w obteni yon aplikasyon pou enskripsyón elektè, pou resevwa asistans lè w ap ranpli aplikasyon sa a, e pou w anrejistre aplikasyon sa a pou yo voye l bay konsèy elektoral apwopriye a nan nenpòt biwo gouvènman kap aksepte aplikasyon pou benefis yo dekri nan liv sa a. Si w bezwen plis enfòmasyon rele Konsèy Elektoral Eta a nan nimewo gratis la ki se **1-800-367-8683** oswa nan **1-800-533-8683** (TDD) pou moun ki gen pwoblèm tande.
10. **Benefis Veteran** – Si w te janm nan sèvis Militè Ameriken (ki enkli Gad Nasional [National Guard] oswa Rezèv Militè [Reserves] si Prezidan an te janm deplwaye w pou al fè sèvis aktif), e yo te ranvwaye pou lòt rezon ki pa poutèt kondisyon ki pa onorab, gen yon pakèt benefis ak sèvis sosyal, ekonomik ak vokasyonèl ke w ka gen dwa pou resevwa atravè Depatman Zafè Veteran nan Etazini (US Department of Veterans' Affairs). Men kék nan sèvis yo bay yo, men se pa sa yo sèlman ki genyen:

- | | |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis pou swen sante • Konpansasyon pou sèvis ki gen rapò ak enfimite • Benefis ki pagé sèvis ladan yo ki gen rapò ak enfimite • Benefis pou fanmi ak sivivan | <ul style="list-style-type: none"> • Tretman pou abi sibstans chimik • Benefis edikatif • Reyabilitasyon onivo pwofesyonèl • Sèvis pou chèche travay |
|--|--|

Si w se yon veteran ki « pa touche anpil kòb » e wap resevwa SSI, oswa yo te detèmine ke w gen yon andikap total ak pèmanan, e w te sèvi pandan yon minimòm 90 jou avèk omwen yon jou yon sèvis pandan peryòd lagè, ou ka kalifye pou resevwa yon benefis chak mwa nan men VA a, e benefis sa a ka piplis pase SSI – menmsi andikap ou a pat rive pandan w te nan sèvis militè. Si w gen 65 an oswa w pi gran e w satisfè kondisyon sèvis ki make anlè yo, ou ka kalifye tou menmsi w pa andikape.

Veteran ki gen yon maladi oswa yon domaj ke yo panse ki te rive oswa ki te vin pi mal poutèt sèvis militè dwe fè demach pou kalifye pou benefis Konpansasyon ki gen rapò ak sèvis - menmsi yo te vin dyagnostike kondisyon an dèzane apre – pa egzanp veteran ki te sèvi nan lagè Vyvetnam e ke yo te vin dyagnostike apresa ke yo gen Dyabèt Tip II, kansè pwostat, kansè respiratwa, oswa maladi Hodgkin, pou nou site kèlezen ladan yo.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou benefis ak sèvis ki make anlè yo oswa sou lòt benefis ak sèvis ki disponib, kontakte yon konseye sou benefis veteran federal, onivo leta oswa onivo konte a. Konseye yo disponib pou ede w gratis. Pou w lokalize youn ki toupre w, rele nan **1-888-VETS-NYS (1-888-838-7697)**.

SEKSYON I

MOUN KI ENFIM

- K. Èske Mwen Ka Jwenn Èd Nan Men Biwo Depatman Sèvis Sosyal Lokal La? Si Mwen Enfim e Mwen Paka ale nan Biwo Depatman Sèvis Sosyal Lokal la, oswa Mwen Paka Fè Lòt Bagay Depatman Sèvis Sosyal Ka Vle Mwen Fè?**
- R.** Si w gen yon kondisyon fizik oswa mantal ki limite anpil sa w ka fè, ou ka gen sèten dwa anban Lwa Ameriken ki Enfim (Americans with Disabilities Act) ak anba Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon (Section 504 of the Rehabilitation Act). Men kèk egzanp kondisyon fizik oswa mantal, men se pa kondisyon sa yo sèlman ki genyen:
- Pèt vizyon oswa paka tande ankò;
 - Pa ka deplase fasilman;
 - Gen pwoblèm pou aprann;
 - Retadasyon mantal;
 - Gen antedesan ak dwòg oswa akoutimans ak alkòl;
 - depresyon.
- K. Si Mwen Enfim e Mwen Paka Ale nan Biwo Sèvis Sosyal la, Oswa Mwen Paka Fè sa Depatman Sèvis Sosyal Lokal la Mande M Pou M Fè, Kisa Pou Mwen Fè?**
- R.** Si w pa ka fè yon bagay nou mande w pou fè, nou ka ede w fè l oswa nou ka ede w jwenn yon lòt jan pou swiv règ yo oswa nou ka chanje sa n te mande w fè a. Nou rele sa akomodasyon rezonab. Si w gen yon andikap e w bezwen akomodasyon rezonab ou ka fè n konn sa. Men kèk nan fason nou ka ede yon moun ki gen yon andikap:
- Si w pa ka vini nan biwo nou an, nou ka ba w adrès yon lòt biwo ki pi aksesib, oswa nou ka di w yon lòt fason ke w ka gen aksè a pwogram sèvis sosyal nou yo. Nou ka rele w oswa vin vizite w si w pa ka vini nan biwo nou an.
 - Nou ka di esplike w detay ki nan yon lèt nou voye ba ou.
 - Nou ka ede w devlope yon plan pou jwenn travay ki pèmèt ou travay menmsi w gen yo andikap, oswa nou ka ede w si w paka fè yon bagay ki nan plan w lan.
 - Nou ka ede w fè yon demann pou ale ann apèl si w resevwa yon refi pou benefis, tankou Revni Sekirite Anplis (SSI).
 - Si w bezwen nenpòt lòt kalite èd, fè travayè sosyal ou a konn sa.
- K. Èske Mwen Ka Senpleman Fè Depatman Sèvis Sosyal Lokal la Konnen ke Mwen Bezwèn Èd pou M Jwenn Yon Lòt Fason pou M Swiv Règ pou M Gen Benefis Mwen Bezwèn Yo?**
- R.** Wi. Ou ka fè depatman sèvis sosyal lokal la konnen ke w bezwen èd. Men, èd pou jwenn yon lòt fason pou swiv règ yo (akomodasyon rezonab) se pou moun ki ranpli kondisyon nesesè pou kalifikasyon ADA. Moun sa yo se moun ki gen limitasyon fizik oswa mantal ki anpeche yo fè sèten aktívite. Depatman sèvis sosyal lokal la ka mande yon moun ki fè demann pou akomodasyon rezonab anba ADA, pou l soumet dokiman oswa pou l patisipe nan yon pwosesis seleksyon inisyal ak nan lòt pwosesis evalyasyon pou idantifye andikap ak limitasyon posib pou asire ke yo bay akomodasyon rezonab ak lòt sèvis ki awopriye.
- K. E si Depatman Sèvis Sosyal Lokal la Jwenn Yon Lòt Jan pou M Satisfè Règ Pwogram yo Men Mwen pa Renmen Jan Sa a?**
- R.** Si depatman sèvis sosyal lokal la jwenn yon fason pou w swiv règ yo e pou w jwenn benefis ou bezwen yo (akomodasyon rezonab), men ou pa aksepte fason sa a, yo ka vin detèmine ke w pa kalifye pou pwogram ak benefis ou bezwen yo, oswa ou ka vin resevwa mwens benefis ke w bezwen. Pa egzanp, byenke akoutimans a dwòg se yon andikap dapre ADA, yon distrik sèvis lokal ka pa bay sèvis oswa benefis si yon dwoge oswa alkolik ap fè dwòg ilegalman oswa ap abize alkòl e li refize patisipe nan pwosesis seleksyon obligatwa a pou abi alkòl ak/oswa sibstans chimik. Si depatman sèvis sosyal lokal la detèmine ke w pa kalifye pou pwogram ak benefis ou bezwen yo,

oswa si l deside ke w dwe resevwa mwens benefis, ou va resewva yon avi ki ba w enfòmasyon sou aplikasyon w lan ak sou benefis ou yo e y ap fè w konnen si yo refize oswa diminye benefis ou yo, oswa si dosye w la fèmen.

K. Èske Mwen Pral Kalifye Otomatikman Pou Pwogram Depatman Sèvis Sosyal Lokal yo si Mwen Enfim?

- R. Yo paka refize ba w benefis poutèt ou enfim **sèlman**. Men ou ka pa kalifye pou yon benefis ou vle pou menm rezon yon moun ki pa enfim pa kalifye. Pa egzanp, si lajan w touche a depase limit pwogram nan(yo) ak benefis ou vle yo, ou p ap kalifye.

K. E Si Mwen Pa Dakò ak Desizyon Depatman Sèvis Sosyal Lokal la?

- R. Ou ka mande pou yon odyans san patipri si w pa dakò ak desizyon depatman sèvis sosyal lokal la. Pou mande pou yon odyans san patipri swiv enstriksyon ki make nan seksyon « DWA W YO » nan Liv 1 (LDSS-4148A), (« Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W ak Responsabilite W »), ke w te resevwa menm lè w te resevwa liv sa a.

K. Kisa Mwen Ka Fè Si Yo Diskrimine Kont Mwen?

- R. Li kont lalwa pou Biwo ÈdTanporè ak Enfimite nan Leta Nouyòk (New York State Office of Temporary and Disability Assistance: OTDA), Depatman Lasante (Department of Health: DOH), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Leta Nouyòk (New York State Office of Children and Family Services: OCFS), Depatman Travay Leta Nouyòk (New York State Department of Labor : DOL), oswa depatman sèvis sosyal lokal la, pou yo diskrimine poutèt ras, reliyon, etnisite, eta sivil, enfimite, sèks, orijin natifnatal, kwayans politik oswa laj yon moun.

Si w panse yo diskrimine kont ou, ou dwe swiv enstriksyon ki make nan seksyon « DWA W YO » ki nan Liv 1, (LDSS-4148A) « Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W ak Responsabilite W », ke w resevwa menm lè w resevwa liv sa a.

SEKSYON J

VAKSINASYON

Vaksinasyon redwi, epi nan kèk sikonstans, li elimine anpil maladi ki te konn touye oswa mete tibebe, timoun, ak granmoun nan danje pa woutin. Men, jèm ak mikwòb ki bay maladi ki ka prevni yo ak lanmò egziste toujou epi gen moun **ki pa vaksinen** ki ka trape maladi sa yo. Vaksinasyon se sèl mwayen ki pi enpòtan paran ka pwoteje timoun yo kont maladi timoun ka trape lè yo piti:

- Difteri
- Grip Haemophilus influenza (Flou) tip b (Hib)
- Epatit A
- Epatit B
- Lawoujòl
- Enfeksyon nemokoksik (nemoni)
- Rotavirus
- Papilomaviris imen (HPV)
- Malmouton
- Koklich
- Ribeyòl (Lawoujòl Alman)
- Tetanòs (machwa bloke)
- Varisèl (sarapyon)
- Grip (flou)
- Menenjit serebro-espinal epidemik

SEKSYON K

TRANSFÈ ELEKTWONIK BENEFIS (EBT)

K. Kisa EBT ye?

- R. EBT se Transfè Elektwonik Benefis. Sa vle di fason yo ba w Asistans Tanporè ak/oswa Benefis Koupon pou Achte Manje yo. Avèk Transfè Elektwonik Benefis (EBT) benefisyè yo pral gen kont yo kreye pou Benefis Koupon pou Achte Manje ak/oswa benefis Asistans Tanporè. Yo transfere benefis sa yo elektwonikman nan kont ou(yo) nan dat disponibilite pou benefis ou yo.

K. Kouman Èske Mwen Ka Gen Aksè a Benefis Mwen Yo?

- R. Ou pral resewva yon Kat Idantifikasyon pou Benefis Komen (Common Benefit Identification Card: CBIC) ke w pral itilize pou gen aksè a Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje ak benefis Asistans Medikal ou yo. Ou ka sèvi ak Kat Idantifikasyon pou Benefis Komen an (Common Benefit Identification Card: CBIC) pou w:

- Jwenn lajan kach nan Machin Otomatik Labank (Automated Teller Machines: ATM yo) ki gen foto QUEST la sou li
- Pou achte manje nan nenpòt makèt kote logo QUEST la parèt.
- Pou fè acha ak lajan kach nan kote ki gen EBT k ap patisipe yo
- Jwenn benefis medikal

Ou pral resewva resi pou tout tranzaksyon ou fè ak lajan kach e pou tout tranzaksyon benefis Koupon pou Achte Manje yo. Resi sa yo pral montre montan tranzaksyon an ak balans ki rete nan kont Kach ou a oswa nan kont Benefis Koupon pou Achte Manje w la. Kenbe resi w la pou asire w ke li koresponn ak tranzaksyon w otorize a, e pou ede w kenbe yon kontwòl sou balans kont ou.

K. Kisa yon PIN ye?

- R. PIN vle di Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl (Personal Identification Number: PIN). PIN ou a se yon nimewo 4 chif yo te ba w oswa w te chwazi. PIN ou se tankou yon *siyati elektwonik* li ye epi ou dwe toujou kenbe l an sekèr. **Sonje byen** – si yon moun gen Kat Idantifikasiyon pou Benefis Komen (Common Benefit Identification Card: CBIC) an epi li konnen PIN ou, moun nan ka pran TOUT benefis ou yo. Yo PAP remèt benefis sa yo. Se responsablité PA W pou w kenbe kat ou an sekirite epi pou w kenbe PIN ou an sekèr. Ou ka chanje PIN ou an nenpòt ki lè.

REMAK: Si w bezwen ranplase Kat Idantifikasiyon pou Benefis Komen (CBIC) w la, ou ka kontinye sèvi ak menm Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl (PIN) la.

K. Kijan Mwen Ka Chanje Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl (PIN) mwen an?

R. Ou gen **twa** opsyon:

- Rele Sèvis Kliyan an nan nimewo gratis la ki se **1-888-328-6399**.
- Ale nan depatman sèvis sosyal lokal ou a epi chwazi yon nouvo Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl (PIN).
- Ale sou entènèt sou sitwèb Kont EBT a ki nan www.ebtaccount.jpmorgan.com.

K. Kat CBIC M Nan – Kouman li Mache e Ki Kalite Enfòmasyon Li Gen Ladan L?

- R. Do kat CBIC w la gen yon bann mayetik nwa. Lè w foure kat la oswa lè w pase l nan fant pou pase kat la nan ATM oswa nan aparèy pwen-de-vant kay yon komèsan, machin nan "li" enfòmasyon ki kote nan bann kat la, ki limenm vin inisyé yon tranzaksyon ak benefis Koupon pou Achte Manje w la oswa kont Kach ou. Fòk ou antre PIN ou pou konplete yon tranzaksyon. Nan do kat ou a, gen yon nimewo pou Sèvis Kliyan EBT ladan l, ki se **(1-888-328-6399)**. Sou devan kat la, gen non w, nimewo kat ou ki gen 19 chif, dat nesans, Nimewo Idantifikasiyon Kliyan w (CIN) e li ka gen foto w tou.

K. Kilè pou M Kontakte Travayè Sosyal Mwen an Konsènan Benefis Mwen yo?

R. Ou dwe kontakte travayè sosyal nan depatman sèvis sosyal lokal la k ap travay sou dosye w la konsènan kesyon oswa pwoblèm suivan yo:

- Kesyon sou Benefis Koupon pou Achte Manje ke mwen kalifye pou yo, ki enkli montan benefis yo ak kantite fwa map resevwa benefis yo.
- Pou rapòte chanjman nan sikostans ou ki ka afekte benefis ou yo.
- Pou ranplase Kat Idantifikasiyon pou Benefis Komen (Common Benefit Identification Card: CBIC) si w pèdi l, si l domaje oswa yo volè l, (apre w fin rele Depatman Sèvis Kliyan).
- Kesyon sou yon Reprezantan Otorize (yon moun apade oumenm ki ka gen aksè a Benefis Koupon pou Achte Manje yo avèk pèmisyon w).

K. Èske Se Pou Mwen Itilize Benefis Mwen yo Yon grenn Kou?

- R. Non, benefis ki nan kont Kach ou ak nan kont Benefis Koupon pou Achte Manje w la ka transfere de yon mwa a yon lòt mwa. Sepandan, si w pa sèvi ak kont Kach ou a pou yon peryòd de 90 jou konsekitif (youn dèyè lòt), kèlkeswa benefis lajan kach ki nan kont ou e ki la depi 90 jou oswa plis, yo pral retire l epi y ap voye l tounen bay ajans lan. Ou ka mande travayè sosyal kap travay sou dosye w la pou l remete benefis lajan kach yo te retire yo e ke w kalifye pou yo a. Si w pa itilize kont Benefis Koupon pou Achte Manje w la pou yon peryòd de 365 jou konsekitif (youn dèyè lòt), nenpòt benefis ki sou kont sa a ki la depi 365 jou oswa pandan pi lontan, yo pral retire yo e yo p ap remete yo.

K. Èske Gen Frè Pou M Peye Pou Mwen Itilize Kat Idantifikasiyon pou Benefis Komen (CBIC) m nan?

- R. Ou ka itilize kat ou a nan yon aparèy pwen-de-vant (POS) ki nan yon magazén ki patisipe nan pwogram QUEST la, pou w fè acha sou kont lajan Kach ak Koupon pou Achte Manje w la, gratis. Gen kèk magazén ak komèsan ki patisipe nan pwogram EBT a ki ka pèmèt kliyan yo obteni lajan kach de kont Kach yo a. Mande magazén an pou l baw detay sou règleman l genyen an sou bay lajan kach. Si wap pran lajan kach nan yon machin ATM, ou ka retire lajan an 2 fwa pandan chak mwa san ou pa peye yon frè pou tranzaksyon an. Apre 2 premye itilizasyon gratis yo, yo pral retire 50 santim pou frè tranzaksyon ke yo pral retire sou kont lajan Kach ou a, achak fwa ou itilize yon machin ATM pou retire lajan kach pou rès mwa a. Anplisdes, gen sèten machin ATM ki chaje yon frè adisyonèl pou chak tranzaksyon lè yo fè yon retrè lajan kach. Frè y ap chaje pou sèvi ak

machin ATM nan sipoze afiche klèman. Pou lokalize machin ATM ki pa chaje frè adisyonèl nan zòn bò lakay ou a, ou ka rele Sèvis Lokalizasyon EBT a (EBT Locator Service) nan nimewo pou apèl gratis la ki se **1-800-289-6739**.

Yo p ap Janm Chaje w pou Gen Aksè a Benefis Koupon pou Achte Manje w yo Oswa Benefis Medikal ou yo Lè w Sèvi ak Kat Idantifikasyon pou Benefis Komen (CBIC) w la.

K. Èske M Ap Kapab Pran Monnen Kach Nan Kont Koupon pou Achte Manje m Man?

R. Non, ou ka sèvi ak Benefis Koupon pou Achte Manje a pou achte manje nan magazen ki patisipe nan pwogram yo sèlman. Yo p ap bay okenn lajan kach pou tranzaksyon ki fèt sou yon kont Koupon pou Achte Manje.

K. Kisa Sèvis Kliyan Transfè Elektwonik Benefis (EBT) a ye? E Ki Kalite Enfòmasyon yo ka Ede M ak Li?

R. Ou ka rele Sèvis Kliyan nan nimewo pou apèl gratis la ki se 1-888-328-6399, ki disponib 24 è sou 24, 7 jou sou 7, oswa kontakte Sèvis Kliyan an sou entènèt nan www.ebtaccount.jpmorgan.com si w gen kesyon sou benefis EBT w yo. Efektif le 15 out 2007, nimewo Sèvis Kliyan EBT a (**1-888-328-6399**) p ap aksepte apèl ki soti nan telefòn publik. Moun ki enfim ka sèvi ak nimewo sant relè sa yo: Itilzatè TTY yo **1-800-662-1220**; Moun ki pa itilize TTY yo **1-800-421-1220**; ak moun ki itilize VCO yo **1-877-826-6977**. Pitò nan kesyon ak repons ki pi ba yo reprezante egzanp sou kouman Sèvis Kliyan ka ede w.

K. Kisa pou M Fè si yo Vòlè, si Mwen Pèdi oswa si Kat Idantifikasyon pou Benefis Komen (CBIC) m lan pa Mache?

R. Rele Sèvis Kliyan EBT a san pèdi tan nan **1-888-328-6399** lè sa a yo va anile kat ki pèdi a oswa ke yo vòlè a. Sa va anpeche yon lòt moun sèvi ak kat sa a. Pou ranplase kat ou a se pou w kontakte depatman sèvis sosyal lokal ou a. Sèvis Kliyan EBT a paka ranplase kat la pou ou.

K. Kouman Èske Mwen Ka Chèche Konnen Konbyen Kòb Kach Oswa Benefis Koupon pou Achte Manje Mwen gen Nan Kont Mwen yo? Kòman èske Mwen ka chèche Konnen Ki Kote ak Kilè Mwen Depanse Benefis Mwen yo?

R. Rele Sèvis Kliyan an nan nimewo pou apèl gratis la ki se **1-888-328-6399** e Divizyon Repons Otomatize a (Automated Response Unit: ARU) a pral reponn kesyon w yo sou tranzaksyon ak balans nan kont ou yo.

Lè w ap sèvi ak Divizyon Repons Otomatize a (ARU), prepare w pou w bay nimewo 19 chif ou jwenn devan Kat Idantifikasyon pou Benefis Komen an (CBIC). Ou ka jwenn enfòmasyon sa a tou sou entènèt nan adrès sa a, www.ebtaccount.jpmorgan.com.

K. Kisa pou M Fè Si m Panse ke Balans Kont Lan pa Kòrèk sou Dènye Resi a?

R. Kontakte Sèvis Kliyan epi konpare dènye resi ou resevwa yo ak enfòmasyon yo te ba w sou dosye kont ou a.

Nenpòt diferans ou konstate ant dosye kont lan ak resi w yo, ou fèt pou rapòte yo bay yon reprezantan Sèvis Kliyan nan **1-888-328-6399** pou yo mennen envestigasyon sou reklamasyon an. Pou reklamasyon ki konsène kont Benefis Koupon pou Achte Manje, yo pral mennen envestigasyon e yo pral rezoud reklamasyon an sou 10 jou ouvrab apatide dat ou anrejistre reklamasyon an avèk Sèvis Kliyan an.

Y ap ba w yon nimewo pou revandikasyon ou lan. Pa bliye ekri nimew reklamasyon an paske ou pral bezwen I lè w rele Sèvis Kliyan an pou verifye sou pwogrè reklamasyon w lan.

REMAK: Yon envestigasyon sou reklamasyon pou yon kont Kach ka pran jiska 30 jou apatide dat ke w fè rapò a bay Sèvis Kliyan EBT a, pou rezoud. Pou toude, ni kont Kach la ni kont Benefis Koupon pou Achte Manje a, Sèvis Kliyan EBT a ka anrejistre yon reklamasyon depi w rapòte I sou 90 jou apatide dat tranzaksyon kont lan ke w vle envestige a.

K. Èske Mwen Ka Jwenn yon Enfòmasyon Ekri sou Kont Mwen an?

R. Wi, Sèvis Kliyan an pral ba w enfòmasyon sou dis sènye tranzaksyon ki sou swa kont Kach ou a oswa kont Benefis Koupon pou Achte Manje w la oswa ou ka mande tou pou yon Reprezantan Sèvis Kliyan voye pa lapòs, lakay ou, yon rapò sou tranzaksyon ki fèt pandan de dènye mwa yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sa a tou sou entènèt nan adrès sa a, www.ebtaccount.jpmorgan.com.

K. Kòman Èske Mwen Ka Lokalize ATM ak Aparèy Pwen-de-Vant (POS) Komèsan yo ki pa Chaje Frè Adisyonèl pou Fè Retrè Lajan Kach?

R. Ou ka Rele Sèvis Lokalizasyon EBT (EBT Locator Service) la nan nimewo pou apèl gratis la ki se **1-800-289-6739**. Ou ka jwenn enfòmasyon sa a tou nan biwo depatman sèvis sosyal lokal la, oswa sou entènèt nan <http://www.otda.state.ny.us/ebt/zips>.

K. Kisa yon « Ajisteman Komèsan » ye?

- R. Lè w achte manje ak kont Benefis Koupon pou Achte Manje w la, men gen yon erè ki fèt nan òdinatè a e yo pa chaje kont ou, magazen an ka mande Sèvis Kliyan an pou l mennen yon envestigasyon sou reklamasyon yo a. Si envestigasyon an revele ke magazen an pat touche sou kont ou a, yo pral chaje kont ou pou peye magazen an pou manje w achte a. Lè yon komèsan mande pou yo fè yon ajisteman komèsan, yo pral voye yon avi ba ou pou enfòme w de demann nan.
- K. **Èske Leta ka Fè yon Ajisteman sou Kont Lajan Kach Mwen an Ak/Oswa sou Kont Benefis Koupon pou Achte Manje m Nan?**
- R. Si, yo fè yon erè epi yo mete plis benefis pase sa w ta dwe genyen an sou kont ou a, Eta a ka ajiste kont ou a pou korije sitiyasyon an.
- K. **Èske Mwen ka Kontinye Gen Aksè Nan Kont Mwen an(yo) si Dosye m nan Fèmen?**
- R. Wi, kat ou an ap toujou bon pou w ka sèvi avèk li pou kont ou yo toutotan gen benefis ki rete sou kont sa yo.
- K. **Si Mwen Gen Koupon Papye Koupon pou Achte Manje ki Rete M, Èske Magazén yo ka Onore yo Toujou?**
- R. Apre 17 jen 2009, magazén yo pap aksepte koupon papye Koupon pou Achte Manje ankò. Si w gen koupon papye nan men w, se pou pran ranbousman pou yo nan yon komèsan ki patisipe nan pwogram Koupon pou Achte Manje a, anvan dat sa a.